КIуэкIуэ Джэмал-дин и махуэ 3

Гъэсашэ Наталье и макъ дахэр 4

Палестинхэм я джакIуэ Деруиш Мыхьмудрэ Тыркум щыщ адыгэ усакIуэ Хьэтхъуэ Яшаррэ 5

Тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, псалъэзэблэдз 6

Зыми емыщхь Гъащтэ Абдул 7



Мурат Чэпай и гукъэкIыжхэр 8

● Абы дегъэпIейтей

ЛъэныкъуитIри зэдэарэзыуэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ Налшык дэт Гидрометзаводым и лэжьыгъэм епха Iуэхухэм теухуа зэIущIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ «Вольфрам» компание» ЗАО-м и унафэщI нэхъыщхьэ Горбачев Михаилрэ Iэ щIадзащ заводыр къалэм зэрыдахынум, апхуэдэуи бгым къыщIаххэм елэжь IэнатIэр къыззрызэрагъэпэщыжынум теухуа зэгурыIуэныгъэм.

- Ди зэгурыIуэныгъэм и лъабжьэр Гидрометзаводыр Налшык дэхынырщ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Ар ди республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ, абы пэгунэгъуу псэу цIыхухэр я гъащIэмрэ узыншагъэмкIэ шынагъуэ Iэрыщыщэм илъэси 10 хъуауэ зэригъэпIейтейр къэплъыкэнэ. «Вольфрам» компание» ЗАО-м и унафэщIхэм дакъыгурыIуащ икIи арэзы кыддэхъуащ заводыр къалэм дэхьн зэрыхуеймкIэ. ЗэгурыIуэныгъэм къыззрыщыгъэлъэгъуамкIэ, щIэуэ ящынум и проектыр мы илъэсым ягъэхьэзырынущ, 2016 гъэм яухуэн щIадзэнущ, 2018 гъэм и кIэм ар хьэзыр хъун хуейщ.

Республикэм и Iэтащхьэр кIэщIу къытеувыIащ зэгурыIуэныгъэм хэту адэкIэ ялэжьыну нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. Апхуэдэу Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым бгым къыщIаххэм щелэжь IэнатIэ къыщыззэрагъэпэщыну я мурадщ.

- «Вольфрам» компание» ЗАО-р илъэси 10-м нэблагъэуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ, абы и лэжьыгъэм адэкIи республикэм щыпытщэнущ. ЗэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхуэм тхуэмыгъэззщIэн яхэтхым, ауэ абы папщIэ ди компанием къыдэлэжьэну дыщогъуэ щыIэпIэм щыщ IэщIагъэлIхэр, - жиIащ Горбачев Михаил.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщащ заводыр ди республикэм щылэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы къыщыщIагъэкIым къэралым щIэупщIэ зэрыщIэр.

ЩХЬэЩэМЫЩI Изэ.

Мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьыным сом мелуан 220-рэ хухах

УФ-м и Правительствэм къыдигъэкIа унафэмкIэ къиштащ Iэщ гъэхъуным, гъавэр гъэкIыным, мэкъумэш продукцэм елэжь предприятэхэр ухуэным, лышхуэ зыщI Iэщ лIэужьыгъуэхэр щаIыгъыну псэуалъэхэр щIыным трагъэкIуэдэн папщIэ къащта кредитхэм процентктIэ щхьэщатыкI ахъшэм щыщ Iыхьэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу хуапшыныжьын папщIэ къэралым щIыналъэхэм яхуиутIыпщ ахъшэр зыхуэдизыр. Абы ипкъ иткIэ 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сом мелуан 220-м щIигъу къыIэрыхьэнущ.

А Iуэхугъуэм теухуа зыхуэфащэ зэгурыIуэныгъэм УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ дызыкъуэкIуэ мазэм Iэ щIадзынущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Офицер зэхьхьэ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУэ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№35-36 (22.944) ● 2015 гъэм мазаем (февралым) и 28, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЩыIэщ апхуэдэ IэщIагъэ

Налшык и КъэфапIэ пэшым офицер бал щрагъэкIуэкIащ. Абы хэтащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, къалэм и жылагъуэм и лIыкIуэхэр, щIалэгъуалэр, сабий уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэр.

ЗЭХЫХЬЭР къызэIуихащ Зауэм, Лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъуэ IэнатIэхэм я ветеранхэм я къалэ Советым и унафэщI Абдулаев Мустэфа. Ар къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ. «ЦыIэщ мыпхуэдэ IэщIапIуэ - Хэкур хъумэн. Нобэ мыбдеж щызэхуэсащ ныбжьыщIэхэри, 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэтахэри, тылым щылэжьахэри. Нэхъыжьхэрщ дэ ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьар. Абыхэм я пщIэр зэи хаутакъым. Ар зэи зыщывмигъэгъупщэ! Фэращ псори зи фЫщIэр, ветеранхэ!» - захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм.

ИужькIэ псори зыхэта офицер балым щIидзащ.

Мыпхуэдэ Iуэху илъэс ещанэ хъуауэ гъэ къэс щыхьэрым и администрацэм щэнхабзэмкIэ и хуэдамэм ирегъэкIуэкI Ветеранэм я къалэ советым и гъусэу. Иджырейр ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум зэрызыхуагъэхьэзырым щыщ зы Iуэхущ.

ЦЕКЪУ ПIатI.

Мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьыным сом мелуан 220-рэ хухах

УФ-м и Правительствэм къыдигъэкIа унафэмкIэ къиштащ Iэщ гъэхъуным, гъавэр гъэкIыным, мэкъумэш продукцэм елэжь предприятэхэр ухуэным, лышхуэ зыщI Iэщ лIэужьыгъуэхэр щаIыгъыну псэуалъэхэр щIыным трагъэкIуэдэн папщIэ къащта кредитхэм процентктIэ щхьэщатыкI ахъшэм щыщ Iыхьэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу хуапшыныжьын папщIэ къэралым щIыналъэхэм яхуиутIыпщ ахъшэр зыхуэдизыр. Абы ипкъ иткIэ 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сом мелуан 220-м щIигъу къыIэрыхьэнущ.

А Iуэхугъуэм теухуа зыхуэфащэ зэгурыIуэныгъэм УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ дызыкъуэкIуэ мазэм Iэ щIадзынущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Аруан щIыналъэ

УхуакIуэхэр бэлэрыгъыркъым

Аруан районым и ухуакIуэхэм илъэс блэкIар куп-щIафIэу кърахьэлIащ.

ЩIыпIэ самоуправленэм и Советым и зэхуэсым къызэрыщыхагъэщамкIэ, зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэмкIэ щыналъэр республикэм щынэхъыфIхэм хабжащ.

Къапщтэмэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ Къэхъун пъэнкIий идзыпIэ зэрыщащIам. Абы нобэкIэ къуажищым я кIэрыхубжьэрыухэр кърашэлIэнущ. Апхуэдэ щIыпIэхэр адрей жылагъуэхэми къыщызэIуахыну я мурадщ. КъищынэмыщIауэ, щIыпIэ бюджетым и къарукIэ лэжьыгъэ пыуухыкIэхэр щрагъэкIуэкIащ районым курыт еджапIэу итым.

Федеральнэ, республикэ бюджетхэм къахэкIа ахъшэмкIэ апхуэдэу зыхуей хуагъэзащ Iуэхущ Iапт Iэу 10. Абыхэм ящыщщ Нарткъалэ дэт «Химик» стадионыр, «Планета» кино гъэлъэгъуапIэр, Джэрмэншык, Къэхъун, Аруан къуажахэм дэт курыт школхэм я спортзалхэр.

Мини-футбол щыджэгну губгъуэхэр щаухуащ Псынабэ, Старэ Шэрэдж, Аруан, Псыгуэнсу. Нарткъалэ мы зэманым щаухуэ физическэ щэнхабзэмрэ уэншагъэмкIэ Iуэхущ Iапт Iэ.

Чернэ Речкэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм хэт спортзалыр зыхуей хуагъэзащ. Медицинэ IэнатIэу 4 жылагъуэ щхьэхуэхэм къыщыкIэуахащ. Абыхэм къадэкIуэу къуажи 10-м щыпсэу сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ спорт утхэмкIэ ягъэгуфIащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Ди къуэш республикэхэм

Адыгэ фащэ, къафэ, хьэгъуэлIыгъуэ

АДЫГЕЙ. **«Лагъуэ-НакIэ. Адыгейм щыпсэу лъэпкъхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр» ялэ этнофестиваль Мейкъуапэ районым щекIуэкIащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм нэхъыщхьэу ар зыхуаунэтIар илъэсым и сыт хуэдэ лъэхъэнэми я бжэхэр хьэщIэхэм щыхуэзIуха Адыгейм турист нэхъыбэ къешэлIэныр щI.**

- НОБЭ туризмэм мыхьэнэшхуэ иIэщ щыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, къадекIуэкI хабзэр, я ерыскъыхэкIхэр щыхуэхэм къащIэныжьмкIэ. Мыпхуэдэ фестивалхэр едгъэкIуэкIкIэрэ, лъахэм къакIуэ туристхэр нэхъыбэм щыгуазэ тщIыну ди мурадщ, - жиIащ АР-м Туризмэмрэ курортхэмкIэ и комитетым и унафэщI Къалашэ Инвер.

Фестивалым лъэпкъ фащэхэр щагъэлъэгъуащ, къызэхуэсахэм кавказ ерыскъыхэкIхэр зыIуагъэхуэну, хьэпшып цыкIуфэкIухэр къащэхуну, макъамэ дахэ едэIуэну, къафэхэм елпIыну Iэмал ягъуэщ. Псори зытхьэкъуар адыгэ хьэгъуэлIыгъуэрт, абы пыщIа хабзэрт. Лъэпкъ театрым и актерхэр ящIыгъуу ахэр ягъэлъэгъуащ МГТУ-м и студентхэм.

ЗыплъыхьакIуэ нэхъыбэкIэ щогугъ

АБХЪАЗ. **Республикэм узэрихьэ визэхэм я уасэр ягъэмэщIэну я мурадщ икIи Абхъазым зыплъыхьакIуэ къакIуэ туристхэм ахэр яIэрыхьэныр нэхъ тынш щащIынущ.**

СОЧЭ и олимп ухуэныгъэхэр зэзыгъэлъагъуну гукъыдэж зиIэ туристхэр куэдщ. Дызыхьыхьа илъэсым Китайм щыщ цIыху мелуанрэ ныкъуэрэ зыплъыхьакIуэ къэкIуэнущ. Абыхэм Абхъазым кIуэну гукъыдэж яIэну щогугъ. Турист нэхъыбэ кърашэлIэн папщIэ а республикэм и властхэр визэхэр нэхъ псынщIэу ятыным, я уасэр ягъэмэщIэным хуплъэ. Иджыпстукъ махуипщI визэр доллари 10, махуэ 30-р доллар 20 и уасэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ТекIуэныгъэ Иным хуэгъэпса

Жылагъуэ Iуэхум игъэпIейтей жэрдэмкIакIуэ гуп зэхьхьэри, «Имена Победы» сайтыр (imenapobedy.ru) Интернетым къыщызэрагъэпэщащ. Дэтхэнэми абы ирилъхьэфынущ Хэку зауэшхуэм хэтауэ ицIыхухэм - и благъэ-Iыхьлыми, и гъунэгъуми, адрейхэми - ятеухуа хъыбар.

«ТхыдЭм и дэтхэнэ напэкIуэцIри, и сыт хуэдэ Iуэхугъуэри, абы къыхэна цIэхэри уасэ зимыIэщ. Ди къалэнщ икIи ди мурадщ ахэр тхъумэну», - жаIэ проектыр къызэзыгъэпэщахэм.

«ТекIуэныгъэм и галереем» ифлъхьэ хъунущ Хэку зауэшхуэм теухуа Iуэхугъуэ къызыхэщ сыт хуэдэ тхыгъи: фи благъэIыхьлыхэм, зи хъыбар зэхэфхахэм я лIыхъужьыгъэр къызыхэщ рассказхэр, зауэм щыIахэм къаIуэтэжахэр, дэфтэрхэр, суратхэр, письмохэр.

ГъУЭТ Синэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 28, щэбэт

♦**Куэдрэ узримыхьэлIэ узыфэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦УсакIуэ-узэрэдус цIэрыIуэ **Къанкъул ФIыщIэ** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Созэ Абдулчэрим** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, Гу узыфэхэм щеIэзэ республикэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Щэрдан Нодар** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Узрэджыакъуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Уэтэр МуIэед** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъМУ-м и ректору щыта, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Жэрыкъуэ Борис** къызэралъхурэ илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 1, *тхьэмахуэ*

♦**Граждан зыхъумэжыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Сабий телевиденэмрэ радиомрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и МВД-м и эксперткриминалистым и махуэщ**

♦**Франджым щагъэлъапIэ Анэшхуэхэм я махуэр**

♦**Босниемрэ Герцеговинэмрэ щагъэлъапIэ я щхьэхуитыныгъэм и махуэр.** 1992 гъэм мазаем и 28-м а къэралым щекIуэкIащ референдум икIи федеративнэ республикэм и цIыхубэр и телъхьэ хъуащ Югославием къыгуэкIыным.

♦Нострадамус къэхъунукъэщIэнхэм ятеухуа и япэ тхылъыр 1555 гъэм къыдэкIащ.

♦2008 гъэм гъатхэпэм и 1-м Урысейм и картэм къихутащ щыналъэщIэ - Забайкальскэ крайр. Чита и къалащхьэу ар хыхьащ Сыбыр федеральнэ округым.

♦Фильмищэм щIигъум щыщджэгуа совет актёр щIэрыIуэ, Украинэм и цIыхубэ артист **Брондуков Борислав** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 7, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 2, *блыщхьэ*

♦**УФ-м щагъэлъапIэ Театр кассиры и махуэр**. 2009 гъэм апхуэдэ жэрдэм къыщыхалъхьауэ щытащ Санкт-Петербург дэт «Приют комедианта» хэгъэ драмэ театрым икIи абы лъандэрэ а махуэр гъуэгуджэм и лэжьакIуэхэм ягъэлъапIэ.

♦1911 гъэм Пятницкэм и хорыр ялэу утыку кьихьащ.

♦Грозный Иванрэ Гуащэнэрэ (Мариерэ) я **къуэ Василий** къызэралъхурэ илъэс 452-рэ ирокъу.

♦Урыс усакIуэ **Баратынский Евгений** къызэралъхурэ илъэс 215-рэ ирокъу.

♦Тхыдэдж, Кавказым и этнограф, адыгэхэм ятетхьхьа **Люлье Леонтий** къызэралъхурэ илъэс 210-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Андырхъуей Хъусен** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 7, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьазырар **ЖЬэКIэМЫХУ Маринэщ.**

● Хъыбар гуапэ

НыбжьыщIэ гуащIафIэ

УФ-м и ХэхакIуэ Комиссэ нэхъыщхьэм и нэIэм щIэту къызэрагъэпэща интернет-олимпиадэм и кIэух зэпеуэхэр екIуэкIащ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, абы бжьыпэр щызыIубыдахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр зыхъумэхэри. Ар Налшык дэт курыт еджапIэ №9-м щеджэ Соколов Глебщ.

ХЭХЫНЫГъЭ мардэхэм ятеухуа зэхьэзэхуэм и лауреатхэм хабжа щIалэр сыт хуэдэ жылагъуэ лэжьыгъэми жыджэру зэрыхэтыным хущIокъу. ЦIыхубэ гъащIэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм, зэхъуэкIыныгъэхэм дихьэхыу иджыпсту щыщIэдзауэ зи зэфIэкI зыгъэлъагъуэ ныбжьыщIэ зэчиифIэм адэкIэ зегъэхьэзыр Бауманым и цIэр зезыхьэ МГТУ-м щIэтIысхьэну, гуращэ зыхуищIа Iуэхур къызэрехьэлIэнуми шэч къытрихьэркъым. Езыр зэрелъымкIэ, щIэныгъэм жылагъуэ Iуэхур зэран къыхуэхъунукъым, ди цIыхубэ гъащIэм нэхъ гъунэгъу ухуищIын мыхъумэ.

Урысейпсо интернет-олимпиадэм и лауреат зэрыхъуам и щхьэзэту Соколов Глеб къыхуагъэфэща дафтэрыр мы махуэхэм Налшык къалэ администрацэм къыщратыжащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Куэдым йофIэкI

Налшык и «Аква-Кристалл» ООО-мрэ «Жако» IэфIыкIэ фабрикэмрэ Москва щекIуэкIа дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм гулъытэ къыщыхуащIащ.

«АКВА-КРИСТАЛЛ» Iуэхущ Iапт Iэм дыщэ медалыр къыхуагъэфэщащ «Къурш мыл» фIэщыгъэм щIэту къыщIигъэкI нартсанэ псым и кьабзагъымрэ сэбэпынагъымрэ папщIэ. Фигу къэдгъэкIыжынщ иужьрей илъэс зэкIэлъыкIуэхэм мы ООО-р дунейпсо выставкэ зыбжанэм ехъуIэныгъэкIэ зэрыхэтар: Сочэ, Берлин («Тхьэмахуэ щхьэантIэ-2012»), Москва («Дыщафэ бжьыхьэ-2014»).

«Жако» фабрикэм Росстандартым и медалыр къыхуагъэфэщащ. Бжьыпэр иубыдащ куэдым ягу ирихь «Танцующая пара» кIэнфет лIэужьыгъуэм. КъыхэгъэщIапхъэщ мы фабрикэм гъэлъэгъуэныгъэм щигъэкъэзыра пIланэпэм цIыху куэд дыдэ къызэрекIуэлIар.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

МэжэщIалIагъэм къэрабгъэри лыхъужь ещI.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я мыхьэнэр

● Коллегие

Кlурашын Анзор

Ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ іэухуэщіапІэхэм ядэлажьэныжь лъэпкъ Іуэхуэмкіэ и управленэм щекіуэкіа зэІуцІэр теухуауэ щытащ блэкіа илъэсым зэфІэгъэкІамрэ 2015 гъэм зэлэжьыну и мурадхэмрэ.

УПРАВЛЕНЭМ и унафэщі **Кlурашын Анзор** къыщыпсалъэм жиІащ мыпхъу кьегъэщІыным пымыщіа зэгухьэныгъэхэм (НКО) къэралым субсидие зэрыхуихьр. Апхуэдэу 2014 гъэм зэгухьэныгъэ 59-рэ зэхьэзэхуэм хэтати, 43-р пхыІащ икІи псори зэхэту сом мелуан 11-рэ мин 528-рэ ираташ.

- Мыпхъу кьегъэщІыным пымыщіа зэгухьэныгъэхэм ахъшэкІэ зэрызыщІагъакъуэм кьэрикІуащ псэухэм ехьэлІауэ цІыхухэм хуащІэ Іуэхутхъэбзэхэр зэрефІэкІуар. Апхуэдэу 2014 гъэм зэгухьэныгъэхэр иужь итащ цІыху ныкъуэдыкъуэхэр іуащІэм жьыджэру хэгъэтыным, программэм и лейуэ ирагъэгъуэт щІэныгъэм зегъэужьыным, щІэныгъэ-техникэ, художественнэ творчествэм зегъэубгъуным, лъэпкъ, дин зэдалэжьныгъэр егъэфІэкІуэным, - жиІащ Кlурашыным. - Нэгъабэ ягъэуубгъуэ сидие еттауэ аращ лъэпкъ зэпІэзэрытныгъэр, зэныбжьэгъугъэр, мамырыгъэр республикэм ікъыщізэгъэпэщыным хэлІыдІыхь зэгухьэныгъэхэм. Ар зыІылъэр лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр хъуэмыным, щэнхабзэм зегъужьыным, лъэпкъ зэдалэжьныгъэр къызэгъэпэщыным иужь ит жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрщ.

Кlурашыным кьыхиГъащащ зи унафэщІ управленэр кьалэ, район администрацэхэм зэрадэлажьэри. Апхуэдэу нэгъабэ щІыпІэ administрацэхэм я деж щыІэ жылагъуэ советхэр зыхэт зэхьэзэхуэ ирагъэкІащ, Іуплъкъэр щымыІэІэным хуэунэтІауэ гъжьыгъэр хэзэ зэрызэрагъэпэщым теухуауэ. Текіуаэхэр щыіхь тхьылъэмрэ саугъэтхэмкІэ ягъэлъэпІащ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэмрэ абыхэм хэтхэмрэ Іуэхур тэмэму кьызэрагъэпэщу, зэрахьэу пэрытын щхьэкІэ республикэм семинар зыбжанэ щекіуэкіащ. Абы хэтащ НКО 50-м нэблагъэм я лІыкІуэхэр.

Управленэр зэлэжь унэтІныныгъэ нэхъыщІхьэхэм ящыщщ хамэ къэрал щыхэзгъэ ди лъэпкъэгъуэхэм пыщІэныгъэ хуаІэныжрэ хэкум къэзгъэзэжахэр мыбы щекіуэкІ гъащІэм хэсыхьыжьныжкІэ ядэІэпыкъуныжрэ. Кlурашын Анзор зэрыжиІамкІэ, а Іуэхум гулыитэ хэа хуащІ республикэ унафэщІхэмри, щІыпІэ administрацэхэм я Іэтащхьэхэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэми.

- 2015 гъэм и ягъэ мазэм къызэрапщытамкІэ, ди республикэм щопсэу репатриант 2500-рэ, абыхэм ящыщу 800-р Сирием къикІыжа ди къуэшхэрщ, - къыпищащ адэжІэ Кlурашыным. - СХА-м щыщ ди лъэпкъэгъуэгъэ ди гъащІэм хэсхьыжьыжьмэ, я щІэблэр егъэджэным, унэхэр къахуэщхъуным кьызэщІэгъэуІуауэ йолэжь республикэ унафэщІхэри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри. Апхуэдэу 2014 гъэм Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныжь лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ и управленэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Іэпхъэщапхъэ Іуэхуэхмкіэ федеральнэ кьулыкъущіапІэм и управленэу КЪБР-м щыІэр зэгъусэу кьэІэпхъэжахэм ядэІэпыкъуащ и дэфтэрхэр зыхуэІ хуэзэу зэгъэпэщыныжкІэ, жылэхэм унэхэр кьащхьэщэхуныжкІэ. ДАХ-м хъыбар кьызэрыщІэгъащІамкІэ, унагъуэ 54-р взыхэм я лъапсэхэм Іэпхъэжащ, я унэ уасэхэри ятащ, зи закъуэ цІыхуи 8-м дэтхэнэми сом мин 150-рэ ираташ. «Тэрч» санаторэм иджыри унагъуэ 15 щІэсщ. Хэкум къэІэпхъэжа ди къуэшхэм «Амра» лъэпкъ фондым кьыхуэзгъэпэщащ урысыбзэ щызэрагъащІэ курсхэр. Мазищым кьриуфыдзу кьэзралыбзэр зэрагъэщІащ цІыху 87-м, ахэр урысыбзэкІэ еджэф, тхэф, псэлъэф хъуащ.

Кlурашыным кьызэрыкІуэщамкІэ, Сирием щищу си адэжь щІыналъэ къэзыгъэзэжахэм я сабии 171-рэ республикэ школхэм макІуэ, студенти 151-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щоджэ. Аэр нэхъ тынщу республикэм щеджэн, щыпсэун папщІэ зэІуцІэ гъэщІэгъэнэхэр кьызэрагъэпэщ. Къэбгъэльагъуэмэ, хамэ къэрал къикІыжа студентхэр зыхэт зэпеуэу КЪКЪУ-м щекіуэкіар теухуат щІалэгъуалэр адыгэ лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэм, бзэм зэрыхащІыкІым. Апхуэдэуи студентхэм зыщыгъэпльыхьащ. Щэджэм, Щэрэдж муниципальнэ районхэм.

«Ди къуэшхэр хэкурысхэм яхэзэгъэжьын папщІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІыр псоми ящІэ. Псалъэм къыдэкІуэу жиІэмэ, «Гу къабзэхэр» зэгухьэныгъэм 2015 гъэм и махуэгъэпс къыдигъэкІащ Сирием къикІыжа суратыщІ-ныбжьыщІэм и Іэдакъэщіэкіхэр иту. Ахэр ящэри, къыщІэкІа ахъшэмкІэ къэІэпхъуэжа унагъуэхэм зыщІагъэкъуащ. Апхуэдэуи «Унагъуэ зэпэщІ» псапащІэ Іуэхур зэхащэри, щхьэж зыкъэнькъуэ унагъуэ хэхьэныгъэ, унэпсащІэхэр кьыхуащхуащ. А псоми теухуа хъыбархэр социальнэ сетхэм къралъхьэри, кьызэрыгъэкІ цІыхухэми я гулъытэр сэбэп щыхъу щыІэщ. Уеблэмэ жердэмщІакІуэхэр, гуп зэрыгъэхъуауэ, зэпІэпхъуэжахэм ящыщу хущхъуэ, ерыскъыу хэзныкъуэхэм щІэх-щІэхыурэ зыщІагъакъуэ», - жиІащ къэпсалъэм.

Абы кьыхигъэщащ, илъэс къэси хуэдэу, 2014 гъэм Иорданиемрэ (сабий 25-рэ) Тыркумрэ (сабий 21-рэ) щыщ ныбжьыщІэхэм ди республикэм зэрыщыщІагъэпсэхуар, хэгъэгъуэ зэрырагъэщІыхуар, щІыпІэ дахэхэм я нэгу зэрыщІэрагъэжьыр.

Лъэпкъ зэныбжьэгъуэгъэ хъумэным, хабзэм, бзэм, щэнхабзэм зегъэужьыным ехьэлІауэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хуэхах мылъкур зытрагъэкІуэдахэм ящыщщ Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ щыпсэу адыгэ щІалэгъуалэм я зэІуцІэу КъБКъУ-м щекіуэкіар. Абы хэтащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм, Краснодар краим, Тыркум, Сириемрэ Иорданиемрэ, Израилым, Палестинэм, Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтэкъуэм, Германием, США-м, Абхъазым щыщ щІалэгъуалэр. Къищынэмыщіауэ нэгъабэ къызэрагъэпэщауэ щытащ «Адыгэхэр (шэрджэсхэр): тхыдэмрэ иджырей лъэхъэнэмрэ» дунейпсо щІэныгъэ конференц.

Кlурашын Анзор щхьэхуэм къызытеувыІа унэтІныныгъэхэм ящыщщ лъэпкъ, дин Іуэхуэмкіэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр. Абы жиІащ ди республикэм лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэу 100-м щІигъу зэрыщІепсэур, лъэпкъ-щэнхабзэ центру 17, жылагъуэ зэгухьэныгъэ 6, къэзакъ обществэу 15, къэзакъ общинэу 9 зэрыщІалэжьэр. Лъэпкъэм я зэхущытыкІэмрэ дин зэхьэкІэмрэ зыхуэЕ хуэзэу республикэм кьыщізэгъэпэща хъун папщІэ а зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр хагъэхьащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, абы гуп щхьэхуэ иІэщ зи гугъу тщІы Іуэхуэм я нэІэ тету. Дин зэгухьэныгъэу КъБР-м итщ 186-рэ, аэр республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащІэм жьыджэру холэжьыхь икІи щІалэгъуалэм я дежкІэ щхьэпэ зэІуцІэ купщІафІэхэр ирагъэкІуэкІ.

Налшык къалэ и чристэн члисэхэм я благочиннэ **Бобылев Валентин** жиІащ КъБР-м и Муслымэнхэм я Іуэхущіапіэм блэкіа илъэсым кьызэригъэпэща дунейпсо конференцыр республикэм щекіуэкіа Іуэхугъуэ нэхъыщІхьэм зэращіыщыр, динхэм я къалэнхэм зэхэхауэ зэрыщытепсэлъыхьар, дин, лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр дэни щыІэн зэрыхуэйр гъэбелджылауэ кьызэрыкъуэжьащар. Езым и нэІэ щІэт чристэн Іуэхущіапіэр къэрал, республикэ зэІуцІэхэм жьыджэру зэрыхэтыр, ежьмэ Іэхэм щымыІэІэным хуэунэтІауэ гъжьыгъэр хэзэ зэрызэрагъэпэщым теухуауэ. Текіуаэхэр щыіхь тхьылъэмрэ саугъэтхэмкІэ ягъэлъэпІащ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэмрэ абыхэм хэтхэмрэ Іуэхур тэмэму кьызэрагъэпэщу, зэрахьэу пэрытын щхьэкІэ республикэм семинар зыбжанэ щекіуэкіащ. Абы хэтащ НКО 50-м нэблагъэм я лІыкІуэхэр.

Управленэр зэлэжь унэтІныныгъэ нэхъыщІхьэхэм ящыщщ хамэ къэрал щыхэзгъэ ди лъэпкъэгъуэхэм пыщІэныгъэ хуаІэныжрэ хэкум къэзгъэзэжахэр мыбы щекіуэкІ гъащІэм хэсыхьыжьныжкІэ ядэІэпыкъуныжрэ. Кlурашын Анзор зэрыжиІамкІэ, а Іуэхум гулыитэ хэа хуащІ республикэ унафэщІхэмри, щІыпІэ administрацэхэм я Іэтащхьэхэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэми.

- 2015 гъэм и ягъэ мазэм къызэрапщытамкІэ, ди республикэм щопсэу репатриант 2500-рэ, абыхэм ящыщу 800-р Сирием къикІыжа ди къуэшхэрщ, - къыпищащ адэжІэ Кlурашыным. - СХА-м щыщ ди лъэпкъэгъуэгъэ ди гъащІэм хэсхьыжьыжьмэ, я щІэблэр егъэджэным, унэхэр къахуэщхъуным кьызэщІэгъэуІуауэ йолэжь республикэ унафэщІхэри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри. Апхуэдэу 2014 гъэм Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныжь лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ и управленэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Іэпхъэщапхъэ Іуэхуэхмкіэ федеральнэ кьулыкъущіапІэм и управленэу КЪБР-м щыІэр зэгъусэу кьэІэпхъэжахэм ядэІэпыкъуащ и дэфтэрхэр зыхуэІ хуэзэу зэгъэпэщыныжкІэ, жылэхэм унэхэр кьащхьэщэхуныжкІэ. ДАХ-м хъыбар кьызэрыщІэгъащІамкІэ, унагъуэ 54-р взыхэм я лъапсэхэм Іэпхъэжащ, я унэ уасэхэри ятащ, зи закъуэ цІыхуи 8-м дэтхэнэми сом мин 150-рэ ираташ. «Тэрч» санаторэм иджыри унагъуэ 15 щІэсщ. Хэкум къэІэпхъэжа ди къуэшхэм «Амра» лъэпкъ фондым кьыхуэзгъэпэщащ урысыбзэ щызэрагъащІэ курсхэр. Мазищым кьриуфыдзу кьэзралыбзэр зэрагъэщІащ цІыху 87-м, ахэр урысыбзэкІэ еджэф, тхэф, псэлъэф хъуащ.

Кlурашыным кьызэрыкІуэщамкІэ, Сирием щищу си адэжь щІыналъэ къэзыгъэзэжахэм я сабии 171-рэ республикэ школхэм макІуэ, студенти 151-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щоджэ. Аэр нэхъ тынщу республикэм щеджэн, щыпсэун папщІэ зэІуцІэ гъэщІэгъэнэхэр кьызэрагъэпэщ. Къэбгъэльагъуэмэ, хамэ къэрал кьикІыжа студентхэр зыхэт зэпеуэу КЪКЪУ-м щекіуэкіар теухуат щІалэгъуалэр адыгэ лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэм, бзэм зэрыхащІыкІым. Апхуэдэуи студентхэм зыщыгъэпльыхьащ. Щэджэм, Щэрэдж муниципальнэ районхэм.

«Ди къуэшхэр хэкурысхэм яхэзэгъэжьын папщІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІыр псоми ящІэ. Псалъэм къыдэкІуэу жиІэмэ, «Гу къабзэхэр» зэгухьэныгъэм 2015 гъэм и махуэгъэпс къыдигъэкІащ Сирием къикІыжа суратыщІ-ныбжьыщІэм и Іэдакъэщіэкіхэр иту. Ахэр ящэри, къыщІэкІа ахъшэмкІэ къэІэпхъуэжа унагъуэхэм зыщІагъакъуащ. Апхуэдэуи «Унагъуэ зэпэщІ» псапащІэ Іуэхур зэхащэри, щхьэж зыкъэнькъуэ унагъуэ хэхьэныгъэ, унэпсащІэхэр кьыхуащхуащ. А псоми теухуа хъыбархэр социальнэ сетхэм къралъхьэри, кьызэрыгъэкІ цІыхухэми я гулъытэр сэбэп щыхъу щыІэщ. Уеблэмэ жердэмщІакІуэхэр, гуп зэрыгъэхъуауэ, зэпІэпхъуэжахэм ящыщу хущхъуэ, ерыскъыу хэзныкъуэхэм щІэх-щІэхыурэ зыщІагъакъуэ», - жиІащ къэпсалъэм.

Абы кьыхигъэщащ, илъэс къэси хуэдэу, 2014 гъэм Иорданиемрэ (сабий 25-рэ) Тыркумрэ (сабий 21-рэ) щыщ ныбжьыщІэхэм ди республикэм зэрыщыщІагъэпсэхуар, хэгъэгъуэ зэрырагъэщІыхуар, щІыпІэ дахэхэм я нэгу зэрыщІэрагъэжьыр.

Лъэпкъ зэныбжьэгъуэгъэ хъумэным, хабзэм, бзэм, щэнхабзэм зегъэужьыным ехьэлІауэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хуэхах мылъкур зытрагъэкІуэдахэм ящыщщ Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ щыпсэу адыгэ щІалэгъуалэм я зэІуцІэу КъБКъУ-м щекіуэкіар. Абы хэтащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм, Краснодар краим, Тыркум, Сириемрэ Иорданиемрэ, Израилым, Палестинэм, Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтэкъуэм, Германием, США-м, Абхъазым щыщ щІалэгъуалэр. Къищынэмыщіауэ нэгъабэ къызэрагъэпэщауэ щытащ «Адыгэхэр (шэрджэсхэр): тхыдэмрэ иджырей лъэхъэнэмрэ» дунейпсо щІэныгъэ конференц.

Кlурашын Анзор щхьэхуэм къызытеувыІа унэтІныныгъэхэм ящыщщ лъэпкъ, дин Іуэхуэмкіэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр. Абы зыІылъэр лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр хъуэмыным, щэнхабзэм зегъужьыным, лъэпкъ зэдалэжьныгъэр егъэфІэкІуэным, - жиІащ Кlурашыным. - Нэгъабэ ягъэуубгъуэ сидие еттауэ аращ лъэпкъ зэпІэзэрытныгъэр, зэныбжьэгъуэгъэр, мамырыгъэр республикэм кьыщізэгъэпэщыным хэлІыдІыхь зэгухьэныгъэхэм. Ар зыІылъэр лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр хъуэмыным, щэнхабзэм зегъужьыным, лъэпкъ зэдалэжьныгъэр кьызэрагъэпэщыным иужь ит жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрщ.

Кlурашыным кьыхигъэщащ зи унафэщІ управленэр кьалэ, район администрацэхэм зэрадэлажьэри. Апхуэдэу нэгъабэ щІыпІэ administрацэхэм я деж щыІэ жылагъуэ советхэр зыхэт зэхьэзэхуэ ирагъэкІуэкІащ, Іуплъкъэр щымыІэІэным хуэунэтІауэ гъжьыгъэр хэзэ зэрызэрагъэпэщым теухуауэ. Текіуаэхэр щыіхь тхьылъэмрэ саугъэтхэмкІэ ягъэлъэпІащ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэмрэ абыхэм хэтхэмрэ Іуэхур тэмэму кьызэрагъэпэщу, зэрахьэу пэрытын щхьэкІэ республикэм семинар зыбжанэ щекіуэкіащ. Абы хэтащ НКО 50-м нэблагъэм я лІыкІуэхэр.

Управленэр зэлэжь унэтІныныгъэ нэхъыщІхьэхэм ящыщщ хамэ къэрал щыхэзгъэ ди лъэпкъэгъуэхэм пыщІэныгъэ хуаІэныжрэ хэкум къэзгъэзэжахэр мыбы щекіуэкІ гъащІэм хэсыхьыжьныжкІэ ядэІэпыкъуныжрэ. Кlурашын Анзор зэрыжиІамкІэ, а Іуэхум гулыитэ хэа хуащІ республикэ унафэщІхэмри, щІыпІэ administрацэхэм я Іэтащхьэхэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэми.

Зэуэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда Къаруэхэмрэ хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Шыхъуэбажьуэ Мухьэмэд** кьыхихъэщащ я зэгухьэныгъэр илъэсэу 9 хуэдиз зэрылажьэр, щІыху нэхъыбэ кьыхэщэныр я кьалэн нэхъыщІхьэу кьызэрилытэр, абыхэм я еплъыкІэмрэ я Іуэху зыІытымрэ къэрал унафэщІхэм дежкІэ зыщыгъэсыным, республикэм кьыщащтэ унафэхэм щІыхубэми я зэфІэкІ халъхъэн зэрыхуейм, нэгъуэщІхэми тепсэльыхьащ.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда Къаруэхэмрэ хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Шыхъуэбажьуэ Мухьэмэд** кьыхихъэщащ я зэгухьэныгъэр илъэсэу 9 хуэдиз зэрылажьэр, щІыху нэхъыбэ кьыхэщэныр я кьалэн нэхъыщІхьэу кьызэрилытэр, абыхэм я еплъыкІэмрэ я Іуэху зыІытымрэ къэрал унафэщІхэм дежкІэ зыщыгъэсыным, республикэм кьыщащтэ унафэхэм щІыхубэми я зэфІэкІ халъхъэн зэрыхуейм, нэгъуэщІхэми тепсэльыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ – Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр **Емуз Нинэ** жиІащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къэрал ахъшэм щыгугъуэу щыс зэрымыкъуныр, ешьхэм я жэрдэмкІэ Іуэху пыухьІахэр кьызэрагъэзэщІэпхъэр.

- Ди республикэм ит зэгухьэныгъэ 833-м ящыщу псоми я кьалэн я гъэзэщІэфу кьыщізыгъуэрыкъуэм, абы ипкъ иткІэ, лэжьыгъэр кьэпщытауэ унафэ пыухьІа тещІыхьэн хуейщ. ЗэІуцІэхэр ебгъэкІуэкІкІэ зэфІэкІырхьэм, бжьыгъэкэр кьэдгъэльагъуэу дыхьэхэси кьыхуэкъым, атІэ фІагъращ, дложь Іуэхум кьэрикІуэращ гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщІын хуейр, - жиІащ Емузым. - Къищынэмыщіауэ, сэ кьызолъытэ иджы дунейм зыщщызыубгъуэ социальнэ сетхэр дэ жьыджэру кьызэрыдмыгъэсэбэпыфым адрейхэм дакъыкІэрыгъэху. Дэ кьыттекІуэ зэщІэхьеныгъэхэм, Іуэхугъуэ мыбфмыщхэр зезыхьэхэм къагъэсэбэпыр я Іэмалращ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщІхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ЪхэфІыщІэ Мухьэмэд** кьыхихъэщащ республикэм щылажьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу зи Іэлэн зыІъэзэщІэу лажьэжмрэ мылажьэхэмрэ зэхэбгъэкІыну зэрытІыщ дыдэр, ящыныкъуэхэр нэхъ жьыджэру лажьэхэм якІэщІэтхъыху щысын фІэкІа Іуэху зэрамыІэр, аэхэр зэхэсхэкІауэ, и щхьэр течауэ утепсэлъыхьмэ зэрынэхъыфІыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Дроздов Игорь,** КЪБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Іуэхуэмрэ кьыхьагъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис** сымэ жиІащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэрэІэр, ар властым Іэмал имыІэу дэлажьэн, щІыху нэхъыбэ кьызэщІаубыдэн зэрыхуейр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **Холлаевэ Марзият** *трихащ.*

Текіуэныгъэ Иныр къэзыгъэблэгъахэр

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым Хэку зауэшхуэм и зэманым тылым щылэжьа цІыху 15-м медаль щратащ. 1941 - 1945 гъэхэм екіуэкіа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ ятыну медалщ ар. Накъыгъэм и 9-м ирихьэлІэу ар иратынущ Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьыр, тылым и лэжьакІуэ, гъэрпІэм исауэ цІыху 1970-м.

ЗэІуцІэр кьыщызэІуихьм Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм фІыщІэ яхуищІащ, узынщагъэ яІэну ехьэхъуауэ.

- ЛІыхъужьыгъэкІэ кьэвлэжьа медалыр нобэ ди гуапэу фыдотыж. Фи гъащІэр нэхъыфІ хъун, гукъыдэж фиІэн папщІэ дэ тлъэкІ псомкІи дэІепыкъуэгъу дыфхуэхъунущ, - жяриащ Къуэдзокъуэм нэхъыжьхэм.

Хэку зауэшхуэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда Къаруэхэм, хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм я ветеранхэм я кьалэ Советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа** кьызэхуэсахэм яжриащ КъБР-м и лъэпкъхэм Хэку зауэшхуэм и зэманым лЫыгъэ зэрызэрахьар, фронтми тылми сэбэп зэрыщыхьэу зэрыІэтащ Іутхэт, Іэщэ-фащэ ягъэхъэзырыт, фронтым ерыскъы ирагъашэрт, щыгъин ящІт. Абдуллаев Мустэфа фІыщІэ яхуищІащ ветеранхэми зэІуцІэ дахэм кьрихьэлІэхэми.

НАФІЭДЗ Заремэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Брифинг

Ахэр 26-рэ мэхъу

Иужьрей зэманым гулъытэ пыухьІа хуащІ къэрал Іуэхутхъэбзэхэр электрон щытыкІэм иту зэфІэхьыным.

АБы теухуат къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэм щекіуэкіа зэІуцІэри. Полицейскэм Къэрал автоинспекцэм, ХъыбарегъащІэ центрым, Лицензэ-хуит зыщІ Іэнатіэм зэфІагъэкІ Іуэхутхъэбзэхэм кьызэхуэса журналистхэр щыгъаэз ящІащ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м кІэлъыплъныгъэмкІэ и къудамэм ехьэлІауэ и инспектор полицэм и майор **Кучмезов Дмитрий** къэрал Іуэхутхъэбзэхэр электрон щытыкІэм иту цІыхухэм яхуэщІэжьым и мурад нэхъыщхьэхэм ящыщу къиГъэльэгъуащ ахэр нэхъ тынш, зэману текіуадэр нэхъ мащІэ щІыныр.

Мы зэманым Къэрал автоинспекцэм и Іэнатіэхэм автомототранспортхэр, абыхэм япыщІа прицепхэр тхын, узэщІауэ экзаменхэр кьаІыхьын, шофер тхьылъэр тын, гъэугум зэрыщыізекіуэ хабзэм ехьэлІа административнэ хабзэр кьызэрызэпаудам теухуа хъыбархэр яІэрыгъэхъэн Іуэхутхъэбзэхэр зэфІэх.

Кучмезовым кьызэрыхигъэщамкІэ, Іуэхутхъэбзэхэр электроннэу зыІэрыгъэхьэным республикэм кІуэ пэтми зыщеубгъу. 2015 гъэр кьызэрихьэрэ Къэрал Іуэхутхъэбзэхэм зыуэ щыт и порталымкІэ КЪБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и Іэнатіэхэм 1518-рэ зыкъыхуагъэзэрат псоми хэлІыащ.

Псалъэмакъым кьыпэзыща КЪБР-мкІэ МВД-м и Хъыбарегъащ1э центрым оперативнэ-справочнэ къэлъыхьуэныгъэ, дактилоскопие хъыбархэмкІэ и къудамэм цІыхухэр кьызэрэпэщыныр къэрал Іуэхутхъэбзэхэм яхуэщІэныжкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ къэрал кІуэцІ кьулыкъуэм и майор **Къалмыкъ Полинэ** зэрыжиІамкІэ, иджыпсту абыхэм къэрал Іуэхутхъэбзэу 5 зэфІэх:

- суд зэрыгращІыхьам (е апхуэдэ зэрыщымыІэм), уголовнэ Іуэху кьызэрэлэтам, е а Іуэхур кьызэрызэтрагъэувыІам теухуа справкэ ятын;

- политикэ репрессием и лей зытехьахэм реабилитацэ справкэхэр ятын;

- къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ Іэнатіэм щахьымэ архив справкэхэр, архив дэфтэрхэм я выпискэхэр, копиехэр ятын;

- Урысей Федерацым и щІыналъэм ирашыну официальнэ дэфтэрхэм апостил тегъувэн;

- я фІэфІыныгъэхэр къэрал дактилоскопие регистрацэ егъэкІуэкІын.

Къалмыкъым кьызэрыхигъэщамкІэ, закъуэхуэзыгъаззэхэм илъэс къэс кьахохуэ. Илъэс кІуам КъБР-м щыІэ МВД-м кьыІэрыхьа заявленэ 9313-м щыщу 275-р электроннэщ.

КъБР-м щыІэ МВД-м лицензэ-хуит зыщІ Іэжьыгъэмрэ щхьэзакъуэ детектив, хъумакІуэ Іэжьыгъэм кІэлъыплъныныкІэ центрым и инспектор полицэм и лейтенант нэхъыжь **Ездэн Артур** кьызэхуэсахэр щыгъуаз ящІащ я Іэнатіэм граждан кьулыкъу Іэщэр зегъэкІуэным теухуауэ зэфІих къэрал Іуэхутхъэбзэхэм. Аэр 26-рэ мэхъу. Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, цІыхухэм я Іуэху електыкІэр къэралым, КъБР-м щыІэ МВД-м и лицензэ-хуит зыщІ Іэнатіэм и Іэжьыгъэр ирагъэфІэкІуащ, лъэІыкІэ закъыхуэзыгъаззэкр щрагъэблагъэ махуэхэмрэ сихьэт бжьыгъэмрэ хагъэхъуащ.

Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ органхэм и Іэнатіэм зэфІих Іуэхутхъэбзэхэм цІыхухэм ведомствэм и сайтым хэт «Электроннэ МВД» Іыхьэм щыгъуаз ящащыкІыфынущ. А раздельм икІыу «Урысей Федерацым и къэрал Іуэхутхъэбзэхэр» порталым хьэхъэфынущ икІи зыхуеину Іуэхутхъэбзэр щызыІэригъэфыну зэманри хабзэри зригъащІэфынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Усэ къоджэ, уэрэд жаІэ

Хэкум и хъумакІуэм и махуэм и щІыхькІэ Искож дэт унэхэм ящыщ зым и пщІантІэм ныбжьыщІэ цІыкІуэхэм зэІуцІэ нэгуэныжь щрагъэжьэкІащ.

ШІАЛЭ, хъыджэбз цІыкІуэхэр зауэм теухуа усэхэм кьеджащ, уэрэд жаІащ, къэфащ. Уеблэмэ езыхэм зэхалъхьэжахэр утыку къизыхьахэри щыІэщ. НыбжьыщІэхэм жаІащ Хэкум и хъумакІуэхэм и махуэр яГъэлъэпІэну зэрарІафІыр, езыхэри кьыдэкІуэтеймэ кьыщІэхьащІакІуэ нэх хъуну зэрехьэрапсэр. Апхуэдэуи, щапхъэ зытрахьин нэхъыжьыфІхэр зэралІэри кьыхагъащІащ. Щхьэж иціыху лъхьжьхэм я цІэхэр кьраІуащ.

УкъызыщІащІыжьын мащІэкъэм: Хэку, адэанэ, къуэш, ныбжьэгъу.

ХЬЭТУ Астемыр.

● Егъэджэныгъэ

ЕджакІуэ нэхъыфІхэр

Хьэсэней жылагъуэм и администрацэм щІыхь тхьылъэмрэ стипендие щхьэхуэхэмрэ яритащ къуажэдэс еджакІуэ нэхъыфІхэм.

ШКОЛАКІУЭХЭМ я тыгъэхэр яритын ипэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Къайсанатов Къайсын ныбжьыщІэхэм ягурІуэІуащ, дэтхэнэ зы жьыдэри зэрыщІэхъуэр щІэныгъэм дихьэх, гъэсэныгъэ тэмэм зыбгъэдэлъ, жиІащ. Іуэхуэм жьыджэру хэт ныбжьыщІэхэр зэрыарар икІи а махуэм зэхуашэсахэр кьыхуриджащ фІым и щапхъэу щытынхэу, щеджэ курыт еджапІэри я адэ-анэхэри зэрыгуужэн Іуэхуфі куэд ялэжьынхэу.

УнафэщІым Хьэсэней дэт курыт еджапІэ №16-м и школ Іуэхугъэ нэхъыфІхэм саугъэтхэр и Іэкіэ яритащ икІи абыхэм ехьэхъуауэ нобэ яІэ ехьэлІэныгъэмрэ зэфІэкІхэмрэ адэкІи кьыхагъэхъуну.

НыбжьыщІэхэм мазэ хъсэ иратыну ступендиер илъэсищ ипэ ягъэбелджылащ икІи ар унафэщІым кьыхигъэкІынущ езым и щхьэзэхуэу мылъкум.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Щэнхабзэ

Бжьыпэр зыубыдар

Псыхуабэ щекіуэкіащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм лъэпкъ къафэхэмкІэ и кубокыр кьэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Налшык щыщ къэфакІуэ гупу 4: «Кавказым и пшэрлъэр», «Кавказ», «Нальчанка», «Шагъдий» ансамблхэр.

НЫБЖЬ курыт зиІэ къафакІуэхэм я деж кубокыр «Шагъдийм» кьыщіихьащ. Нэхъыжьхэм ящыщу бжьыпэр зыубыдар «Кавказым и пшэрлъэрщ».

«Шагъдий» ансамблым и унафэщІ Унэжокъуэ Заремэ зэрытесэлъыхьыжкІэ, гупым дахащэу игъэзэщІащ «Авар къафэмэ» «Лъэпэрисэмрэ» икІи абыхэмкІэ баллышхуэ кьахьащ.

Мы зэпеуэм къэфакІуэ гупу 42-м, илъэс 11-18 ныбжьхэм ярыт къэфакІуэу 300-м я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ. Зэхьэзэхуэр кьызэригъэпэщащ Урысейм фІыуэ кьыщащІыху «Салют талантов» творческэ зэ

Щэнхабзэ Гъэдахэм Литературэ Щэнныгъэ Анэдэлъхубзэ
«Адыгэ псалъэм» и къудамэ
Щыхьэгъэ
Гукъэкъыжьхэр Гъэзетым тхыгъэхэр Хьыбархэр

И гуащІэдэкІ хьэлэлым игъэлъапІэ КІуэкІуэ Джэмалдин

● Щэныгъэ

Республикэм и щІэныгъэлі пашэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакІуэ, абы и профессор, филологие щІэныгъэхэм я доктор КІуэкІуэ Джэмалдин Нахъуэ и къуэр. Зи акъылымрэ зэфІэкІымрэ Хэкум, щалъхуа щІыналъэм ехьулІэныгъэ къахуэхьыным нэсу хуэзыгъэпс, зи къэхутэныгъэ купщІафІэхэмкІэ ди щІыпІэми нэгъуэщІ щІынальэхэми щыщІэрыІуэ Іэщ ІагъэлІыр КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреатщ, УФ-м Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и Академием «Урысей щІэнгъуаз» унэтІныныгъэмкІэ и академикщ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием хэтщ. Ар ящыщщ ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псом ономастикэмкІэ япэ лъэбакъуэхэр щызыча щІэныгъэлІхэм. А унэтІныныгъэмкІэ япэ тхыльри ди щІыпІэм къыщыдэзыгъэкІар КІуэкІуэ Джэмалдинщ.

ДЗЭЛЫКЪУЭ кІуэм хыхь Малкъ къуажэм щыпсэу адыгэ унагъуэм 1930 гъэм къыщалъхуащ Джэмалдин. Абы и адэ-анэ Нахъуэрэ Сэйимэтрэ адыгэ унагъуэм къыздэкІуэ жылэм щыпсэуахэм ящыщщ. Зэщхьэгусэхэм я бын пажэт Джэмалдин. Абы къыкІэлъыкІуэрэ и шыпхъу Тамарэ, и шынахъыщІэхэу Тэлэдинрэ Хьэсэнбийрэ.

- ЩІэныгъэшхуэ ябгъэдэмылъами, си адэ-анэр жыджэру хэтащ гъащІэшІэр ди щІынальэм щыгъэувыным. Си адэр финанс Іэхум, сатум, экономикэм фІыуэ хэзыщІыкІ цІыхуу щытащ. Ар илъэс куэдкІэ щІылэжьащ потребкооперацэм, абы и лъабжьэр ди куейми Псыхуаби щызыгъэтІылъэхэми яхэтащ, - игу кьегъажьыкІ КІуэкІуэм. - ЦІыху пэжу, зэпІэзэрыту дунейм тета ди нэхъыжьхэр хущІэкъуащ езыхэм яхэлъа хьалыфІэхэр къытхалъхьэну, лъэпкъым хэзфэщэн цІыхуу дагъэсэну. Абыхэм даІуэльэгъуа щапхъэм щІэтпІкІащ дэ къытщІэхъуа сабийхэри абыхэм я щІэпІэри.

Си сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и лъхъэзэм хиубыда Джэмалдин и гукъэкІыжхэм ящыщ куэд пыщІащ а зэманым. Ар топсэльыхьыж я жьлэм бий сэлэтхэр зэрыдэтам, а Іэгъуэблагъэм щекІуэкІа зэхэуэхэм, нэмыщІдзэр жэщу щыдэкІыжьым Балъкъыпс телъа лъэмыжьышхуэр къагъэуэту зэрыщытам. ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым къыззрихьэр илъэс 70-м нэсами, КІуэкІуэм и нэгум нобэ хуэдэу щІэтщ а теплъэгъуэ хьэлъэхэр.

ЩІэныгъэм и къарур зыхуэдизыр, абы и нэхум жьжьэ уэзришэфынур кІыгъэгурыІуэт Джэмалдин и адэ-анэр. А нэхъыжьыфІхэм яхуэзфІэкІащ зауэ, абы ижь лъэхъэнэ гугъуэхэм я гугъуехьхэм я бынхэм я лъэр щІрамыгъэудын, уеблэмэ абыхэм ящыщ дэтхэнэми щІэныгъэ нэхъыщхьэ, зэрыпсэун Іэщ Іагъэ ирагъэгъуэтын. Джэмалдин зэрыжиІэжымкІэ, ерджэнм гу нэхъри хуезыгъэщІахэм ящыщщ ар урысыбзэмкІэ школым щезыгъэджа Крашенинниковэ Раисэ. Бзэ щІэныгъэр Іэщ Іагъэ хуэхъунымкІи а егъэджакІуэ щІпкъэрщ сэбэп къыхуэхъуар.

Школ нэужьым ар щеджащ Налшык дэт педучилищэм икІи ар къиухри, 1948 гъэм и кІуажэ дэт еджапІэм лэжьэн щыщІидзащ. Бзэ щІэныгъэр Іэщ Іагъэ хуэхъунымкІи а егъэджакІуэ щІпкъэрщ сэбэп къыхуэхъуар.

Школ нэужьым ар щеджащ Налшык дэт педучилищэм икІи ар къиухри, 1948 гъэм и кІуажэ дэт еджапІэм лэжьэн щыщІидзащ. Бзэ щІэныгъэр Іэщ Іагъэ хуэхъунымкІи а егъэджакІуэ щІпкъэрщ сэбэп къыхуэхъуар.

ЩІэныгъэм и къарур зыхуэдизыр, абы и нэхум жьжьэ уэзришэфынур къыгъэгурыІуэт Джэмалдин и адэ-анэр. А нэхъыжьыфІхэм яхуэзфІэкІащ зауэ, абы ижь лъэхъэнэ гугъуэхэм я гугъуехьхэм я бынхэм я лъэр щІрамыгъэудын, уеблэмэ абыхэм ящыщ дэтхэнэми щІэныгъэ нэхъыщхьэ, зэрыпсэун Іэщ Іагъэ ирагъэгъуэтын. Джэмалдин зэрыжиІэжымкІэ, ерджэнм гу нэхъри хуезыгъэщІахэм ящыщщ ар урысыбзэмкІэ школым щезыгъэджа Крашенинниковэ Раисэ. Бзэ щІэныгъэр Іэщ Іагъэ хуэхъунымкІи а егъэджакІуэ щІпкъэрщ сэбэп къыхуэхъуар.

Джэмалдин кІыхутащ адыгэ жылэхэм, тафэхэм, хъуІэхэм яІэ фІэщыгъэхэм ящыщ куэдым я мыхьэнэхэр. Абыхэм ятеухуауэ ар мызэ-мытІэу къыщыпсэлъащ Киев, Одессэ къалэхэм ономастикэмкІэ щекІуэкІа къэралпсо конференцхэм. КІуэкІуэм и гуащІэдэкІ хьэлэл хэлъщ а унэтІныныгъэщІэм и лъабжьэр ди дежи гъэпсІылъа зэрыщыхьэуар.

- Ономастикэмрэ топонимикэмрэ ятеухуауэ езгъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм сэбэп яхуэхъуащ нэгъуэщІ зы Іэмали. Иджыри сыасисстенту, сэ къэсщэхужьауэ щытащ а лъэхъэнэм партым и обкомым и секретару щыта Бабич и автомашинэжьыр. А «Победа»-р зэзгъэпэщыжри, абы сису «щІэныгъэ нэгузегъэужьакІуэ» сежьат. Сэ къыззэхэзжьхьащ Кавказым и щІыналъэ куэд, си къэхутэныгъэхэм къыззщІезгъэубыдар щІыпІэхэм, бгыхэм, псыхэм, жылэхэм я фІэщыгъэцІэхэм я закъуэкъым, атІэ, цІыхуцІэхэмрэ унэцІэхэмрэ нэмыщІ, лъэпкъхэм я тхьэпэлъытэхэм я цІэхэр, хьэршым епхахэр, вагъуэхэм зэреджэхэр, нэгъуэщІхэми гулъытэ яхуэсщІащ. Апхуэдизу гъэгуанэм сэ зыбжанэрэ сащыхуэзащ турист гуп хэхахэм. СощІэж, абыхэм ящыщ зым сригъуэсу Кавказ бгы дыкъуакъуэм сыщъхэпрыкІащ уэ щытащ. Абы щыгъуэ къызата «СССР-м и турист» дамыгъэм куэдрэ сигу кьегъакІыж си щІалэгъуэ хэшыжьэр, - и гукъэкІыжхэм хэтщ КІуэкІуэр. - Си тхылъхэм ящыщ гуэркэри сэбэп кьысхуэхъуащ дунейр зэзгъэльагъунымкІэ. ТопонимикэмкІэ япэ дыдэ тхыгъуэ щыта «Адыгэ щІыпІэщІэхэр» тхылъыр къыщыдэкІам щыгъуэ, абы хуэкІуэ гонорару сом мини 2-рэ сом 200-рэ къызатат. Абы сыщытепсэлъыхьыжкІэ, си пхъыфыгъэхэр къызоупщІ: «Дадэ, ар куэдт хьэмарэ мащІэт?» - жаІэри. Абы и жэуапыр мыращ. Си гонорарым щыщу сом 750-рэ къысатат. Абы дыдэ хьэмарэ мащІэт?» - жаІэри. Абы и жэуапыр мыращ. Си гонорарым щыщу сом 750-рэ къысатат. Абы щыгъуэ турист путёвкэ къэсщэхуауэ щытащ. «Пушкин Александр» жьыхиІэ кхъухьым сису дунейр ихъуреягъкІэ къызэхэсклухьащ. Зэпысчэ гъэзэгуанэм къызэщІиубыдащ Истамбыл - Афины - Неаполь - Рим - Париж - Лондон - Копенгаген - Стокгольм къалэлэшхуэхэр. Сэ а щІыпІэхэм щызэзгъэльэгъуауэ щытахэр куэдрэ си нэгу къыщІохьэж икІи сойуэтэж. Абыхэм ятеухуа тхыгъэхэри сурэтхэри щыІэщ. Апхуэдизу фІыгъуэр сльагъуну Іэмал къызэзытар тхылъым папщІэ къызата лэжьапщІэм и Іыхьэ щанэрт. ИтІанэ фэ жьафІэ, абы щыгъуэ къысхуагъэфащэуэ щыта гонорарыр куэдми мащІэми.

КІуэкІуэ Джэмалдин хуэдэ ономастикэм я лэжьыгъэр ди щІыпІэхэм абы щыгъуэ щыяпэми, хамэ къэралхэм я щІэныгъэм куэд льандэрэ гулъытэшхуэ щиІгъуэтырт. Абы и щІыхьэтщ ди хэкум щыщ апхуэдэ щІэныгъэлІхэр япэ дыдэ дунейпсо утыку щихьар 1972 гъэрэуэ зэрыщытыр. Абы щыгъуэ Болгарием щекІуэкІащ Ономастикэмкіэ XI дунейпсо конгресс. ИпэкІэ щыІа апхуэдэ дунейпсо зэхуэсхэм 10-м хэтакъым икІи ирагъэблагъакъым ди лъэпкъ ономастикэр, а унэтІныныгъэмкІэ ягъэльэгъуэн къэхутэныгъэхэр зэрыщыІэм. ПІащІэгъуэ блэкІам и 70 гъэхэм я пэщІодзэм ирихьэлІэу апхуэдэ къэхутэныгъэфІхэри щІэныгъэ лэжьыгъэ мымащІи зэфІэха хъуакІэт. Софие щекІуэкІа дунейпсо конференцым ирагъэблагъат зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъу къалъытэ КІуэкІуэри. Зэхуэсым зэрыхэтам нэмыщІ, абы щыпІэ жьажьэ щІэныгъэкІуэкІэ-гъэлІ Шахмурзаевыр и гъэсэу, 1970), «Адыгэ (шэрджэс) топонимие» (1974) тхылъхэми, нэгъуэщІхэми лъабжьэ яхуэхъуар щІыпІэ зэхуэмыдзэхэм щрагъэкІуэкІа щІэныгъэ экспедицэхэрщ. Географие фІэщыгъэхэм ятеухуауэ абыхэм ярыт хъыбархэр лъэпкъ щІэныгъэлІхэм щызэхуахьэсауэ щытащ шэрджэсхэр, убыххэр, абхазэхэр, абазэхэр, нэгъуэщІ адыгэ лІакъуэхэр щыпсэууэ Кавказым иІэ щІыпІэхэм, жылагъэхэм. ЩІынальэ зэхуэмыдзэхэм къыщагуГуэрэ къэхутэныгъэр и тхылъхэм, статья куэдым къыщагъэлъэгъуэжащ экспедицэм зэхтэм. Абыхэм гулъытэ хуащІырт адыгэхэм я гъэнэгъуу илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ псэу нэгъуэщІ лъэпкъхэм я цІэхэми, я щІыпІэщІэхэми, дэтхэнэ бзэми нэгъуэщІыбзэхэм ящыщ псалъэхэр къищтэурэ, езыми нэгъуэщІ бзэхэр нэхъ къулей ищІурэ зэрызыгъуэжьыр къалъытэуурэ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр и гъэзгуГэльагъуэу, Джэмалдин кьихутащ адыгэ жылэхэм, тафэхэм, хъуІэхэм яІэ фІэщыгъэхэм ящыщ куэдым я мыхьэнэхэр. Абыхэм ятеухуауэ ар мызэ-мытІэу къыщыпсэлъащ Киев, Одессэ къалэхэм ономастикэмкІэ щекІуэкІа къэралпсо конференцхэм. КІуэкІуэм и гуащІэдэкІ хьэлэл хэлъщ а унэтІныныгъэщІэм и лъабжьэр ди дежи гъэпсІылъа зэрыщыхьэуар.

- Ономастикэмрэ топонимикэмрэ ятеухуауэ езгъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм сэбэп яхуэхъуащ нэгъуэщІ зы Іэмали. Иджыри сыасисстенту, сэ къэсщэхужьауэ щытащ а лъэхъэнэм партым и обкомым и секретару щыта Бабич и автомашинэжьыр. А «Победа»-р зэзгъэпэщыжри, абы сису «щІэныгъэ нэгузегъэужьакІуэ» сежьат. Сэ къыззэхэзжьхьащ Кавказым и щІыналъэ куэд, си къэхутэныгъэхэм къыззщІезгъэубыдар щІыпІэхэм, бгыхэм, псыхэм, жылэхэм я фІэщыгъэцІэхэм я закъуэкъым, атІэ, цІыхуцІэхэмрэ унэцІэхэмрэ нэмыщІ, лъэпкъхэм я тхьэпэлъытэхэм я цІэхэр, хьэршым епхахэр, вагъуэхэм зэреджэхэр, нэгъуэщІхэми гулъытэ яхуэсщІащ. Апхуэдизу гъэгуанэм сэ зыбжанэрэ сащыхуэзащ турист гуп хэхахэм. СощІэж, абыхэм ящыщ зым сригъуэсу Кавказ бгы дыкъуакъуэм сыщъхэпрыкІащ уэ щытащ. Абы щыгъуэ къыщата «СССР-м и турист» дамыгъэм куэдрэ сигу кьегъакІыж си щІалэгъуэ хэшыжьэр, - и гукъэкІыжхэм хэтщ КІуэкІуэр. - Си тхылъхэм ящыщ гуэркэри сэбэп кьысхуэхъуащ дунейр зэзгъэльагъунымкІэ. ТопонимикэмкІэ япэ дыдэ тхыгъуэ щыта «Адыгэ щІыпІэщІэхэр» тхылъыр къыщыдэкІам щыгъуэ, абы хуэкІуэ гонорару сом мини 2-рэ сом 200-рэ къысатат. Абы сыщытепсэлъыхьыжкІэ, си пхъыфыгъэхэр къызоупщІ: «Дадэ, ар куэдт хьэмарэ мащІэт?» - жаІэри. Абы и жэуапыр мыращ. Си гонорарым щыщу сом 750-рэ къысатат. Абы щыгъуэ турист путёвкэ къэсщэхуауэ щытащ. «Пушкин Александр» жьыхиІэ кхъухьым сису дунейр ихъуреягъкІэ къызэхэсклухьащ. Зэпысчэ гъэзэгуанэм къызэщІиубыдащ Истамбыл - Афины - Неаполь - Рим - Париж - Лондон - Копенгаген - Стокгольм къалэлэшхуэхэр. Сэ а щІыпІэхэм щызэзгъэльэгъуауэ щытахэр куэдрэ си нэгу къыщІохьэж икІи сойуэтэж. Абыхэм ятеухуа тхыгъэхэри сурэтхэри щыІэщ. Апхуэдизу фІыгъуэр сльагъуну Іэмал къызэзытар тхылъым папщІэ къызата лэжьапщІэм и Іыхьэ щанэрт. ИтІанэ фэ жьафІэ, абы щыгъуэ къысхуагъэфащэуэ щыта гонорарыр куэдми мащІэми.

КІуэкІуэ Джэмалдин хуэдэ ономастикэм я лэжьыгъэр ди щІыпІэхэм абы щыгъуэ щыяпэми, хамэ къэралхэм я щІэныгъэм куэд льандэрэ гулъытэшхуэ щиІгъуэтырт. Абы и щІыхьэтщ ди хэкум щыщ апхуэдэ щІэныгъэлІхэр япэ дыдэ дунейпсо утыку щихьар 1972 гъэрэуэ зэрыщытыр. Абы щыгъуэ Болгарием щекІуэкІащ ОномастикэмкІэ XI дунейпсо конгресс. ИпэкІэ щыІа апхуэдэ дунейпсо зэхуэсхэм 10-м хэтакъым икІи ирагъэблагъакъым ди лъэпкъ ономастикэр, а унэтІныныгъэмкІэ ягъэльэгъуэн къэхутэныгъэхэр зэрыщыІэм. ПІащІэгъуэ блэкІам и 70 гъэхэм я пэщІодзэм ирихьэлІэу апхуэдэ къэхутэныгъэфІхэри щІэныгъэ лэжьыгъэ мымащІи зэфІэха хъуакІэт. Софие щекІуэкІа дунейпсо конференцым ирагъэблагъат зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъу къалъытэ КІуэкІуэри. Зэхуэсым зэрыхэтам нэмыщІ, абы щыпІэ жьажьэ щІэныгъэкІуэкІэ-гъэлІ Шахмурзаевыр и гъэсэу, 1970), «Адыгэ (шэрджэс) топонимие» (1974) тхылъхэми, нэгъуэщІхэми лъабжьэ яхуэхъуар щІыпІэ зэхуэмыдзэхэм щрагъэкІуэкІа щІэныгъэ экспедицэхэрщ. Географие фІэщыгъэхэм ятеухуауэ абыхэм ярыт хъыбархэр лъэпкъ щІэныгъэлІхэм щызэхуахьэсауэ щытащ шэрджэсхэр, убыххэр, абхазэхэр, абазэхэр, нэгъуэщІ адыгэ лІакъуэхэр щыпсэууэ Кавказым иІэ щІыпІэхэм, жылагъэхэм. ЩІынальэ зэхуэмыдзэхэм къыщагуГуэрэ къэхутэныгъэр и тхылъхэм, статья куэдым къыщагъэлъэгъуэжащ экспедицэм зэхтэм. Абыхэм гулъытэ хуащІырт адыгэхэм я гъэнэгъуу илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ псэу нэгъуэщІ лъэпкъхэм я цІэхэми, я щІыпІэщІэхэми, дэтхэнэ бзэми нэгъуэщІыбзэхэм ящыщ псалъэхэр къищтэурэ, езыми нэгъуэщІ бзэхэр нэхъ къулей ищІурэ зэрызыгъуэжьыр къалъытэуурэ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр и гъэзгуГэльагъуэу, Джэмалдин кьихутащ адыгэ жылэхэм, тафэхэм, хъуІэхэм яІэ фІэщыгъэхэм ящыщ куэдым я мыхьэнэхэр. Абыхэм ятеухуауэ ар мызэ-мытІэу къыщыпсэлъащ Киев, Одессэ къалэхэм ономастикэмкІэ щекІуэкІа къэралпсо конференцхэм. КІуэкІуэм и гуащІэдэкІ хьэлэл хэлъщ а унэтІныныгъэщІэм и лъабжьэр ди дежи гъэпсІылъа зэрыщыхьэуар.

- Ономастикэмрэ топонимикэмрэ ятеухуауэ езгъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм сэбэп яхуэхъуащ нэгъуэщІ зы Іэмали. Иджыри сыасисстенту, сэ къэсщэхужьауэ щытащ а лъэхъэнэм партым и обкомым и секретару щыта Бабич и автомашинэжьыр. А «Победа»-р зэзгъэпэщыжри, абы сису «щІэныгъэ нэгузегъэужьакІуэ» сежьат. Сэ къыззэхэзжьхьащ Кавказым и щІыналъэ куэд, си къэхутэныгъэхэм къыззщІезгъэубыдар щІыпІэхэм, бгыхэм, псыхэм, жылэхэм я фІэщыгъэцІэхэм я закъуэкъым, атІэ, цІыхуцІэхэмрэ унэцІэхэмрэ нэмыщІ, лъэпкъхэм я тхьэпэлъытэхэм я цІэхэр, хьэршым епхахэр, вагъуэхэм зэреджэхэр, нэгъуэщІхэми гулъытэ яхуэсщІащ. Апхуэдизу гъэгуанэм сэ зыбжанэрэ сащыхуэзащ турист гуп хэхахэм. СощІэж, абыхэм ящыщ зым сригъуэсу Кавказ бгы дыкъуакъуэм сыщъхэпрыкІащ уэ щытащ. Абы щыгъуэ къыщата «СССР-м и турист» дамыгъэм куэдрэ сигу кьегъакІыж си щІалэгъуэ хэшыжьэр, - и гукъэкІыжхэм хэтщ КІуэкІуэр. - Си тхылъхэм ящыщ гуэркэри сэбэп кьысхуэхъуащ дунейр зэзгъэльагъунымкІэ. ТопонимикэмкІэ япэ дыдэ тхыгъуэ щыта «Адыгэ щІыпІэщІэхэр» тхылъыр къыщыдэкІам щыгъуэ, абы хуэкІуэ гонорару сом мини 2-рэ сом 200-рэ къысатат. Абы сыщытепсэлъыхьыжкІэ, си пхъыфыгъэхэр къызоупщІ: «Дадэ, ар куэдт хьэмарэ мащІэт?» - жаІэри. Абы и жэуапыр мыращ. Си гонорарым щыщу сом 750-рэ къысатат. Абы щыгъуэ турист путёвкэ къэсщэхуауэ щытащ. «Пушкин Александр» жьыхиІэ кхъухьым сису дунейр ихъуреягъкІэ къызэхэсклухьащ. Зэпысчэ гъэзэгуанэм къызэщІиубыдащ Истамбыл - Афины - Неаполь - Рим - Париж - Лондон - Копенгаген - Стокгольм къалэлэшхуэхэр. Сэ а щІыпІэхэм щызэзгъэльэгъуауэ щытахэр куэдрэ си нэгу къыщІохьэж икІи сойуэтэж. Абыхэм ятеухуа тхыгъэхэри сурэтхэри щыІэщ. Апхуэдизу фІыгъуэр сльагъуну Іэмал къызэзытар тхылъым папщІэ къызата лэжьапщІэм и Іыхьэ щанэрт. ИтІанэ фэ жьафІэ, абы щыгъуэ къысхуагъэфащэуэ щыта гонорарыр куэдми мащІэми.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ХужаІахэм щыщ

«Лэжьыгъэшхуэ зэфІихащ профессор КІуэкІуэ Джэмалдин. Кавказ щІынальэр нэсу джыным мыхьэнэшхуэ щиІщ КІуэкІуэм зи лъабжьэр игъэтІылъа икІи лъэ быдэкІэ игъэува бзэщІэныгъэм и Іыхьэ ономастикэм. ЩІэныгъэлІым иригъэкІуэкІа апхуэдэ къэхутэныгъэр яльэІэсащ адыгэхэр щыпсэууэ Кавказ Ищхъэрэм щыІэ щІынальэ псоми - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Хы ФІыщІэм и Іуфэм Іус ТІуапсе, Лазаревскэ куейхэм».

КЪУМАХУЭ Мухьэдин,
РАЕН-м, ЩІДАА-м я академик, РАН-м Бзэ щІэныгъэхэмкІэ и институтым и къудамэм и унафэщІ, профессор.
1996 гъэ

* * *

«КІуэкІуэ Джэмалдин иригъэкІуэкІа щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэм я Іыпаларэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы пьлъэкІ фІэщыгъэ унейкэу псалъэ минэр зэрызэхуихьэсыжыфар, абыхэм я кьеджэкІэгъэкІ зэрыщыІэр. Ар ижь-ижь нэгъуэщІ а щІынальэм искъыми. Ар иджыри зэ нэрылъагъу тщыхъуауэ 2000 гъэм УФ-м фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкІэ иригъэкІуэкІа зэпеуэм и грантыр КІуэкІуэм ящыщхьам щыгъуэ. ЩІэныгъэлІым игъэхьэзыра «Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ я географие фІэщыгъэхэр» проектыр зэхьэзэхуэм и къэпщтакІуэ гупым нэхъыфІ дыдэу къалъытащ икІи абы и ЩІыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием Бзэ щІэныгъэхэмкІэ и институтым и Іэщ ІагъэлІэр дохъуэхъу илъэс куэд льандэрэ кьыддэлажьэ, къэрал, лъэпкъ ономастикэхэм зэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ яІэ профессор КІуэкІуэ Джэмалдин и махуэшхуэмкІэ икІи лэжьыгъэ купщІафІэ куэд иджыри и къалэмыпэм къыпыкІыну дыщогугъ. Германием щыІэ Гейдельбергскэ университетым и щІэныгъэлІ пажэ Хубшмид Йоханнес зэрыжиІащи, «КІуэкІуэм и лэжьыгъэхэр бзэ щІэныгъэм и къудамэ куэдым къыхэтыгъэхэр зэрыщегъэжьыгъэкІыпхъэм и щапхъэ нэсщ». Ар гулъытэ лъагэщ икІи КІуэкІуэм щыгъуэу дэри дрогушхуэ абы и зэфІэкІхэм.

СУПЕРАНСКАЯ Александрэ,
РАН-м Бзэ щІэныгъэхэмкІэ и институтым ономастикэ къэхутэныгъэхэр щезыгъэжьыгъэкІ гупым и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор.

● Хъуэхъу

Хэлъхьэныгъэ ин

Ди къэралым нэмыщІ, щІыпІэ жыжьэхэми щыцІэрыІуэщ КІуэкІуэ Джэмалдин и къэхутэныгъэхэр. Адыгэ щІэ уней зэхуэмыдзэхэр илъэс 50-м щІигъуауэ зэхуэзыхьэс икІи зыдж щІэныгъэлІым хэлъхьэныгъэ ин хуищІащ бзэ щІэныгъэм и Іыхьэхэм ящыщ ономастикэм и лъабжьэр Кавказым щыгъэтІылъыным. Абы иригъэкІуэкІа апхуэдэ къэхутэныгъэхэм я щапхъэ и лъэныкъуэ куэд къыззщІаубыдащ.

АДЫГЭБЗЭМ и тхыдэ гъэугуанэр, нэгъуэщІыбзэхэм еплъытмэ, апхуэдэуи кІыхькъым. Абы къыхэкІыу ар къэплъытэ хьунущ нэхъ бзэщІэхэм ящыщу. Апхуэдэу щыхъум деж, бзэм егъэщІылІа къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІынырщ куэдкІэ нэхъ гугъущ, сыту жыпІэмэ лъэпкъ тхыдэр къызыхэщыж тхыдэ дэфтэру е нэгъуэщІ тхылъу щыІэр куэд дыдэ хьуркъымри. Ахэр къэплъытэмэ, адыгэ фІэщыгъэщІэхэр джыным КІуэкІуэм хуищІыфа хэлъхьэныгъэр зы щІыху гъащІэм и кІуэцкІэ зэпыпэмыльащІыным ярейщ. Ауэ КІуэкІуэр нэмыфащ щІэныгъэм и лъагапІэм, абы и къэхутэныгъэхэри лъэпкъ щІэнгъуаз пэльытэщ. КъыкъэгъэщІапхъэщ адыгэ ономастикэр, адрей кавказ лъэпкъхэм яйм еплъытмэ, нэхъ лъэщу икІи купщІафІэу зэрыщытыр. Щэч хэмылъу, ар зи фІыгъэр профессор КІуэкІуэ Джэмалдинщ. Бзэ щІэныгъэр иджыри зыхунэмыса «щІыщІэхэр къэІэтыным» ерыщу икІи гушхуауэ яужь ихьа КІуэкІуэр ономастикэмкІэ, топонимиемкІэ лъагъэущІэкэр пхъышыа щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я дежкІэ уасэ зимыІэ зыгъэсфІыгъэщ КІуэкІуэм и къалэмыпэм къыпыкІа щІэныгъэ тхылъэр, псалъалъэ зэхуэмыдзэр, статья купщІафІэхэр. Псалъэм папщІэ, КІуэкІуэ Джэмалдинрэ абы ипхъу КІуэкІуэ Лейларэ зэдатха «Къэбэрдей-шэрджэс унэцІэхэр» тхылъымкІэ бгъэкІуэкІ хьунущ Къабардэ-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Урысей Ипщэмрэ я бзэмрэ я ономастикэмкІэ бгъэкІуэкІ

● ДифI догъэлъапIэ

Гъуазджэм и вагъуэ Гъэсашэ Наталье

★★★

«Сабий садым сыкIуэу арат уэрэд щыгъэхэлъхьам. Школ учебникым итт «Удэхэр щхъуантIэ мэхъу» жиIэу зы усэ щIыкIу. Макъамэ щIэслъхьэри, садым щыжысIащ. Илъэс кулд дэкIа иужьщ къыщысщIар а усэ дыдэр композитор Чайковскэм и макъамэ щIэлъу романсу зэрыщыIэр...». Апхуэдэ зэфIэкIхэр къызыдалъхуа Гъэсашэ Наталье нобэ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэщ, профессорщ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым уэрэд жыIэныжкIэ и кафедрэм и унафэщIщ. ЩIышыдэ мазэм Наталье и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуати, ар и щхьэусыгъуэу, уэрэджыакIуэм зыхуэдгъэзащ.

- Наталье, сэри Джылахъстэнейм сыщыщщ. Сыт хуэдэ гупсысхэмкIэ, гурыщIэхэмкIэ упыщIа ди Къэбэрдей ЦIыкIум. Сытхэр нэхъ щIэхыурэ уигу къэкIыжрэ?

- ЦIыхум щалъхуа щIыналъэм хуищIын хуей Хэку пIащIэм. Сигу къоКIыж псори: си сабиигъуэр, школым сыщыкIуар, зэрызызужьар. Сабийр дунейм къыщытехьэкIэ ину магъ, къэзрысщыхъумкIэ, сэ занщIэу уэрэд жысIащ. Ар къарууэ къыскхэзылъхьар си лъахэрщ. СщIэжыркъым уэрэд щыжызмыIа зэман щIагъуэ щыIауэ. Сабий садым дыщыкIуэм си дэлъху нэхъыщIэ Мурат къыжьэдэхуауэ щытащ: «Ди Таля (апхуэдэут унагъуэм къызэрыщызэджэр) артисткэ хъунущ», - жиIэри. Абы жиIар згъэпэжащ.

Ещанэ классым сыщеджэзу япэу утыку сыкъэихьащ. Нэхъапэ Iуэкlэ усэ цIыкIуэхэр, уэрэдхэр псейм дэж сыщыту Iыхьлыхэм яжесIэу щытамэ, иджы утыку ситт, абы си гур хигъахъуэрт. Ар гъэщIагъуэнтэкъэ, а ныбжьым уиту а псор зыхэпщIэну.

Макъамэ Iэмэпсымэхэр щыгъэтыгъуейм щыгъуэ, сощIэж, Тэрч жылэ псом (а зэманым ар жылэт) зы дохутыр гуэрым фIэкIа пианинэ зиIэ зэрыдэмысар. Дохутырым и унэм дыщыблэкIым дыззщIэувыIыкIырти, абы къыщIэIуKI макъамэхэм тфIэгъэщIагъэныщэу цIыкIухэр дедаIуэрт. ИужькIэ курыт школым фортепиан з къашащ. Арати Нэфлъашэ Мэхьмэд музыкэм дыщыхуигъасэ, нотэхэр щыдигъэдж дерсхэр иригъэкIуэкIын щIидзащ. Сэ абы къыдит псори нэхъуеиншэу зыхэслъхьэрт, псом хуэмыдэу нотэхэр фIыуэ ззэгъэщIати, 10-нэ классыр къэзэхыу Налшык макъамэ училищэм сыщIэтIысхьэну сыкъыщыкIуам, экзаменхэр къызэхьэлъэкIатэкъым. СольфеджиомкIэ диктантхэр щыдагъэтхкIэ, къэрэндащ къэзмыгъэсэбэпу, ручкэкIэ занщIэу стхыфырт. Ар къызэрызэхъулIэр куэдым ягъэщIагъуэрт. ИлъэсищкIэ а еджапIэм сыщеджауэ, 4-нэ курсыр къэзыух цIыхуитхум сахэту, Саратов консерваторэм дагъэкIуащ. Училищэр къэзухыным иджыри зы илъэс иIэжт абы щыгъуэм, ауэ фIы дыдэу слъагъу си егъэджакIуэ Хьэсанэ Мусэ: «КIуэ, къохъулIэнкIи хъунщ, зэчий уиIащ», - щыжиIэм консерваторием си щIэныгъэм щыпысщащ. Ауэ, сыт хуэдэу мыхъуами, лъабжьэ щыгъгъуэтар сыщалъхуа щыналъэрщ.

- Наталье, Жырыкъ Заур и «Хадэ къэгъэГа», «Утес», «Бахъсэн» уэрэдхэр цIыхубэм ягу къызэрибгъэнэжам хуэдэу, Молэ Владимир и IэдакъэщIэкIхэри утыкум дахэу щыбгъэзащIэрт. Дауэт къызэрыхэпхыр жыпIэну уэрэдыр?

- Уэрэдым, макъамэм уэ ззэрыхэдэм хуэдэу, езыми укъыщыких щыIэу къысщохъу. Ар уи гум, уи псэм зэрыдыхьэм, уи макъым зэрызыдищIым елъытащ. Къыщтэмэ, сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и композитор псомы я уэрэдхэр згъэзащIэу щытащ. Жырыкъ Зауррэ Молэ Владимирр къищынэмыщIауэ, сфIэфIу ХьэIупэ Джэбрэил, Османов Нихьат, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр утыку къисхьэрт.

- Къэхъурэ ахэр ноби унэм ущIэсу е ныбжьэгъухэм уахэсу щыжыпIэ?

- Ныбжьэгъухэм срагъусэу дыщыздежьу щыIэщ, ауэ си закъуэу уэрэд жысIэну сфIэфIыжкъым. Сыту жыпIэмэ, егъэджэн лэжьыгъэм махуэ къэс ущыхэткIэ, абы къару мымащIэ пIех, итIанэ, щIэх-щIэхыурэ уи макъым уемылэжьмэ, и зэфIэкIым хощ. Ар ещхьщ цIыхур земыкIуэу кIыхьу пIэм хэпъа нэужь, щIэх зыкъызэримыужьыжьыфым, зекIуэкIззэрыщыгъупщжьым... Ауэ, сыщыпщафIэкIэ *(нэхъ сфIэфI дыдэ Iуэхущхэм ящыщщ)* къохъу уэрэд цIыкIу гуэркэ къыщисш, радиом, телевиденэм къатхэм си гуапэу садожьу. Сыт хуэдэ уэрэдри а щыжысIэ дакъикъэм лъагъуныгъэкIэ согъэнщI, арыншауэ абы къедаIуэм ар и фIэщ пщIыфынукъым.

- «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и хорыр зэбграгъэкIыжа иужькIэ, гупым уэрэд щыжыпIэу уи закъуэ ухэтащ. Ар дауэ хъуат?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблыр зэрызэхэтам ещхьу, «Кабардинка» зыфIащыжа къэфакIуэ гупым уэрэджыакIуэу 5 игъуэсир фIэкъабылт республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм. АрщхьэкIэ апхуэдэ IэнатIэ пэрытину сэ нэмыщI нэгъуэщI зыри арэзы хъуакъым. СыхущIегъуэжьрэ, сым абы щыгъуэм къыхэха лъагъуэм. А ансамблым сыхэтущ апэу хамэ къэрал сыщыкIуар, сэ а зэманкэр нобэми согъэлъапIэ, си гум гуапэу щызохъумэ. Африкэ Ищхъэрэм и къэралиплI (Тунис, Марокко, Алжир, Ливие) яхэтт сэ сыздэщIыпIа щIыпIэ жыжьэхэм. «Кабардинка»-м цIэрыIуэ сищIат, абы и фIыгъэкIэ къэрал концертхэм сихагъэхьэ хъуат. Уеблэмэ гупым сыкъыхэкIыжу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием сыкIуэжа иужькIи, хамэ къэрал куэдым сагъэблагъэу щытащ.

- Къэрал къэс гъэщIэгъуэнагъ гуэркэр щыплъэгъуагъэнщ-тIэ...

- Хьыбар зэмылIужькыгъуэ куэд си гум къинэжащ. Концерт ттыну а зэманкэм дыщежьэм худсоветыр тKийуэ ди программэм хэплъэ. Пшыхьым щыдгъэлъэгъуэнур дыздэкIуэ къэралым сыт и лъэныкъуэкIи хуэкIуэн хуей, абы щыгъуэми ди щIыпIэм дызэрыригъэпагэр къыхэщу Хэкум теухуа уэрэдхэр, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи, дгъэзэщIапхъэт. Сэ сыт щыгъуи жысIэрт Темыркъан Борис и «Адыгэ макъамэр». Ар псэкIэ спэгъунэгъут, ущынэщхьеими нэжэгужэ укъищIырт. Сыт хуэдэ утыку щыжызмыIами, ехъулIэныгъэ иIэт а уэрэдым.

Голландием концерт щытырт. УэрэдитI згъэзэщIа нэужь, зы цIыхухъу гуэр удз гъэгъа Iэрамэ иIыгъыу къыздбгъэдыхьэри, урысыбзэкIэ къызжиIащ Шэрджэсым зэрыщыщыр, зэрыпрофессорыр. Сэ ар си гуапэ хъуати, къыкIэлъыкIуэ уэрэдыр згъэзэщIэн и пэ, пэшым щIэсхэм зэхахьу: «Иджыпсту жысIэну уэрэдыр си лъэпкъэгъуэм тыгъэ хузощI», - жысIащ. Макъамэр ирашэжьащ, сэри абы сыдежьуэ си уэрэдыр согъэзащIэ. КъэсщыхуагъащIэ профессорыр напIэзыпIэм къыщолъэтри: «This lady from my land!» (Мы бзылъхугъэр сэ си лъахэгъущ!), - жеIэри ину къоКIий. Концертыр иуха нэужь, лIыр аргуэру къызбгъэдыхьауэ щытхъу, фIыщIэ псалъэхэмкIэ сыщIегъанэ. Абдеж къыздикIари къыздыкъуэхуари къыдгурымыIуэу цIыхухъу IэчлъэчитI къыIухьэри, си лъэпкъэгъумрэ сэрэ лъэныкъуэ зырызкIэ дызэбграшащ. Профессорыр цIыху жан гуэру къыщIэкIати, къэмыIэбжьу: «Абы и зы щхьэц налъэ къыхэхумэ, совет посольствэм мафIэ ныфщIэздзэнщ», - жиIащ. ИужькIэ къыжжаIащ а цIыхухъыр Хэкум иIэпхъуКIахэм зэращыщыр, сепсалъэу къызэрыхуамыдэнур.

Сыздащыта къэрал къэс, зэрыжьпIауэ, хьэлэмэт гуэр щысльэгъуащ. Зэпымыууэ жысIэжхэм ящыщщ мы зи гугъу пхуэсщIыну хъыбар цIыкIури. «Утушка луговая» урыс цIыхубэ уэрэдыр зэгуэр згъэзащIэу щытащ. Абы едзыгъуэ къэс «ой-лю-ли» псалъэхэмкIэ уежьуун хуейт. Гвинеерт Iуэхур щекIуэкIри, сызэрихабзэу, си гум хыхьэу согъэзащIэ «Утушка луговая»-р. Пшыхьым щIэсхэм я дыхьэшх макъэр щыпIэщIыпIэкIэрэ къыщыпхоIуKI, къэхъуар къызгурыIуэркъым. Пшыхь нэужьым къыджаIащ бысымхэм я бзэкIэ «ой-лю-ли» псалъэхэм къеЖьэзгъ гуэр къыздэкIыр. Сыт тщIант, ар зэтхъуэкIащ «ой-дана-дана» ежьумкIэ.

- 1992 гъэ лъандэрэ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтым ущолажьэ...

- Институтыр къызэрыунэхуэр зыужьыныгъэм и гъуэгум тетщ, абы и егъэджакIуэхэри щхьэж и IэнатIэм хуэIэижь зэрыхуэхъуным пылъщ. ЕджапIэм и лъэщагъым зиубгъуху, Борис и «Адыгэ макъамэр». Ар псэкIэ спэгъунэгъут, ущынэщхьеими нэжэгужэ укъищIырт. Сыт хуэдэ утыку щыжызмыIами, ехъулIэныгъэ иIэт а уэрэдым.

Голландием концерт щытырт. УэрэдитI згъэзэщIа нэужь, зы цIыхухъу гуэр удз гъэгъа Iэрамэ иIыгъыу къыздбгъэдыхьэри, урысыбзэкIэ къызжиIащ Шэрджэсым зэрыщыщыр, зэрыпрофессорыр. Сэ ар си гуапэ хъуати, къыкIэлъыкIуэ уэрэдыр згъэзэщIэн и пэ, пэшым щIэсхэм зэхахьу: «Иджыпсту жысIэну уэрэдыр си лъэпкъэгъуэм тыгъэ хузощI», - жысIащ. Макъамэр ирашэжьащ, сэри абы сыдежьуэ си уэрэдыр согъэзащIэ. КъэсщыхуагъащIэ профессорыр напIэзыпIэм къыщолъэтри: «This lady from my land!» (Мы бзылъхугъэр сэ си лъахэгъущ!), - жеIэри ину къоКIий. Концертыр иуха нэужь, лIыр аргуэру къыздбгъэдыхьауэ щытхъу, фIыщIэ псалъэхэмкIэ сыщIегъанэ. Абдеж къыздикIари къыздыкъуэхуари къыдгурымыIуэу цIыхухъу Iэчлъэчитl къыIухьэри, си лъэпкъэгъумрэ сэрэ лъэныкъуэ зырызкIэ дызэбграшащ. Профессорыр цIыху жан гуэру къыщIэкIати, къэмыIэбжьу: «Абы и зы щхьэц налъэ къыхэхумэ, совет посольствэм мафIэ ныфщIэздзэнщ», - жиIащ. ИужькIэ къыжжаIащ а цIыхухъыр Хэкум иIэпхъуКIахэм зэращыщыр, сепсалъэу къызэрыхуамыдэнур.

Сыздащыта къэрал къэс, зэрыжьпIауэ, хьэлэмэт гуэр щысльэгъуащ. Зэпымыууэ жысIэжхэм ящыщщ мы зи гугъу пхуэсщIыну хъыбар цIыкIури. «Утушка луговая» урыс цIыхубэ уэрэдыр зэгуэр згъэзащIэу щытащ. Абы едзыгъуэ къэс «ой-лю-ли» псалъэхэмкIэ уежьуун хуейт. Гвинеерт Iуэхур щекIуэкIри, сызэрихабзэу, си гум хыхьэу согъэзащIэ «Утушка луговая»-р. Пшыхьым щIэсхэм я дыхьэшх макъэр щыпIэщIыпIэкIэрэ къыщыпхоIуKI, къэхъуар къызгурыIуэркъым. Пшыхь нэужьым къыджаIащ бысымхэм я бзэкIэ «ой-лю-ли» псалъэхэм къеЖьэзгъ гуэр къыздэкIыр. Сыт тщIант, ар зэтхъуэкIащ «ой-дана-дана» ежьумкIэ.

Кавказ Ищхъэрэм и уэрэджыакIуэхэм я V зэпеуэр зыхуей хуэзауэ екIуэкIащ, абы и къэпщытакIуэ гупым хэтат Урысейм и лIыкIэхэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым пщIэ зиIэ и цIыхухэри. Апхуэдэт Мариинскэ театрым и Оперэ уэрэджыакIуэу ныбжьыщIэхэм я академиемк и художественнэ унафэщI, Осетие Ищхъэрэ-Аланием оперэмрэ балетымкIэ и лъэпкъ театрым и унафэщI, Хетагуровым и цIэр зезыхьэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Галаов Анатолэ, УФ-м, Украинэм, Польшэм щIыхь зиIэ я артист Гергиевз Ларисэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым и художественнэ унафэщI икIи дирижер нэхъыщхьэ, УФ-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Композиторхэм я зэгуэхэныгъэм и унафэщI Темыркъан Борис, искусствоведенэмкIэ доктор, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Ащхъуэт Бесльэн сымэ. ЩIалэгъуалэр апхуэдэ цIыхухэм яIущIэху, дэтхэнэми я къэухьыр нэхъ ин мэхъу. Апхуэдэ фIагъэр сэ хьэлъагъуэ зэхьэзэхуэр ебгъэкIуэкIыным.

Сыхуейт ди щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я пщIэр емыхуэхыу, дунейм къыщыхъу зэрыхьэрий къомым хэмыгъуащэу ахэр диIэну. Бззэрым, автобусым, тыкуэнхэм къыщеуэ хабзэ уэрэд мыхьэнэшэ цIыкIухэм уи тхьэкIумэр тозашэ, уи псэр пагъэху. Ахэр щымыIэн щхьэкIэщ зэхьэзэхуэхэр къыщIызздгъэпэщыпхъэр. ЖысIэркъым ди щIалэгъуалэм арие, романс фIэкIа ягъэзэщIэн хуэмейуэ, ауэ ухуэмыхьэзыру утыку уихьэныр емыкIущ.

- Артистхэм ныбжьэгъу куэд яIэ хъунщ...

- НыбжьэгъуэкIэ сэ щIэх-щIэхыурэ Совет Союзым и щIыналъэхэм концерт стыуэ къыщыскIухьу щытащ. Зыкъыщыгъэлъагъуэрт Профсоюзхэм я унэми, съездэр щекIуэкI Кремль уардэунэми, нэгъуэщI утыкухэми. Дэнэкъэ сымыкIуэми, ныбжьэгъу куэд щызиIэт. Абыхэм ящыщу си гуапэт я цIэ къисIуэну композиторхэу Казенин Владислав, Лядовэ Людмилэ, уэрэджыакIуэ Образцовэ Еленэ сымэ.

Дауи, ныбжьэгъуэхэмрэ цIыхугъэхэмрэ си мащIэкъым, ауэ нэхъ гъунэгъу дыдэу сиIэр Бэгъуэтыкъ Светланэщ. Ноби гуапэу сигу къоКIыж «Кабардинка» къэфакIуэ гупым хэта си ныбжьэгъу бзылъхугъэ цIыкIухэри: Мысанэ Валентинэ, Нэгъуд Любовь, Къарэжь Людэ сымэ. ЦIыхум, сыт хуэдиз хуэзфIэмыкIами, ГъащIэм и IэфIыпIэр щызыхищIэр а и екъулIэныгъэхэм щыгуфIыкIын ныбжьэгъу къыщыкъуэтырщ. Сэ а фIыгъуэм Тхьэм сыхимынауэ къыщцохъу икIи фIыщIэ яхузощI фIыуэ сыкъэзылъагъу псоми.

Епсэльар

БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Артист цIэрыIуэ Вицин Георгий Налшык щохьэщIэ. *1992 гъэ*

И лэжьэгъуэхэм яхэсщ. *2008 гъэ*

Африкэ Ищхъэрэм щата концертым иужь зытрагъэха сурэт. *1968 гъэ*

ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ

1615 - 2015

Зеикъуэ къуажэ

Бгыхэм, къуэхэм, джабэхэм, Iуащхьэхэм, псынэхэм, хъупIэхэм, мэкъупIэхэм я цIэхэр

Афэбг - къуажэкум хуэзащIэ бгы лъагэ, и щыгр мэзрэ мэкъупIэрэщ.

Хьэрэкхъуэрэ - къуажэм къыщхьэщыт бгы задэ.

Сэрэджыкъуэ - къуэ куу, псыкIантIэ дэтщ.

Фэндыкъуэ - Сэрэджыкъуэ къыпыт къуэ.

Щтаучыкъуэ - Къэзаныкъуей ищхъэрэIуэкIэ; псыкIантIэ къыдож.

Аргъеикъуэ - псыкIантIэ зыдэт къуэ куу.

Къэзаныкъуей - Бахъсэнпсым къыщхьэщылъ щIы, бжьэпэ. Абдеж дэса къуажэм щыпсэуащ Къэзанокъуэ Жэбагъы, абы и унэ лъабжьэр (щIыунэр) къызэтенащ.

Мыщокъуэ - псыкIантIэ зыдэт къуэ, ШэпапкIэ зэджэ псыкъелъэ цIыкIуитI ущрохьэлэ.

Зеикъуэ - къуажэкум ипщэIуэкIэ узыщрихьэлэ къуэ.

Зеикъуэ дыгъафIэ - къуажэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр.

Къалэжь - Хьэрэкхъуэрэ ипщэIуэкIэ, къалэ-быдапIэ, ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ иригъэщIауэ щытащ.

Джэдмышх - къуажэ щIыбым дэт мэкъупIэ.

Джэдмышх Жыжьэ - мэкъупIэ, псыкIантIэ ущрохьэлэ.

Нартыхукъуэ - къуэм мэз дэтщ, псыкIантIэ къыдож. Псыр Зеикъуэрэ ХьэтIохъужьнрэ я щIыр щызэпылъ гъунапкъэщ.

Хьэцыбанэкъуэ - мэкъупIэ.

ЕкIэпщIэкъуэ - мэкъупIэ.

КъитIэтIыкъуэ - мэкъупIэ, хъупIэ.

Бырсыкъуэ - мэкъупIэ, хъупIэ.

Брамыкъуэ - мэкъупIэ, хъупIэ.

Алэщокъуэ - мэкъупIэ, хъупIэ.

Алэщокъуэ лей - гъавэщIапIэ.

ЛампIэжьыкъуэ - мэкъупIэ.

ЩIылъэмыж - зи джабитIри задэ гу гъуэгу.

Псыгуэн - ЩIылъэмыжым и лъапэм тет псыкъуий.

Уэтэрыжь - Аргъеикъуэ псыщхьэ тет хъупIэ, мэкъупIэ.

Гублэрыгъэш - мэзылъэ, чыбжэгъу щыпхущI.

Бгыху - Уэтэрыжьым узэрыкIуэ гъуэгум ущрохьэлэ.

Мывэ пкIэлъеЙ - Уэтэрыжьым адэкIэ мэзым зэрыхьхьэ лъагъуэ.

Шэпап - Адэфгрэ Сэрэджыкъуэрэ я зэхуакум хуэдэж Мыщокъуэ псым (къуэм удыхьа нэужь) узыщрихьэлэ псыкъелъэ; тIу мэхъу.

Псыбгъунж - Бахъсэн къыхэхуэ Гундзэянпсым зэреджэ цIэ.

Сэхуфг - сэху щыхах бгы, Хьэрэкхъуэрэ и лъапэм.

Шыдуанэ - Сэрэджыкъуэ узэрыдыхьэ щхьэдэхьпIэ.

Хьэкъуафэ - мэзым зэрыхьхьэ лъагъуэ, Шыдуанэм уфIэкIрэ ипщэIуэкIэ дэбгъэзеймэ (Сэрэджыкъуэ удэмыхьэу).

Бэтэх - къуэ, мэзылъэ, Фэндыкъуэ удэмыхьэ щIыкIэ.

Чынчыкъуэ - мэзылъэ, Гублэрыгъэшым уфIэкIрэ губгъуэм уихьэмэ.

Сэрэш - шэдылъэ, Гублэрыгъэшым уфIэкIрэ губгъуэм уихьэмэ.

Гуащэ и псынэ - Зеикъуэрэ Абзуанхьэблэрэ я гъунапкъэм къыщыщIож.

Борэ и Iуащхьэ - Адэфг лъапэ тетщ. Борэж (Борэжь) и хъыбар куэд къыхэнащ адыгэ IуэрыIуатэм.

ХьвыIуэжь - Адэфг лъапэ узыщрихьэлэ хъупIэ.

Хьэсэнэпапэ - джабэ нэкIу, Бахъсэн псым ижьырабгъум.

Екъуб и къуэжь - Зеикъуэ къуажэкIэм (Бахъсэнпсым и сэмэгурабгъумкIэ) узыщрихьэлэ бгы зэхуаку.

Хьэжым и тIыгъэ - бгыщхьэм, губгъуэм узэрихьэ гу гъуэгу, езыгъэтIам и цIэр фIащыжауэ.

Джабэрыекъуэкl - Алэщокъуэ удэзыш гъуэгу.

Тыжьхэ я псыгуэн - бгым удэкIа нэужь, япэу узрихьэлIэ псыкъуий.

Кхъуэнэкхъэ - Хьэрэкхъуэрэ бгым хэт гъэпщкIупIэ.

КъуэпэIущIэ - Тыжьхэ я псыгуэнэр зыдэт къуэм, Испъэмейм я щIым умыкъэ щIыкIэ.

Къалмыкъ псынэ - къуажэ щIыбымкIэ, Алэщокъуэ и лъапэм.

Жанокъуэм ищI - Джэдмышх Жыжьэм пэблагъэ хъупIэ, мэкъупIэ.

Шыдыгъу бо - Хьэрэкхъуэрэ джабэ кIэрыт бгъуэнщIагъ.

ТхьэлъэIупIэ Iуащхьэ - Бахъсэнпсым и ижьырабгъумкIэ къуажэм къыщхьэщыт Iуащхьэ; Афэбг пэжьыжьэкъым.

Хьэкуардэ - Афэбг лъапэ узыщрихьэлIэ щIыпIэщIэ.

Бруукъуэ - Бахъсэн псыхъуэ и бгъуэзапIэм, Хьэрэкхъуэрэ хуэзащIэу бру-быдапIэ зыдащIыхьауэ щыта къуэ зэв.

ЗЕИКЪУЭ хьэблэ-хьэблэурэ псыхъуэм дэгуэшауэ къэгъуэгурыкIуащ Iэджэ лъандэрэ. Абыхэм ящыщщ псалъэм папщIэ, Думэныкъуей, Хьэмгъурокъуей, Борэ хьэблэ, Бжьэхъуэкъуей, Хьэтыкъуей, ПщыщIыкIу хьэблэ, нэгъуэщIхэри. Къазий и къуэ ХьэтIохъущыкъуэ пщы яхуэхъуа нэужь, а хьэблэхэм зы цIэ зэрахьэ хъуащ - ХьэтIохъущыкъуей.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Палестинэм и джакIуэ

Деруиш Мыхьмуд дуней псом щыщIэрыIуэ, саугъэт лъапIэ зэмыIэужьыгъуэхэр зыхуагъэфэща палестинэ усакIуэ, тхакIуэ гъуэзэджэщ.

Галилейм и къухьэпIэмкIэ щыIэ Аль-Бируэ къуажэм 1941 гъэм къыщалъхуащ Мыхьмуд.

Ар Деруишхэ Самиррэ Хъурие - рэ я сабий етIуанэт. Зи адэр мэкъумэшыщIэ, зи анэр щIэныгъэншэ щIалэм еджэным гу хуезыгъэщIар и адэшхуэрщ. Израиль къэралыгъуэр къызэрагъэпэщу, журтхэр къуажэм къытеуа нэужь, зи ныбжьыр илъэсиблым ит Мыхьмуд Ливаным къыщыхутащ, и унагъуэм теухуауэ зыри имыщIэу... Илъэс дэкIыу щигъэзэжам, абы и къуажэр щыIэжыхэтэкъым. Деруиш псэупIэ хуэхъуащ Аккэ (а зэманым ар Израилым щыщ хъуакIэр) пэгъунэгъу Дераль-Асад къуажэр, школми щIэтIысхьащ. Зэман дэкIри, Хьэйфэ къалэм Iэпхъуащ.

И ятэ усэхэр зэрыт «Къуалэбзу дамэншхэр» тхылъыр къыщыдигъэкIам Мыхьмуд и ныбжьыр зэрыхъур илъэс 19-т. Мыри гъэщIэгъэнщ. 1970 гъэм СССР-м къакIуэри, Ломоносовым и щIэр зезыхьэ Мэзкуу къэрал университетым илъэскIэ щеджащ.

Палестинэр Израилым къыIэщIэгъэкIыжыным щIэбэн организацэм 1973 гъэм хыхьа нэужь, ар Израилым къикIын хуей хъуащ.

1995 гъэм Мыхьмуд Израилым и унафэщIхэм елъэIуащ, и ныбжьэгъум и жэнэзым хэтын папщIэ, Хэкум ирагъэхьажьну. Ар хуит ящIащ Хьэйфэ къалэм махуилIкIэ щыпсэуну. 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-рщ ар иужь дыдэу Израилым щихьар. Америкэм и Техас штатым хыхьэ Хьюстон къалэм дэт сымаджэщым Деруиш и гур операцэ щащIауэ е екIуэри, абы илIыкIащ.

Мыхьмуд дунейм щехьжам Палестинэр махуищкIэ щыгъуащ.

Палестинэм и Лъэлкъ организацэм и унафэщI Аббас Мыхьмуд абы щыгъуэ мыпхуэдэу жиIэгъащ: «Нобэ дэ псоми ди зэхуэдэ гуаузшхуэщ, Палестинэр фIыщэу зыльэгъуа, лъэпкъым къыщхьэщыжьным гуащIэ ин дыдэ езыхьэлIа цIыху гъуэзэджэр тхэкIыжащи. А гуаузшхуэм ижь дэ къытщIимыхуу къэнэнукъым, ауэ ди гур егъэфI абы и гъэсэн гуп къызэрынам, ахэр я егъэджакIуэм и гъуэгум темыкIыну быдэу дазэрыщыгугъым.

Деруиш и хьэдэр кхъухьлъатэкIэ США-м кърахыжри, Иорданием яхьащ икIи Палестинэм и ныпыр зытеубгъуа бэным дэлъу щIалъхьащ.

УсакIуэм хуагъэфэщауэ щытащ мыпхуэдэ тыгъэхэр: Азиемрэ Африкэмрэ я тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и «Лотос» саугъэтыр (1969), «Лъэпкъхэм яку дэлъ мамырыгъэр зэригъэбыдэм папщIэ» Ленин и цIэр зезыхьэ дунейпсо саугъэтыр (1983), Гъуазджэмрэ щэнхабзэмкIэ орденыр (Франджы, 1993), «Дыщэ таж» (2007), нэгъуэщI кузди.

Истамбыл, Боспор тенджыз дыхьэпIэр.
Сурэтыр **Джимокъуэ Фарукъ** *ищIащ.*

Литературэм и илъэс 2015

ХЬЭТКЪУЭ Яшар (Тырку Республикэ)

Уэрэд

Дытесу нэпкъым пщыхьэщхьэм
Дзапэ уэрэд догъэзу,
Мыжыкъэу дблосыкIыр кхъухьхэр,
Уэгум щолъатэ бзур.
КъытхуоплъэкIхэр ахэр нэфIэгуфIэу,
Я гугъауэ дэ дынасыпыфIэу.
АдэIуэкIэ псы Iуфэ пшахъуэм
ЦIыхухэр хэпъщ дыгъэпсым, я гур хэхъуэу,
И хъыр псым хелъафэ бдзэжьеящэм,
Бдзэжьей кIыубыдыныр и гуращэу,
ТетIысхьэпIэм тесщи зы лIы гуэр,
Дэ къыдоплъыр тгримыхыу нэр.
Ди уэрэдым дищIу насыпыфIэ
КъафIэщIауэ къыдоплъ нэфIэгуфIэу.
ПщIэншэу уэгур къелъэтыхьыр бзум
Химылъагъуэу къиубыдын тенджызым.
ТетIысхьэпIэм тес лIыри мэхущхьэ, мэщатэ,
КъыгурымыIуэу ди дзапэ уэрэдыр.
Дэ къытпежьэнукъым лъагъуныгъэ
макъамэр,
Ар къапежьэнукъым бдзэжьеящэм,
Я унэ кIуэжу кхъухьым ис къомым
А уэрэдыр итынукъым ахэр зэджэ тхылъхэм,
ТетIысхьэпIэм тезэшыхь лIым и лъым
Хыхьэнукъым зэи а пшыналъэр.
МэжэлIауэ уафэгум ит бзуми
ХужьIэнукъым а уэрэдыр зэи.

Истамбыл, 1985 гъэ

Кхъуафэжьейр щхьэпрыдзауэ хэлъщи
пшахъуэм,
Сабий цIыкIуитI щоджэгур я гур хэхъуэу.
Дыгъэм зрегъэури бдзэжьеящэм
Бдзэжьей фIидыгъуну, джэдур къопщыр.

Бдзэжьеящэ лIыжь, хуэгъэщхъ Тхьэм уи
щхьэр,
Уи закъуэщ уэри, мо джэду къэпщым ещхьу,
Лэжьыгъэ хьэлъэм Iэпкълъэпкъыр
игъэхулIэу,
ХэкIуэтащ уи ныбжь, умэжэщIалIэщ...

Ауэ еплъыт мо пшахъуэм щыджэгу
сабийхэм,
Ахэм Iэзэу къыщаубыд бдзэжьей
Пшахъуэу хэджэгухьым дыгъэ бзийм.

Сэ лъахитIым сахуолажьэ

«Сэ сахуолажьэ лъахитIым», -
Желэр Мыхьэмэт.
- КъигъэщIащ цIыхур иIэу IитI, -
Кърет абы жэуап Ахьмэт.

Тэмэмщ и псалъэхэр Мыхьэмэт,
ГурыIуэгъуэщ и жэуапри Ахьмэт.
ЛэжьапIэншэу, лэжьапщIэншэу
Щыс щIалэ си благъэм
Абыхэм къахихынур
Сыт хуэдэ губзыгъагъэ?



Хамэ щIыналъэ

- УIэгъэ уэхъуауэ ара, си тIасэ?
- Си лъакъуитIым сыкъагъэгузасэ.
Ауэ схуигъэтыншу мащIэу си псэр,
Хущхьуэгъуэ схуэхъур мывэ сызытесырщ.

Сыхамэщ уэркIи. Сигъэхужт уи гум,
Сэ дзыхь яхуэсщIкъым сондэджэрым,
Щэн-къэщэхуным хужжыджэрым.
Сыкъыззэрелын хьэхуэмылъагъуу си нэм,
Сыщошынэр уахътыншагъэм,
хьэфиз пцIанэм.
Ауэ сыщыбауэкIэ мывэр мэгызыр,
Мэщатэ, и гур къысщIэгъуу тенджызыр.

Зонгулдак къалэ

ГъащIэм и гурыфIыгъуэ

Сыту пIэрэ нобэ къэхъуар,
Апхуэдизу насыпыфIэ сыщIэхъуар?
Лъагъуныгъэм сиубыда нэхьей,
Дзапэ уэрэдыр жысIэрейщ.

Щхьэгъубжэ

ЗэIуэодзыр щхьэгъубжэр пщэдджыжькIэ,
Сыдэплъэну Истамбыл нэхъ Iэгъуэу:
Уэрамым ирокIуэ сабийхэр зэщIыгъуу,
ЦIыхубзым егъэкъабзэ алэрыбгъур.
МэжэлIарэ хъуапсэнэIу фIэхъуауэ гур,
ЩIэтщ щхьэгъубжэ лъабжьэм зы лIы гуэр.
Іупщу солъагъур унащхьэ плъыхьэр,
МыпIащIэу уэгум хэшпсыхь пшэ хужьхэр.

Сыдэплъэну Истамбыл нэхъ Iэгъуэу,
Сыдэплъэну къалэм нэхъ щIэщыгъуэу,
Си щхьэгъубжэр зэIусхамэ сытым щыгъуи
Пщэдджыжь къэсыхункIэ къызолъагъур
Уэрамым ирикIуэу сабийхэр зэщIыгъуу,
ЦIыхубзым игъэкъабзэу алэрыбгъур,
Плъыжь зэфэзэщу хэлыдыкI унащхьэхэр,
Пшэ хужьхэу уэгум зыщызыхущыхьхэр,
МэжэлIарэ хъуапсэнэIу фIэхъуауэ гуэр,
Щхьэгъубжэ лъабжьэм щIэту зы лIы гуэр.

Анкара къалэ, 1990 гъэ

ЖысIэшхуаи щыIэтэкъым апхуэдэу

ЖысIэшхуаи щыIэтэкъым апхуэдэу,
Гуэзрыдзэ къысхуащIын хуэдизу,
Арагъэнущ адрейхэм хуэмыдэу
Нобэ сыщIэпсэур си ныбэр изу.

КIиигъахэр макъыр ягъэлъащэу
Исхэщ ирадзахэу лъэхъуэщхэм.
Сэ сыщысщ щхьэхуитуи, солъагъур -
Зыри жумыIэнри мыщIагъуэ.
(Сызэрыщымар зыхуэощIыжыр дагъуэ).

Истамбыл, 2003 гъэ

ДЕРУИШ Мыхьмуд и усэхэр

Си паспортыр

Мис си паспортыр,
Сыхьэрыпщ сэ!
Ар зыгурыгъаIуэ.
Си паспортым и номерыр 5000-щ,
ФIыуэ еплъыт:
Быни 8 сиIэщ,
Ебгъуанэм бжьыхьэм сыполлъэ.
Укъэгубжьа?
УмыщI уи Іупщlакlэр,
Сыхьэрыпщ сэ,
Ар ныбжеслакIэщ!
Махуэ къэскIэ сокIуэри, ситщ губгъуэм,
Мывэ быдэр щызохьэжыр къырым.
МэжэлIахэщи, хуейхэу шхэну,
Къыщыдожьэр си унэм си бынхэр.
Тхьэ хуэоIуэ щIэмычэу мывэм,
Къахуэзлжьыну быным щыгъын, гъавэ,
Еджэным папщIэ псори зыхуеинур.
Ауэ сыпщылIкъым щхьэщэ ныпхуэсщIыну.
Угубжьрэ?
ЗыгурыгъаIуи,
Тхы, Іупщlэ умыщIу!
Сэ - сыхьэрыпщ,
СыщIэншэжьым, сымыщIэрыIуэми.
Сэ сыбзшэчщ,
Си псэм Іэджи хуэшэчу.
Ауэ ди Іуэху мыщIагъуэм
Губжьыр гум щегъэбагъуэ...
А губжь пшахъуэм хожьхь си лъабжьэр,
Зейтунми нэхърэ куэдкIэ сынэхъыжьу.
Сэ сариныбжьщ мывэжьхэу
Зи эхуакухэм къадэкIыкIым удэ.
Лъы щхьуантIэкIэ эджэхэми сащыщкъым,
Сыщытакъым пшауэ е уэркъыу.
Си адэр мэкъумэшыщIэщ,
Си адэшхуэми гъавэ ищIэрт.
КъызэрыгугъкIхэм ящыщщ си лъэпкъыр,
Си унэр мрамору дэщIеякъым.
Къыхэщ1ыкIауэ ятIагъуэм,
Си унэжь щIыкIыри мыщIагъуэ.
Иджы къыбгурыIуа?
СыкъызэрыгугъкIщ,
Сыеджагъэшхуэу си цIэ кърамыIуэу.
ЗыгурыгъаIуэ!
Сэ - сыхьэрыпщ,
Си нэхэр къарэщ шейкъарэу,
Си щхьэцри фIыцIэщ фIамыщIу.
Си дамыгъэхэу сыкъызэращIэр:
УлъэIэсамэ, зыхэпщIэу
Жырым хуэдэу,
Си Іэхэр быдэщ.
Сыщыпсэур къуажэжь цIыкIущ,
Мамырыгъэр щытепщэу,
ЩамыцIыхуу цIыхухъухэм Іэщэ.
Я Іэмэпсымэщ гъубжэр, пхъэIэщэр...
Тхы! Псом ягъэ быдэу итхэ:
СльаГуркъым цIыхухэр жагъуэу,
Сыхуейкъым зыри Іей хуэзэу,
СфIэфIкъым бзаджащIэм кхъыхуэгъум!
Мыри зыщумыгъэгъупщэ:
Ди лъахэм гъаблэр
Къыщихьэм,
Іэщэ къыдощтэри, былымаблэм
Къытыдохыж ди щIакхъуэ Іыхьэр!

Си анэ

Сытым хуэдэу сахущыщIэрэ
Си анэм и щIакхъуэ Іыхьэм,
Жьэгум дэсу шей щысхуищIкIэ
Іэ щабэхэу къыдилъэм си щхьэм...
Анэ бгъафэм сыщыщIэлъа
Сабиигъуэр щIокIыжыр нэгум,
Абы нэхъыфI сытемыплъа
Пэлъытэу къинэжащ ар си гум.
Анэм игу хэзмыгъэщIын папщIэ,
СымылIэжу есхьэкIынт си гъащIэр.
Уахътыншэ щыIэжьым, сыкъахьижмэ, сылIэу,
Щыгъуэ Іэльэщ1у сешыхьэкI уи пIэм.
Си гуапэ хъунт, си кхъащхьэм къытеплъхьам
Удз, уи лъакъуэ къабзэхэм къыщакIухьар...
Уи щхьэц налъэ къызэпшыхьэкIрэ,
СызэщIупхэжмэ уи джанэ къуащIэ
Іуданэкlэ,
Зыкъысщыхъужьынт итIанэ, сытхьэу
Мы хьэрш гъунэншэм сыхыхьэу!
Сыт щыгъуи суригъынэгъунэм папщIэ,
Си Іэпкълъэпкъымкlэ хьэкум мафIэ ищIэ...
Уи унэ бгыкъуэхэм сафIэщIэ
Жьыщыгъэ кIапсэу,
Жьы сыхъуащи, нехусыр си псэм,
Си лъэр щIэхуу,
Си сабиигъуэм и вагъуэ нэхур
Къэнащ икъукIэ спэжьжьэу.
Я хьэтыркIэ уэ пщIы нэмэзхэм,
Сигъэхьэж а вагъуэм и нэзым.
Бланэ щалъху зэрыкIуэжьым ещхьу,
СынешэлIэж уи жьэгупащхьэм.

Зейтун* - оливкэ

Лъэхъуэщ

Зихъуэжри си псэупIэм,
Захъуэжауэ икIащ псори я пIэм.
Захъуэжащ сыщышхэ зэманм,
Си теплъи, си нэгуи, си щыгъыни,
И бжыгъэм сызэфэми тутыну,
Уеблэм, мазэ дыдэм и теплъи,
ИтIани, лъапIэщ си дежкIэ мы щIылъэр -
Дахэрэ хуиту, нэхуу,
И щIыгулъымэр къысщыхъуу дыхуу.
Шхын къызэрыгуэкIри гурыхьу
Къысщыхъужу, сытетт си унащхьэм,
ЩIэрыпсу уафэгум къихьэ мазэм
Си гугъапIэм и нэр топлъызэ.

Сурэтищ

Мисыр си адэр,
ИмыщIэу жыхуаIэр псэху,
Зэхиукlами гугъуехьым,
Лэжьащ и къарум къихьыху.
Сабийхэр игъасэу,
Гъавэ хисэу,
Мыхуэлэжу и гуащIэр
ЩIым къытенэным папщIэ.
Си къуэшыр щIалэт,
МытIысауэ и акъылыр,
Зэхичэтхъэжырт и щыгъыныр.
Си шыпхъум къищтэрти мастэ-
Іуданэ,
Къэлътмакъ къыхищIыкIт чэтхъахуэм.
Дэтхэнэми Іуэху гуэр зэрихуэрт.
ИухьжакIым зэи си адэм и гур,
ЩIиИуантIэрт пащIэр, хъищтэрти
хьэфIанэ,
Зэхилъхьэжырти къаруэ къыхуэнар,
Гъавэ ищIэрт, ипIырт и бынунэр,
ЩIыгум къытринэну гуащIэр
Мыхуэлэжу куэдрэ тетын папщIэ.

Палестинэм хьэщыкъ ищIа

Лъагъуныгъэ,
Уи нэхэр тедищ си гум,
КъыщIагъэхьэжу
БлэкIаХэр си нэгум.
Ахэр губжьым, лъагъуныгъэм,
уафэгъуагъуэм
Я гуауэу къинащ си гум.
Си нобэмрэ си блэкIамрэ,
Си лъагъуныгъэр, зэгъусэу дыкъыщыхъуа
сабиигъуэр
ЗэпызыщIэж лъэмыжу
Сохъумэ а гуауэу вагъуэ миным я пэбжьыр.

Мэзым щIэIукI си макъыр

Зейтун мэзым щIэIукI си кIий макъыр,
Джэрпэджэжу къегъэзэжри, къысподжэж.
Срапхри, щIащIыхьыжащ мафIэ губжьыр
Си лъабжьэм.
СолъэIур къэргъэхэм:
«Сывмычатхъэ, сывмышхьж».
Е згъэзэжынкIи хъунщ лъахэм,
Е игъэункIыфIынкIэ хъунущ мафIэр
уэшхым...
Зэгъэр къэстIэтэжьфмэ си Іэпхлъэпхьыр.
ІэпщlэлъапщIэу дауэ сыкIуэжьын си лъахэм?!

Ерыщ

Зэкlуэщlыфпхами си Іэ–си лъэр,
Къэзвмыгъащтэми тхылъыр,
Тутын къудей севмыгъафэу,
ЯтIэкIэ фкудами си жьэр...
Сэ си гур усэрщ зыхуэлажьэр...
Іэбжьаныэ-лъэбжьаныэкIи,
Си нэкъуэпсхэмкIи,
Къамэпэкlи сытхэнущ...
Хьэпсым сисми,
ЩIыуиэ сыщIэсми,
Хьэмэмми сащыфIэтхэнущ...
Си гу къуэпсхэм бзу минхэм я дамэм
Къыщрашыр усэм и макъамэ.

ЦIыху

Ар ягъэкъуаншэри лIыукIыу,
И жьэр ядащ гъущI кIапсэкIэ,
ЯгъэкIуэдыну кIэраIулIэри къырым,
Къытрахащ ерыскъыр, и щыгъныныр,
бэракъыр.
ФIащри «дыгъуакIуэ»,
Ирадзащ хьэпсым,
Зыми зыкIэлъимыгъакIуэу,
ЯщIащ хьэIупси.
Къытрахри и къэшэныр,
ЖраIащ: «Уэ ухьэулейщ!»
Си лъым игъэбауэ си нэ, си Іэгу,
Мы жэщхэм я кIэухым сремыплъэ и нэгу.
Махуэ къэсынщ хьэпс щымыIэжу,
ГъущI кIапсэр улъяныуэ щэщэжу.
Нерон лIащ – Урымыр уахъты зимыIэщ.
ЦIыхум и нэр и Іэщэщ!
КъикIыкIынущ щхьэмыжхэм я гулъыр,
ЗэщIэгъагъэу пшахъуэщI щыналъэр.

Нэпс

Сыпэлъэщащ цIыхубзым къызита гукъеуэм,
Тхьэпэлъытэ сфIэщIахэр
КъыззэрыщIэмыкIам сазэрыщыгугъауэ.
Сабийр щыщIэслъхьэжам,
Сыпэлъэщащ узым,
Ауэ нэпсыр гу лъащIэм щызозыр...
СощIэ
Нэпс шыугъэр йожэх шэрашэу.
СощIэ,
Гъы макъым и зэшым
И макъамэр кIыхьурэ хешыр.
Дыху ебгъэфа уи бэлътокур
КъомыхьэлIэ, бгъэдалъэу си нэкIум!
Гур къыщоуэ къамэдзэ нэпкым,
УIэгъэр, уIэгъэр кIыжакъым.
Си лъагъуныгъэм и епэрыр
Дэнэ иджы щыхэтыр?
ЗэкIуэцIиха и гулъыр
Итхьэлэжакlэ и лъым?..
Хьэдэхэу, зыхъумэ си унэ псэншэр, -
ЩIыхьым и хъумакIуэ уахътыншэхэ.
Нэпсхэр щызу щIегъэкIыр си гум!
ПщIыхь е нахуапIэ щIэкIыр нэгум,
И сабэр, и уафэр хамэ уэгу къащIэм?
Си нып ячэтхъам сепцIыжакъым игъащIэм.
Хамэ щыналъэм и дыгъэ щIагъым
Щогукъащэмыж си лъагъуныгъэр.
Араш си Іэпкълъэпкъыр
ЩIэуэзыр,
Нэпс шыугъэм си гур щIихуэзыр!
Си насыпым и псынэр псынщIэу
Блэжащ,
Блихащ гъащIэ мащIэр...
КIэщIым и закъуэкъым гъащIэр,
Бгъуэзщ, зэвщ,
ЕхуэхьIпIэр умыщIэу.
ЩIакхъуэ сыхуэхъуну мэжэщIалIэм,
Е гулъ Іэфl сабий къалъхуагъащIэм?
Си гу лъащIэр нэпс гуащIэм егъэнщIыр...

Зэзыдзэкlар
УЭРЭЗЕЙ Афликщ.



Палестинэ. Хы лIа.
Сурэтыр **Хьэфlыцlэ Мухьэмэд** *трихащ.*

● Псалъэжьхэр

Лыд псори дыщэкъым

♦Ахъшэ уиІэмэ, бохъшэ бгъуэтынщ.
♦Бзэгум цІыхур зэрегъэукІ.
♦Гуемыіу хъыбарыр щІэх зэлъащІыс.
♦Гъуабжэ псори мыщэкъым, лыд псори дыщэкъым.
♦Дунейр зыгъэнэхур зы дыгъэщ.
♦Джэдур дзыгъэукІэ лІыхъужьщ.
♦Дзыгъуэ нэпсейр шэм етхьэлэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ зауэлІхэм Сухъум-Къалэ пэмыжыжьэу зыщагъэпсэху. *Сурэтыр* Ричтер Уилибальд *ищІащ. 1854 гъэ*

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэш хьэнтхъупс, прунж хэлъу

Джэш лъэсар псы щІыІэм хакІутэри, зэІащІэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, мафІэр ину блэуэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр нэхъ щабэ ящІри, ныкъуэвэфІ хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Джэшыр зыхэныкІа псыр иракІут, шыуаныр ятхьэщІ, джэшыр иракІутэкри шэ гъэпщта щІакІэ, шыгъу хадзэри зэ къытрагъэктуалъэ. Абы прунж лъэсар халхъэри, зэІащІэ, зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтІанэ мафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхъэр трапІэри, шэр щІимысыкІын щхьэкІэ зэзэмыизэ зэІащІэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ.

Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэ, шыуаныщхъэр трапІэри дакъикъитху-хыкІэ щагъэт ІэфІ къыщІыхьэн щхьэкІэ. Шатэ текІауэ пщтыру Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ, чыржын, лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):
Джэш гъуэжьу - г 50
Прунжу - г 30
Япэу зэрагъавэ псыуэ - г 1500-рэ
Шэ щІэмыхуу - г 400
Шатэу - г 40
Шыгъуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз

Бжьын гъэлыбжьам:
Тхъууэ - г 30
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30
Шыджий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Псалъэжьхэр

Дыгъужь бын

Дадэ и хъыбархэм щыщщ

Мэрем пщыхьэщхьэм Дадэ и гурыфІ къикІри дигъэтхъэжащ: Іэфлыкіэ куэду къытхуищэхури, хьэблэ щІалэ цІыкІухэм къытхуигушащ. Иужькіэ дызэхигъэтІысхьэри таурыхъэрэ хъыбаркІэ зыдигъэтІысжащ. Мы хъыбарыр а пщыхьэщхьэм Дадэ къыджиІаэхэм ящыщ зыщІ, фыкъеджэ, фигу ирихьмэ, фымыбзыщІ.

...ТІэ, си адэшхуэм сригъусэу гъэмахуэ гуэрым уэтэрым сытест Іэпыдзлъэпыдзу. Мэлыхъуэхэм зэпымычу дыгъужь бын и гугъу ящІырт. Абыхэм зэрыжаІэмкІэ, ахэр ди пщыІэм и гъунэгъу дыдэу къэтІысат.

- КъэукІын хуейщ, армыхьумэ псэупІэ къыдатынкъым, - жиІащ мэлыхъуэхэм ящыщ зым. Арщхьэкіэ лэгъупэжьым идакъым.

- Хьэуэ, дыгъужьхэри хьэхэм хуэдэу губзыгъэщ, уеблэмэ хьэхэм нэхъ губзыгъэщ, ахэр щыпсэум и гъунэгъуу зэи щыщакІуэркъым. ЩыщакІуэн дэнэ къэна, Іэмал ягъуэту нэгъуэщІ дыгъужьхи щагъэщэкІуэнукъым. Сэ абы фІыуэ сыщыгъуаззщ!

Лэгъупэжьым и псалъэм зыри падзыжакъым.

Махуэ гуэрым си адэшхуэм сэрэ ди закъуэу пщыІэм дыкъытенат. Ди пщэдджьжь Іэхуэхэри зэфІэдгъэкІати, хуабжьу сызэшырт. Абы гу лъитэри, Дадэ жиІащ:

- НакІуэ, ПІыТІыкъ, ди гъунэгъу дыгъужь шыр щІыкІухэр зэрыджэгур уэзгъэлъаГунщ!

Сэ дуней гуфІэгъуэр сиІэу Дадэ и ужьым ситу дежьащ.

- Мо Іуащхьэ папщІэшхуэр плъагъурэ? - зыкъригъэзэкІащ абы си дежкІэ. - Мис абы и лъабжьым щІэсщ ди дыгъужьхэр.

- Ди гъунэгъубзэщ, - жысІащ сэ.

- Ди гъунэгъубзэщ, - арэзы хъуащ Дадэ. - Ухуейкъэ, гъунэгъу Іыхьэ яхуэхь!

Дэ гъуэгум дэддзыхри, Іуащхьэшхуэм жьыжьэу къыпэткІухьу щІэддзащ. Апхуэдэу щІэтщІым сегупсысу дыздэкІуэм, Дадэ къэпсэльащ:

- Зыщумыгъэгъупщэ, ПІыТІыкъ, дыгъужьхэр мэкІэ бзаджэщ. ЗанщІэу дыкІуамэ, жьыр ди щІыбагъымкІэ къоуэри, дыкъащІэнурэ загъэпщкІунут, иджы дыкъамыщІэу гъунэгъу дыдэу декІуэпІэфынущ.

Куэдыщэ дымыкІуу, мывэшхуэ гуэрым и кІуагъым дыкъуэтІысхьащ.

- Дежьэнщ, ахэр мыгувэу къикІынущ гъуэм, зыри жумыІэу щыс, - унафэ къысхуищІащ си адэшхуэм, дыгъэм ельъурэ.

Пэж дыдэу, куэдрэ дызыпагъэплъакъым дыгъужь шырэм. Ахэр я анэм и гъусэу тафэм къытехутащ. Щыхрэр тху хъурт, гъэщІэгъуэн гуэрури джэгурт. Я джэгукІэр ди пщыІэм тес хьэпшырхэм я дежкІэ зыкъомкІи ещхьт, ауэ къызгурымыІуэ гуэрхэри хэлът. Дыгъужь анэжьыр и лІакъуэхэр щІикуэудиикІауэ щыст, и шырхэр зэрыджэгум кІэлъыплъу, зззэмызи и дзэлыфэр яхуитІу.

- ЗэрыщщкІуэнум хуегъасэ, - къызэІущащ Дадэ, и закъуэрыуэ фочыр мывэм ириупсейуэр.

- КъъыІэ, Дадэ, уемыуэ, - селъэІуащ сэ си адэшхуэм.

- Іэу, ПІытыкъ, дауэ сеуэн! Гуэныхьхъ, тхъэмыщкІэхэр, я дыгъужь папэр яуклауэ, адэншэу кІохъу.

И бынхэр зэрыджэгум зыкъомрэ кІэлъыплъа нэужь, дыгъужь анэжьыр къэтэджри хуэмурэ Іукіри, здэкІуари сымыльагъуу бзэхащ.

Сэ сызэгупсысыр кІищІа хуэдэ, Дадэ жиІащ:

- И бын цІыкІухэм яшхын къахуихыну щакІэ екъащ.

... Бжьыхьэр кІихьауэ ди пщыІэм дыгъужьхэр къытеуэри, зы щынэ бзэгъа яхьащ. Ар я жагъуэ хуауэ чэтыр къызДаплъыхьым, лэгъупэжьым жиІащ:

- Мы ныжэбэ ди хьэщІахэр дыгъужь щІалэщ, шэч хэмылъу, ди гъунэгъухэр арагъэнущ.

- Сыт щхьэкІэ, дыгъужьхэр я гъунэгъуу щымыщакІуэу жызыІар уэракъэ? - щІэупщІащ мэлыхъуэхэм ящыщ зы.

- Ахэр иджыри щІалэщ, хабзэр ящІэркъым, - и фІэщыпэу жиІащ лэгъупэжьым.

А махуэ дыдэм Дадэ сэрэ аргуэру дыкІуащ дыгъужь быным я деж. Ягъэрей мывэжьым дыкъуэтІысхьауэ дыздыкъуэсым дэ тлъэгъуар телъыджэщ. Дыгъужь анэжьым и шыр цІыкІухэр дзапэкІэ къищтэурэ хьІфІидзэрт, едзакъуэрэ игъэпщІэурт. ПщІэнтэкъым ахэр езым и быну.

- Хьым, - къыпыгуфІыкІащ Дадэ, - ныжэбэ кІыхьэ щынэм щхьэкІэ ешхыдэу аращ и шырхэм! Ешхыдэ уэ, дыгъужьыжь, ешхыда!

ЖУРТ Биберд.

● Гушыіэ

Сыт щыгъуи зым тет

Мысхьуд беижь гуэрым и деж пщафІэу щылІыщІэрт. Абы Іэщ иукІыху кІуэцІыр, бейм зэримыпэсу, езым хэритІыжырт. КІуэцІ кІыхуигъэнэжьр и лІыщІапщІэм пигъакІуэурэ кърит щІыІэтэкъыми, Мысхьудыр беижьым хузэгуэп хъуащ.

Зэгуэрым бейм и лІыщІэм унафэ хуищІащ хъарбыз кІыхуихьыну. Мысхьуд хъарбызыр кІыгъэжьхьри, фэрэ беижьым хуихьащ. Беижьым ар щилъагъум:

- Сыт мы кІыхсхуэпхьар? - жиІэри кІыщІэкІиящ, щІэнэкІалъэ зыщІар суд пащхьэм иришащ.

СудыщІэр Дизыкъуажэти, беижьым и гукъеуэм едаІуэри, апхуэдэу щІищІамкІэ Мысхьуд еупщІащ.

- Іэщ сукІмэ, и кІуэцІыр кІызитІыжьырт, ар си улахэми пигъакІуэрт. Арати, иджыри кІуэцІыр сэ къэзгъэнэжауэ аращ.

- АтІэ, мыбы лІыщІапщІэу ептІэкІым ущІэфыгъужу судым къэпшауэ ара? КІуэцІыр нэхъ къапщтэ хъужамэ, ар уэ къэзгъани, адрейхэр лІыщІэм ет дяпэкІэ, сэ абыкІэ хуит узощІ, ауэ сыт щыгъуи зым зэ. - жиІэри иутІыпщыжащ судыщІэм беижьыр.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Фи лъэІукІэ

Жьым фымыщІ и жагъуэ

Уэрэд

Жыгъэр псоми къытпэщылъщ,
и ІэмыщІэм хэтри илъщ!
Ди гум илъу къыдохьэкІ,
жьым щІалэгъуэр зэрехьэхьэкІ.

ЩІалэгъуалэм сыволъэІу,
цІыхухэм псоми сыволъэІу:
жьы хъуа цІыхухэр фІыуэ флъагъу,
жьым фымыщІ и жагъуэ,
маржэ, цІыхухэм сыволъэІу,
жьым фымыщІ и жагъуэ!

Уэ ухуеймэ пщІэ, нэмыс,
жьы хъуа цІыхум хуэщІ нэмыс,
жиІэ псалъэм гупсыс,
абы, маржэ, къыхэх дерс!

Псалъэ ІэфІым лъэр щІегъэкІ,
гум илъ бамПІэр щхьэщегъэкІ!
Жьым уемыуэ, маржэ, игу,
зэпыбупщІу уэ и гъуэту!

Жьыгъэр псоми къытпэщылъщ,
и ІэмыщІэм хэтри илъщ!
Ди гум илъу къыдохьэкІ,
жьым щІалэгъуэр зэрехьэкІ.

ГЪУБЖ Мухьэдин

● Гушыіэ

Сыт щыгъуи зым тет

Мысхьуд беижь гуэрым и деж пщафІэу щылІыщІэрт. Абы Іэщ иукІыху кІуэцІыр, бейм зэримыпэсу, езым хэритІыжырт. КІуэцІ кІыхуигъэнэжьр и лІыщІапщІэм пигъакІуэурэ кърит щІыІэтэкъыми, Мысхьудыр беижьым хузэгуэп хъуащ.

Зэгуэрым бейм и лІыщІэм унафэ хуищІащ хъарбыз кІыхуихьыну. Мысхьуд хъарбызыр кІыгъэжьхьри, фэрэ беижьым хуихьащ. Беижьым ар щилъагъум:

- Сыт мы кІыхсхуэпхьар? - жиІэри кІыщІэкІиящ, щІэнэкІалъэ зыщІар суд пащхьэм иришащ.

СудыщІэр Дизыкъуажэти, беижьым и гукъеуэм едаІуэри, апхуэдэу щІищІамкІэ Мысхьуд еупщІащ.

- Іэщ сукІмэ, и кІуэцІыр кІызитІыжьырт, ар си улахэми пигъакІуэрт. Арати, иджыри кІуэцІыр сэ къэзгъэнэжауэ аращ.

- АтІэ, мыбы лІыщІапщІэу ептІэкІым ущІэфыгъужу судым къэпшауэ ара? КІуэцІыр нэхъ къапщтэ хъужамэ, ар уэ къэзгъани, адрейхэр лІыщІэм ет дяпэкІэ, сэ абыкІэ хуит узощІ, ауэ сыт щыгъуи зым зэ. - жиІэри иутІыпщыжащ судыщІэм беижьыр.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● ЖыІэгъуэхэр

Уэгум итыну къигъэщІар гъуэм исыфынукъым

♦Акъылрэ лІыгъэрэ зыхэлъыр фыгъуэ щыщІэркъым.
♦Акъылыр жанмэ, бзэри шэрыуэщ.
♦Бгъэр бадзэ ещэркъым.
♦Бжьэр цІыкІу щхьэкІэ, гупу зэдэуэмэ, шы ирадыф.
♦Бжэгъуэкіэ къозауэм ІэштІымкІэ упэмыув.
♦Гуауэ зыхэль псалъэм гушыІэ фІэпщ хъунукъым.
♦ГуащІэ зымыщІэм Іэфі зыхищІэркъым.
♦Губжь зыхэль унафэм щыуагъэ куэд къыдокІуэ.
♦Гъащіэр гущІэгъунэшэщ, гугъэр хэпхмэ, ухигъэщІэнущ.
♦Зэбгъэзэуэным акъылышхуэ хуейкъым, акъыл зыхуейр зэгурыбгъэІуэнырщ.
♦Зэш зэрымыІыгъэр шынагъуэкъым.
♦И нэгу щІэкІынур ищІамэ, цІыхур дунейм къыпхутемыхьэнкІи хъунт.
♦Къарум къыхуэмыІэт куэд акъылым хуэзфІокІ.
♦Лъэныкъуэ зырыз-кІэ еІэ витІ нэхъ, зы лъэныкъуэкІэ зышэ шыд.
♦ЛІыфІ зыдэс жылэ цІэрыІуэщ.
♦Уэгум итыну къигъэщІар гъуэм исыфынукъым.
♦Умыщіэ Іэхху умыІуатэ, къыпхуэмыІэтын хьэлъэ уемыІэ.

ГУБЭЩЦІКІ Владимир.

● Къуажэхьхэр

Лъакъуэ щІэмыту къэтэдж

Уеуэм къафэ,
Къафэм ву.

Іэгукіэ зэрагъакІуэ,
КІуалІэр зыуплэщІ.

Лъакъуэ щІэмыту къэтэдж.
Зи ныбэм мафІэр щыджэгу,

Уэгум щыджэгур зи губжь.
НэхъыжьыфІ и псалъэ,
Іэнэм къыщапсэлъ.

Джэрэзу яхуапэ,
Джэрэзу итІащ.

ЩОДЖЭН Леонид.

ЖЭУАПХЭР:
Чын. Хуитхэ. Пщатэ. Хьэмэ. Хъуэхуэ. ЦІыкІуэ.

● Псалъэ шэрыуэхэм къарыкІыр

Пэжым нэр ирещІ

Ныбэм и лажьэр ІуэтэжыгъуафІэщ. «Узэрышхэу пщогъупщэж умэжалІэу зэрыщщтар» жыхуиІэщ.

Ныбгъуэр хьэм хэсми, хум и гур хуэгъэзащ. И щхьэр зэхьэлар зыщ, и гур здэщыІэр нэгъуэщІщ.

Ныса щІэ мышынэ мэл щхьэ фІэбзам щощтэ. ЦІыху бзаджэ укІытэнэщм щэныфІэу зигъэлъэгъуэн мурадкІэ укІытэ нэпці зыщищІым деж къапсэльэ хабзэщ.

ПащІэ гъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым. «Іуэхур зэгупсысыпхъэщ, гуэзэгъуэ зыхэлъщ», - жыхуиІэщ.

ПащІэм къимыхьар жьакІэм къихьыжьыркъым. УщыщІалэм къыпхэумылэжьар уи жьыщхьэ къыпхуэлэжьыжьынкъым.

Пэжым нэр ирещІ. Пэж дыджыр зэхэпхыну гуэлэжьым.

Псалъэр бгъэувмэ, выщи, бгъэтІысмэ, щІэщ. Къызэрыбгъэсэбэпыфы: Іэзэу къыпхуэгъэсэбэпрэ - къарууфІэщ, къыпхуэмыгъэсэбэпрэ - къаруунэщ.

Псэр ящэри, налэ хьащэху. ГъащІэм нэхъ ра напэр нэхъапэщ.

Псы икІыпІэм ужэмысу уи кІэр умыІэт. Зи щхьэр зи фІэщ хъужыщэу Іуэхум ипэ ищым ират чэнджэщщ.

Псы Іуфэм Іусым псы икІыпІэр ещІэ. Щхьэж езыр зэрыс, зыпыщІа щыпІэм, абы къыщыхъу-къыщыщІэхэм нэхъ щыгъуазэщ, а щІыпІэм щымыпсэухэм е пщыІэу псэухэм нэхъ ро.

Псым итхьэлэр шхийм йопхъу. ХэкіыпІэншэ щытыкІэ итыр къезыгъэлыну иужьрей дыдэ гугъапІэм йожалІэ, уеблэмэ сэбэп къызэрыхуэмыхьуфынур нэрылъагъуми.

Псымкъудамэтетхъым. «ІэубыдыпІэншэщ» жыхуиІэщ. Псым ущыбзолрыгъ зэрымыхьунур кърагъэкІыу къыпсэлъ.

Псым хэлъ мывитІрэ пэт зонтІэлу. Дунейм ущытеткІэ зэи зыгуэрым ухуилъынщ, уэри зыгуэр къыпхуитІыжынщ - абыхэм щхьэкІэ узэщыІей, узэпикІуэт зынукъым.

Псым щхьэтепІэ имыІэмэ, къабзэ хъуркъым. Бзыльхугъэхэм ятеухуащ. «КъакІэльыпІын, къаухуэсакъын пІэн хуейщ», - жыхуиІэщ.

Псыпэр зэрыжэм псыкІэри ирожэ. Гъэсэныгъэм екъэлІауэ нэхъ къагъэсэбэп хабзэ псэпъафэщ: бынхэр (нэхъыщІэхэр) я адзанэхэм (нэхъыжьхэм) ядопльей, я щапхъэм ирогъуазэ, абыхэм я лъэужьыр езыхэми яху.

Псыр псэхэлъхьажщ. «Зыуегъэужьыж, къарту къыпхэпІхьэж», - жыхуиІэщ.

Пшыналъэр бгъунлъэмэ, лъэпкъыр мэукІытэ. «Лъэпкъыр зыгъэукІытэн, умылэжь», - жыхуиІэщ.

Пшхын уимыІэм, щІым езауэ. «Гъавэ ухуейкъэ, щІым елэжь», - жыхуиІэщ.

Пшынауэм езым фІэфІыр кърегъэкІ. Езыр нэхъ къыщІикІынумкІэ къыщоуэ, и псалъэр абыкІэ ешэ.

Пщэдджьжь хьэщІэ гъэхьэщІэгъуафІэщ. «Кіуэд хуейкъым, шей къудейкІи зэфІокІ», - жыхуиІэщ.

Пщым и щІыб джатэ щагъэдалъэ. ЦІыхум и нэщыбагъкІэ хуэдалъэ зи хабзэ «къуэгъэнапІэ фочаугъэхэм» ятеухуащ.

«ПІыІэр къэхъ» жысІати, щхьэр къихьащ. Іуэху бгъэдыхьэкІэ пхэнж зиІэм теухуащ.

ЩАУЭ Къалидар.

Псалъэзэблэдз

Мазаем и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 1. Лъагъуэ. 5. Мест. 8. Шэрэз. 9. Гуимэ. 10. Мыщэ. 12. Хуукъуэ. 15. Ужьэ. 16. Зэ. 17. Шхэ. 18. Жьэхъу. 19. Ялэ. 20. Хьэлвэ. 22. Берия. 25. Щ.ІыІуб. 26. Яжьэ. 27. Жагъуэ. 28. Щэбэт. 29. Абаз. 31. Къурш. 33. Алъп. 35. Бо. 36. Гулъ. 38. Хъуэхъу. 39. Жэм. 40. Надэ. 43. Гурым. 44. Дыхьэгъ. 45. Налъэ. 46. ІумпІэ.

Къехьу: 1. ЛъэгущІэуэ. 2. Гъуэмылэ. 3. Хъушэ. 4. Бзу. 6. Емынэжь. 7. Тхьэкъуачъуэ. 11. Гъуэз. 13. КхъыеіпльъжькІэрыщІэ. 14. Сэху. 20. ХьэщІэщ. 21. Выбжьэ. 23. Ержьб. 24. ЯтІэкъуэ. 30. Калинин. 32. Тхъурымбэ. 34. Пщэдэлъ. 35. Бэдж. 37. Лъей. 38. Хъудырым. 41. «Адэ». 42. Бгъэ. 43. Ф.ІэІ бзий къыдидзу, уафэм къыщоуэ. 33. КъурІэнкІэ адыгэбзэкІэ зззыдзэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. 34. ЦІыху губзыгъэ, акъыл зиІэ. 36. СССР-м и лІыщхьэу илъэс 18-кІэ щыта. 38. ... пщыІэм сытехьати, щынэлкІэ сагъэтхъащ. 39. Республикэм, къэралым я щІынальэр щиух щІыпІэ.

Къехьу: 1. Фадэ гуащІэ. 2. Гъущі пІащІэ. 3. Гунэдж зимыІэ, зи гур иуда. 4. ЦІыхуфІ и ... зэтетщ. 5. Къулейсыз, мылъку щІагъуэ зыбГъэдэмыльъ, зыхуей хуэмызэ цІыху. 7. Шыцуэс къесу ... умыкІ. 11. Ахъшэ жьгъей. 13. Нэшкуэ зиІэ цІыху. 14. Адыгэ къэфакІэ. 15. Щыгъыным хищІэ хьэпІащІэ. 18. Белоруссие щыщ Къалэ-быдапІэ лІыхъужь. 20. ЩІалэщІэм и ... къэжэгъуэщ, и насып къэкІуэгъуэщ. 21. Автомашинэ псынщІэ цІыкІу. 23. Фор ІэфІ дыдэщ, ауэ зигу иримыхьым ... 24. ШхапІэм щылажьэ цІыху. 26. Псыщхъэ тещтыкІа. 27. Чы щІыкІэ къыумыгъэшмэ, ... хуа иужь къыпхуэгъэзыщыжыркъым. 28. Адэр - дэм, анэр абы хуагъадэ. 29. Хадэм зэрилажьхьэ Іэмэпсымэ. 31. Сымаджэ хьэлъэр къыззфІэувэжати, ... хуащІащ. 32. А унэцІэр зэрахьэ: Музыкэ театрым и лэжьакІуэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артистым, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа тхакІуэм. 35. Тутын зэрефэ хъэпшыпІ цІыкІу, пхъэм е къуршхьэм къыхэщыкІауэ. 37. Нартыхур бгъэлъапІэмэ, къанэр.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



● ПщІэну щхьэпэщ

2015 гъэм и махуэ лъапІэхэр

♦Мэкъуауэгъэм (июным) и 18-м нэщІ мазэм щІедзэ.
♦Бадзэуэгъэм (июлым) и 13 - 14 жэщыр къздэр жэщщ.
♦Бадзэуэгъэм и 17-р нэщІикІыж хьидщ.
♦Фокіадэм (сентябрым) и 22-р хьэжьщІщ.
♦Фокіадэм и 23 - 25-хэр къурмэн хьидщ.
♦Жэпуэгъуэм (октябрым) и 14-м муслъымэн махуэрыбжэмкІэ 1437 гъэр къохьэ.
♦Жэпуэгъуэм и 23-р Іэшрыщ.

Гу зылъытапхъэ: мазэр къыщыунэхум елъытауэ, мы махуэхэм зэхъуэжІынигъэ гуэрхэр ягъуэтынкІэ хъунущ.

ЗышыІэныгъэр жэнэтым и ІункІыбзэІухщ

● Уаз

ЗышыІэныгъэм теухуауэ Іэят куэд КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ, хьэдисхэми ущрохьэлІэ. Ислъам диным къытхуегъэув а хьэлыр дэтхэнэ зыми зыхэдгъэлъэныр хуейуэ.

ЛІэныкъуэ куэдкІэ уегупсис хьунущ зышыІэныгъэм и мыхьэнэм. ЦІыхум ущышынэрэ къуих лейр зыхуэбгъэшэчкІэ, ар шыІэныгъэу ибжыркъым. Апхуэдэхэм я Іиманыр иримыкъуауэ араш. ФІэщхьунигъэ зыхэлъым лей зытригъэхьэнукъым, пэжми щышынэнукъым. ЦІыхум зыхуэбгъазэрэ уи гум къыхуеуэр жепІэмэ нэхъыфІщ, и щІыбагъкІэ зхуэпсалъэ нэхъ. Ауэ зыри жумыІэхэу Апыхъым бгъэдэплъыхьэрэ зхуэбгъэгъуфмэ, ар нэхъыфІыжщ. КъурІэным къыщыкІуащ, хьэдисми къыджеІэ щІыху хейм и лъэІур псом хуэмыдэу къабыл зэрыхъур.

Іиманыр зищІысыр зрагъэщІну ЛыкІуэ лъапІэм щеупщІым къажриІащ: «Іиманыр зышыІэныгъэрщ». НэгъуэщІ хьэдисым къыджеІэ: «ІиманымкІэ зышыІэныгъэр - ар щхьэм Іэпкълъэпкъым и дежкІэ иІэ мыхьэнэм хуэдэщ».

Апыхъым и псалъэу КъурІэным къыщокІуэ: «Къытщхьэщытыр жэнэткІэ яхуэупсащ шыІэныгъэ зыхэлъхьэм». НэгъуэщІ Іэятым итщ: «Жэнэтым щыпсэуэхэм сахуэупсэнущ псыр зэрыжь хадэхэмрэ жэнэт пэшхэмкІэ. Абы щыпсэхахьнур си сэламхэращ. Ар зыхуэфащэр щыІэныгъэ зыхэлъхэращ».

Адэкіи Тхьэм и Тхылъым итщ: «Си сэламыр есхащ щыІэныгъэ зэрыхэлъам папщІэ жэнэтым къэкІуахэм».

ЗышыІэныгъэм я нэхъыфІыр, цІыхум иль щищІэжьфыну щытыкІэ ихуам, Іуэхур Алыхьым бгъэдэлъхьэрэ игъэгъуэри, ЛыкІуэ лъапІэм мывэкІэ кІэлъыуэу щІадзащ. БзаджащІэхэр апхуэдизкІэ Бегъымбарым еуахэти, ЛыкІуэм и лъакъуэм лъы кьежэхащ.

«Уа ЛыкІуэ лъапІэ, уэ сэркІэ унэхъ лъапІэщ, сыкъэзылъхуахэм къыздалъхуахэми нэхърэ - уэ Алыхьым урилыкІуэщ. Си псэр уэр папщІэ тых сощІ», - жиІэри, Зэид Мухьэммэд бегъымбарым и щІыбагъым къыдэуващ. Ар абы ихъуманщ, и щхьэр мывэкІэ зэгуадыкъ. ИужькІэ ЛыкІуэр етІысэхащ.

Апхуэдизэ гугъуэхь зылъэгъуащ, лъыр къыззэхьыу щыс Бегъымбарым зэхалъхьэжащ, ауэ щыхьуКІи, я нэпс КъудамэкІэ къемыхьу. Унэм кІуэкрэ мыпхуэдизу жаІэжу: «ЛІам и быным зафыщІыжу сыт хуэдэу дахэу ягъея я хьэдэр. Сэри апхуэдэу сывмыгІейтмэ, сыфхуэзарэзыкъым». Апхуэдэу жиІэну къеззэгъкъым. ЛыкІуэ лъапІэм абы теухуауэ жиІэрт: «Я Алыхь! Къыдзэытар Уэрати, Уэ тІыпхэжащ, дыпхуэарэзыщІ».

ЛІэныгъэм и мызакъуэу, сыт хуэдэ гугъуэхьым дежи шыІэныгъэр зыхэдгъэлъэн хуейщ. Зыщщыдгъэгъупщэ хъунукъым Алыхьым фІыуэ илъагъу цІыхур гугъуэхь гуэрхэмкІэ зэрирогъэнхэр. Абы и щыхьэтхъэ ЛыкІуэ лъапІэхэм нэхъэ нэхъ гугъу ехьа зыри дунейм зэрытемытар?!

Зэгуэрым Мухьэммэд бегъымбар лъапІэр ТІэифэ кьалэм кІуат исЛъам диным зыщыригъэубгъэн мурад иІэу. ЛыкІуэм абы щыгъуэм и гъусар Зэид ибн Аль-Хьарис и закъуэт. Ахэр а кьалэм махуитщкІэ щыІащ. Зы унафэщІ къимыГъанэу захуигъазэрт бегъымбарым, ислъам къабзэм къыхуриджэрт. Арщхьэкіэ джаур бзаджащІэхэм ар зэхахьну хуейтэкъым, уеблэмэ зэран къыхуэхъуну мурад ящІат. Нэхъыжькъэри нэхъыщІэкъэри зэгурыІуэри, ЛыкІуэ лъапІэм мывэкІэ кІэлъыуэу щІадзащ. БзаджащІэхэр апхуэдизкІэ Бегъымбарым еуахэти, ЛыкІуэм и лъакъуэм лъы кьежэхащ.

«Уа ЛыкІуэ лъапІэ, уэ сэркІэ унэхъ лъапІэщ, сыкъэзылъхуахэм къыздалъхуахэми нэхърэ - уэ Алыхьым урилыкІуэщ. Си псэр уэр папщІэ тых сощІ», - жиІэри, Зэид Мухьэммэд бегъымбарым и щІыбагъым къыдэуващ. Ар абы ихъуманщ, и щхьэр мывэкІэ зэгуадыкъ. ИужькІэ ЛыкІуэр етІысэхащ.

Апхуэдизэ гугъуэхь зылъэгъуащ, лъыр къыззэхьыу щыс Бегъымбарым зэхалъхьэжащ, ауэ щыхьуКІи, я нэпс КъудамэкІэ къемыхьу. Унэм кІуэкрэ мыпхуэдизу жаІэжу: «ЛІам и быным зафыщІыжу сыт хуэдэу дахэу ягъея я хьэдэр. Сэри апхуэдэу сывмыгІейтмэ, сыфхуэзарэзыкъым». Апхуэдэу жиІэну къеззэгъкъым. ЛыкІуэ лъапІэм абы теухуауэ жиІэрт: «Я Алыхь! ПсэухэмкІэ сахуэупсэнущ псыр зэрыжь хадэхэмрэ жэнэт пэшхэмкІэ. Абы щыпсэхахьнур си сэламхэращ. Ар зыхуэфащэр щыІэныгъэ зыхэлъхэращ».

Адэкіи Тхьэм и Тхылъым итщ: «Си сэламыр есхащ щыІэныгъэ зэрыхэлъам папщІэ жэнэтым къэкІуахэм».

ЗышыІэныгъэм я нэхъыфІыр, цІыхум иль щищІэжьфыну щытыкІэ ихуам, Іуэхур Алыхьым бгъэдэлъхьэрэ игъэгъуэри, ЛыкІуэ лъапІэм мывэкІэ кІэлъыуэу щІадзащ. БзаджащІэхэр апхуэдизкІэ Бегъымбарым еуахэти, ЛыкІуэм и лъакъуэм лъы кьежэхащ.

«Уа ЛыкІуэ лъапІэ, уэ сэркІэ унэхъ лъапІэщ, сыкъэзылъхуахэм къыздалъхуахэми нэхърэ - уэ Алыхьым урилыкІуэщ. Си псэр уэр папщІэ тых сощІ», - жиІэри, Зэид Мухьэммэд бегъымбарым и щІыбагъым къыдэуващ. Ар абы ихъуманщ, и щхьэр мывэкІэ зэгуадыкъ. ИужькІэ ЛыкІуэр етІысэхащ.

Апхуэдизэ гугъуэхь зылъэгъуащ, лъыр къыззэхьыу щыс Бегъымбарым зэхалъхьэжащ, ауэ щыхьуКІи, я нэпс КъудамэкІэ къемыхьу. Унэм кІуэкрэ мыпхуэдизу жаІэжу: «ЛІам и быным зафыщІыжу сыт хуэдэу дахэу ягъея я хьэдэр. Сэри апхуэдэу сывмыгІейтмэ, сыфхуэзарэзыкъым». Апхуэдэу жиІэну къеззэгъкъым. ЛыкІуэ лъапІэм абы теухуауэ жиІэрт: «Я Алыхь! Къыдзэытар Уэрати, Уэ тІыпхэжащ, дыпхуэарэзыщІ».

ЛІэныгъэм и мызакъуэу, сыт хуэдэ гугъуэхьым дежи шыІэныгъэр зыхэдгъэлъэн хуейщ. Зыщщыдгъэгъупщэ хъунукъым Алыхьым фІыуэ илъагъу цІыхур гугъуэхь гуэрхэмкІэ зэригъэунэхур. Абы и щыхьэтхъэ ЛыкІуэ лъапІэхэм нэхъэ нэхъ гугъу ехьа зыри дунейм зэрытемытар?!

Зэгуэрым Мухьэммэд бегъымбар лъапІэр ТІэифэ кьалэм кІуат исЛъам диным зыщыригъэубгъэн мурад иІэу. ЛыкІуэм абы щыгъуэм и гъусар Зэид ибн Аль-Хьарис и закъуэт. Ахэр а кьалэм махуитщкІэ щыІащ. Зы унафэщІ къимыГъанэу захуигъазэрт бегъымбарым, ислъам къабзэм къыхуриджэрт. Арщхьэкіэ джаур бзаджащІэхэм ар зэхахьну хуейтэкъым, уеблэмэ зэран къыхуэхъуну мурад ящІат. Нэхъыжькъэри нэхъыщІэкъэри зэгурыІуэри, ЛыкІуэ лъапІэм мывэкІэ кІэлъыуэу щІадзащ. БзаджащІэхэр апхуэдизкІэ Бегъымбарым еуахэти, ЛыкІуэм и лъакъуэм лъы кьежэхащ.

«Уа ЛыкІуэ лъапІэ, уэ сэркІэ унэхъ лъапІэщ, сыкъэзылъхуахэм къыздалъхуахэми нэхърэ - уэ Алыхьым урилыкІуэщ. Си псэр уэр папщІэ тых сощІ», - жиІэри, Зэид Мухьэммэд бегъымбарым и щІыбагъым къыдэуващ. Ар абы ихъуманщ, и щхьэр мывэкІэ зэгуадыкъ. ИужькІэ ЛыкІуэр етІысэхащ.

Апхуэдизэ гугъуэхь зылъэгъуащ, лъыр къыззэхьыу щыс Бегъымбарым зэхалъхьэжащ, ауэ щыхьуКІи, я нэпс КъудамэкІэ къемыхьу. Унэм кІуэкрэ мыпхуэдизу жаІэжу: «ЛІам и быным зафыщІыжу сыт хуэдэу дахэу ягъея я хьэдэр. Сэри апхуэдэу сывмыгІейтмэ, сыфхуэзарэзыкъым». Апхуэдэу жиІэну къеззэгъкъым. ЛыкІуэ лъапІэм абы теухуауэ жиІэрт: «Я Алыхь!

● Щапхъэ

Анэшхуэм и жьауэм щІэту

Ервас Аннэ Хьэмыщэ и пхъур Тэрч районым хиубыдэБотэщей (Плановскэ) къуажэм къыщыдалъхуащ. Ар зэрысабийрэ КъурІэн Іыхьлыуэ щыта и анэшхуэм и жьауэм щІэту, диным пэжкІэ пэгъунэгъуэ къэтэджащ. Псэм пищІу щыта и анэшхуэр нобэкІэ яхэмытыжми, ар Аннэ зэи и гум ихуркъым икІи, щэч хэлъу къыщІэкІынукъым, абы игъуэта насыпым нанэм и псэр зэрырщыгуфІыкІым.

НАСЫПУ щыІэм ящхьэщ Алыхьым и арэзыщІыныгъэм утелажьэу, адыгэ хабзэр пхэлъу, цІыхум щапхъэ уахуэхъуу дунейм утетынкІи. Мис апхуэдэ цІыхущ Аня.

Блэкіа лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм Налшык ислъам институтыр къыщыщызэІуахам дин щІэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну абы япэ дыдэу щІэтІысхьахэм ящыщщ Аннэ. Ар дин щІэныгъэлІхэу Бэлагъы Шэукъи, Хьуажь Мухьэммэд-Хьэр сымэ мазиплІкІэ ирагъэджауэ, и насыпым кърихьэкІри, Иорданием кІуау. Ислъам щІэныгъэмкІэ колледжыр ехъулІэныгъэкІэ абы къыщиухащ.

Аннэ игу къегъэкІыж: «Иорданием щысІэгъуэхэм ящыщу гукъинэж ощхьэуащ апхуэдизкІэ ильэс бжыгъэ хъуауэ хамэщым щыпсэу адыгэхэм ядэсІыгъуэ хабзэ дахэхэр. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Дыгъужьхэрэ Хэжьжьхэрэ я лъэпкъхэр. Абыхэм я гур зэІуахэу, псэм дыпащІу, быным дыхуэгъадэу, уеблэмэ дыщІэкІамэ, дыкъыщІэмыхьэжыну къащыхъуу къыдбгъэдэтащ еджапІэр къэдухэу ди адэ-анэхэм я деж дыкъэкІуэжыхьу. ФІыщІэ ин яхуэфащэщ гугъу Хьыдедехьэдэтхэнэзыми. Тхьэр арэзы къахуэхъуну дахуолъэІуэ».

Нобэкіэ Анна «Минарет» Іуэхущ Іапізм - бзылъхъгъэхэм, Іэдииху хьэблэм - сабийхэм щадолажьэ. ЦІыхухэр диным хуреГъадж: Адыгэ хабзэ дахэр яхэлъу ислъам диным къигъэув мардэхэр зэрагъэззэщІапхъэм хуеуущий.

Ди гуапэщ а бзылъхъгъэ щапхъэм и щІэныгъэм и хъер илъагъуну, и бын дыгъэхэм гу ящихуэну.

● Фэеплъ

Гуимыхуж Гъащтэ Абдул

«КъигъэщІар мащІэми, хуэзэфІэкІар гъунэнщщу» зыхужьІІэ хъунуэм ящыщщ Гъащтэ Абдул. И лэжьыгъэкІэ, и щІэныгъэкІэ кьехъулІам и гугъу умыщІми, и цІыху хэтыкІэкІэ, и хьэл-щэн екІумкІэ, и гушыІэ дахэмкІэ ар иджыри куэдрэ ягу илъынущ къэзыцІыхуу щытахэм. Абы теухуа гукъэкІыжхэм ущедаІуэкІэ, апхуэдэ цІыху телъыджэр зи гъащІэм хэтахэр ящІэнущ икІи, фІэщ пщохъу «ЦІыхуфІыр гъащІэмащІэщ» псалъэхэм пэж зэрыхэлъыр.

ГЪАЩТЭ Абдул ХьэмотІ и къуэр Аруан куейм хьихьэ Дохъушыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр ехъулІэныгъэкІэ ягъуэта нэужь, ар щІэныгъэ зыщІэдзащ Дагъыстэн къэрал медицинэ институтым. Ар фІы дыдэу къиуэри, и лъахэм къиГъэзэжащ икІи Іуащхьэмахуэ куей сымаджэщым хирургыу лэжьэн щыщІидзащ дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэу. Абы илъэсиплІкІэ щылэжьауэ, Гъащтэр Налшык республикэ клиникэ сымаджэщым хирургыу къашэжащ. 1966 гъэм Абдул щІэтІысхьащ Бакулев А. Н. и цІэр зэрихьэу гум, лъынтхуэхэм я хирургием и институту Москва дэтым и аспирантурэм. А еджапІэм 1969 гъэм и кандидат, 1980 гъэм и доктор диссертацэхэр щыпхигъэкІащ.

1969 гъэм щегъэжьауэ Гъащтэ Абдул щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хирургие узыфэхэмкІэ и кафедрэм - ассистенту щІидзэри, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, кафедрэм и унафэщІ хуауэ. Гъащтэм и Іэдакъэм къыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэ 152-рэ, «Щхьэ Іэ лъынтхуэхэм ельыр тэмэму щызэмыкІуэмэ, хирургием и Іэмалхэр къэбГъэсэбэпу абы узэрелэзэнур» зыфІища медицинфаер итхащ. Абдул ди республикэм япэу щызэтриублащ ангиографикІэ лъынтхуэ зэрыкъэхутэнкІэ: абы и фІыгъэкІэ ди лъахэм щыщыщІагъэ! хуэщІ лъыр зыгъапщІэ сывороткэр; нэхъапэхэм хуэдэу, ар нэгъуэщІ щІыпІэхэм къыщамыщэхуу.

Іуэщ Іэщ Іагъэр къыхэзыхахуэр егъэджэныкІи Абдул зэфІиГъэкІаХэр къэлъытэгъуейщ. Нобэ абы и Іэсэнхэм ящыщ куэдым зыпэрыт Іэнатіэм ехъулІэныгъэхэр щІэзу я егъэджакІуэм хищІа Іуэгуанэм ирокІуэ. Студентхэм фІыуэ къалъагъурт Абдул, и лэжьэгъуэм я деж пщІэ щІэт. НэгъуэщІуи ухуэщытыфынутэкъым а цІыху щыпкъэм. Иригъаджэхэр абы зыщигъэшынэртэкъым, дэтэнэми гуапэу хущІэт, студентым бгъэдалъ щІэныгъэр гупсэхуу къыхутэрт, зыгуэр къагурымыІуамэ, ар зэхэхауэ я пащхьэ ирилъхьэжырт. И лэжьэгъуэхэраи, псоми я чэнджэщгъуэт, дэтхэнэми зэрыхуэкІэ дэІэпыкъурт, езым ищІ операцэ хьэлъэхэм кІэлъыгъэлъэрэ, абыхэм щІэ куэд къариГъащІэрт, сытым дежи и щІэныгъэм, Іэзагъэм хигъахъуэу апхуэдэти, абыхэмкІи ядэгуащэрт. Абы и фІыгъэкІэ медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, доктор хуьхэр куэдщ. Ящыгъупщакъым и лэжьэгъуэ щытахэми и гъэсэнхэмэ Гъащтэр. Абы и щыхьэтщ гу-лъынтхуэ хирургиемкІэ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор япэ дыдэу ди республикэм щыхъуэ Гъащтэм и фэеплъыр щІэныгъэ-практикэ конференцэр ильэс зэхуэмыдэхэм зэрырагъэкІуэкІар.

Сымаджэхэми езым и бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ хьахуиГъуэтыжырт а цІыху телъыджэм. Псом япэрауэ, узым зэщІиубыда цІыхум фІэщхъуныгъэ иритыжырт, сытым дежи нэхъыфІым хуэплъэу, гъэсэхэм ржьэзоІэ:

- ИІэ, фынакІуэ! Хъунукъым лІыгъэ зыхэдмылъхьэу, - къыдызошей, сызэрыпсалъэр къызэхьэлъэкІыпэурэ. ЕрагъкІэ дыдопшей бгым.

- Мес! Мес! - жаІэу зэрыгъэкІий макъ зэхьидох. Дыкъызэрагъэуар къыщытщІэм ди гур мамыр къэхъэжри, бгыщхьэм дытеукІуриящ псори. ЦІыху гупІыщэ махуитРэ жэщищрэ хъуауэ къытхуэгуэавэрт, а зэманым япэ секретару лэжьа Ахьмэт Мусэбий ХьэпІытІэ и къэрри яхэту. Абы и «Победа» щыхущхэуэ изу ильт ерыскъыуэ кьуажэм дэпльым я нэхъыфІыр. Абы нэмыщІ машинищ щытт шхьн ярызу илъ.

Псори зэрыгъэкІийуэ бгым ныдэпщёйри дыкъралъэфэхьжащ зыгуэрурэ, дэ зыри къытхэттэкъым езыр-езыру къехьжыфын. ЩІалэ цІыкІуийр «Победа»-м, адрейхэр машинэ кУэзм дгагъэтІысхьэри дыкъашэжауэ щытащ.

Максим и сабиигъэм къыхуихуащ апхуэдэ гугъуехь куэд, ахэр щыжиІэжкІи, а къэрхэр къыфІекІуэу апхуэздэщ. ЩІалэ цІыкІуэр гулъытэншэу кьагъэнакъым кьуажэ унафэщІхэм, абыхэм щытхьу тхьылъхэр хуагъэфащэуэ щытащ. Езыхэми сыт щыгъуи фІыкІэ яГу кьагъэкІыж а зэманым партым и Бахъсэн район комитетым и япэ секретару щыта Ахьмэт Мусэбий, райисполкомым и унафэщІу лэжьа Сэралъп Залымджэрий, колхозым и председатель Хьэгъэжей Хьэжпагуэ, егъэджакІуэ Іэзэ Къуэныкъуей Шумэ сымэ.

Бахъсэн Максим адыгагъэрэ гущІэгъуэрэ зыхэлъ цІыхущ. Абы и бынищи къигъэтэджащ цІыхугъэ, пэжагъ яхэльу. ГъащІэм зыщцІыуэ гугъуехьэм нэмыщІыж, Бахъсэным ильэгъуащ бын гузэвэгъуи. И щІалэ пажэ Заур ильэс 35-рэ фІэкІа мыхъуауэ дунейм ехыжащ. Ар ГИБДД-м и лэжьакІуэт, хабзэ, нэмыс зыхэлъ щІалэ ахъырзэмант.

Максим ипхъу Ирэ быным я курытщ. Ар унагъуэ дахэу мэпсэу, «Инвитро» сымаджэщым и унафэщІщ. Дохутыр Іэзэм цІыху куэд арэзы ещІ, и лэжьыгъэм фІыуэ зэрыхищІыкІым, бзэ Іофі зэриІэм, хьэл-щэн дахэ зэрыбгъэдэлъым къыхэкІыу. Я щІалэ нэхъыщІэ Борис ОВО-м и инспектор нэхъыщхьэщ, унагъуэщ, щІалэ жьыдэжрщ.

Максимрэ и щхьэгъусэ Тосярэ дохъуэхъу узынщэу, и бынхэм, абыхэм я бынынхэм я гуфІэгъуэ фІэкІа ямылъагъуу иджыри ильэс куэдкІэ яхуэпсэну.

ЩОДЖЭН Риммэ.

● ТхылъыщІэ

Муслъымэн махуэрыбжэ

Ислъам диныр щІыхуэ ящхьыкІын папщІэ куэд зылэжь Тхьэкъуэахъуэ Іэуес дызэрыт илъэсым и Муслъымэн махуэрыбжэ, тхылъ теплъэ иІэу, Налшык къыщыдигъэкІащ.

ТХЬЭР зи фІэщ хъуэхэм Муслъымэн махуэрыбжэр куэдкІэ къаззэрыхуэщхьэпэнум щэч хэлъкъым. Абы махуэ къэс тещІыхьауэ итщ нэмэз уахътыхэм я пІалъэхэр, дыгъэр къыщыщІэкІыр, мазэр къыщыунэхур. КъурІэн лъапІэм и Іэятхэр, хьэдисхэр, гъащІэм къыщысэбэпыну ущие, чэнджэщ щхьэхуэхэр тхылъым куэду къыщыхьащ.

КъищынэмыщІауэ, къыхэгъэщыпхъэщ дуней псор дызытет махуэрыбжэми, муслъымэнхэм къздгъэсэбэп хьиджрэми ятеухуауэ ар зэрыуб зыхуар. Тхылъыр къызэрыдэкІар адыгэбзэкІэщ.

Муслъымэн махуэрыбжэкІэ къыщыпщэху хъунущ ислъамым пыщІа хьэпшыпхэр щащцу ди республикэм щыІэ тыкуэнхэм.

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

Тыркумэнбаши и щІыхькІэ

Ашхабад дэт «Туркуменбаши Рухы» мэжджытыр Азие Курытым щынэхъ ин дыдэу ябж. Абы цІыху мини 10-м зэуэ нэмэз щащІ мэхъу.

Тыркумэным и хьалащхьэм Тхьэм мы и унэр 2002 - 2004 гъэхэм щаухуащ. Абы и инагъыр метр зэбгъузэнатІэ мин 17.672-рэ мэхъу. Азэн джанІэу ильэс иІэщи, я лъагагъыр метр 91-рэ мэхъу.

«Туркуменбаши Рухы» мэжджытым и ухуэнысым доллар мелуани 100-м щІигъу трагъэкІуэдащ.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэщ.

● Зэпеуэ

Ислъам диныр дывгъэгъэлъапІэ

Ислъам диным теухауэ усэ зэхэлъхьэныкІэ зэпеуэ зэхьдоублэ. Гукъыдэж зиІэ псори кьыдогъэблагъэ. Усэхэр ислъам диным и фІагъэм, абы кьызыхуриджэ Іущагъэм, дуней тетыкІэм, нэмэзым, нэщІым, хьэжыщІым, нэгъуэщІ муслъымэн Іуэхугъуэхэми ятеухуауэ жиІэ щытыпхъэщ. Ахэр нэхъапэм зыщІыпІи кьытрамыдзауэ щытын хуейщ. Зэпеуэм щытекІуэхэм папщІэ сагъуэтэжр ягъэуващ: япэр уВыпІэр къэзыкьым сом мини 10, етІуанэм - сом мини 6, ещанэм - сом мини 4.

Усэхэр ебгъэхь хъунущ 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 30 пщІондэ мы электрон хэщІапІэм: **auestk@gmail.com**.

Уплъэ зиІэхэр псалъэ хъунущ мы телефонымкІэ - **8-903-490-41-95**.

● Фи лъэІукІэ

Гъатхэпэм и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	05.12	06.42	12.28	15.32	17.53	19.33
2, блыщхьэ	05.10	06.40	12.28	15.32	17.54	19.34
3, гъубж	05.09	06.39	12.28	15.33	17.55	19.35
4, бэрэжьей	05.07	06.37	12.28	15.34	17.57	19.37
5, махуэку	05.05	06.35	12.28	15.35	17.58	19.38
6, мэрем	05.03	06.33	12.27	15.36	17.59	19.39
7, щбэт	05.02	06.32	12.27	15.37	18.01	19.41
8, тхьэмахуэ	05.00	06.30	12.27	15.37	18.02	19.42
9, блыщхьэ	04.58	06.28	12.27	15.38	18.03	19.43
10, гъубж	04.57	06.27	12.26	15.39	18.04	19.44
11, бэрэжьей	04.55	06.25	12.26	15.40	18.06	19.46
12, махуэку	04.53	06.23	12.26	15.41	18.07	19.47
13, мэрем	04.51	06.21	12.26	15.41	18.08	19.48
14, щбэт	04.50	06.20	12.25	15.42	18.09	19.49
15, тхьэмахуэ	04.48	06.18	12.25	15.43	18.10	19.50
16, блыщхьэ	04.46	06.16	12.25	15.44	18.12	19.52
17, гъубж	04.44	06.14	12.25	15.44	18.13	19.53
18, бэрэжьей	04.42	06.12	12.24	15.45	18.14	19.54
19, махуэку	04.41	06.11	12.24	15.46	18.15	19.55
20, мэрем	04.39	06.09	12.24	15.46	18.16	19.56
21, щбэт	04.37	06.07	12.23	15.47	18.18	19.58
22, тхьэмахуэ	04.35	06.05	12.23	15.48	18.19	19.59
23, блыщхьэ	04.33	06.03	12.23	15.48	18.20	20.00
24, гъубж	04.32	06.02	12.22	15.49	18.21	20.01
25, бэрэжьей	04.30	06.00	12.22	15.49	18.23	20.03
26, махуэку	04.28	05.58	12.22	15.50	18.24	20.04
27, мэрем	04.26	05.56	12.22	15.51	18.25	20.05
28, щбэт	04.24	05.54	12.21	15.51	18.26	20.06
29, тхьэмахуэ	04.23	05.53	12.21	15.52	18.27	20.07
30, блыщхьэ	04.21	05.51	12.21	15.52	18.28	20.08
31, гъубж	04.19	05.49	12.20	15.53	18.30	20.10

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ Іапізм къыдитащ.

Зауэм и лъэужьым ирикІуахэр

● ГъащІэ

Зауэм и лъэужьыр зэманым щІиуфэу къыпфІигъэщІ щхьэкІэ, абы къулейсызыгъэ къытхуихьар псалъэкІэ къыпхуэмыІуэтэным хуэдизщ. Хьыбарыншэу ІкІуэдахэм я бжыгъэр къэлъытэгъуейщ икІи абыхэм къыщІамыгъэзэжам и щхьэусыгъуэр нобэр къыздэсам зыми къыбжиІэфынукъым. А зэманым халъхуа сабийхэм я гъащІэри тыншакъым.

ЗЫ ИЛЪЭС закъуэт Максим зэрыхъэр, и адэр зауэм щыдашам щыгъуэ икІи гурыІуэгъуэщ ар абы и нэгум къыщІыхущІэмыгъэхьажыр. Зи псэр ТекІуэнигъэм щІэзытахэм ящыщщ абы и адэ Бахьсэн БетІал. И щхьэгъусэ ФатІимэт ар зэрымыпсэужым и хьэбар къыщыІэрыхьам, и фІэщ хуэщІакъым икІи БетІал къэкІуэжыным и гугъэр химыхьжу пэлпащ. Куэдрэ жаІэж: «БетІал и фэеплъ къыщІэна пыІэм ечэнджэщ защІэуэрэ и бынищыр зэщІипІащ ФатІимэт».

Максим быным я нэхъыщІэт. Ар жыІэщІэ цІыкІут, и анэм зэрыдзІэпыкъуным хущІэкъурт. Апхуэдэурэ еджапІэм щІотІысхьэ, гъэмахуэ зыгъэпсэкуГъуэхэм дежи губгъуэм яшэу щІадзэ, и Іэпкълъэпкъыр пэжыгъэм йосэри, гъащІэм лъэ быдэкІэ хоувэ. Класс нэхъыжьхэм щынэсым губгъуэм жэщхэу дашырт. А зэманым къэрал унафэр ткІийт, жаІар умыщІэныр кьемызэгът.

- Ди егъэджакІуэ Къуэныкъуей Шумэ ди гъусэу щІалэ цІыкІу 14 дыхьуу мэкъуауэ дыкІуэну гъэзэгу дытеуат, - игу кьегъэкІыж Максим. - МэкъупІэм удэкІын щхьэкІэ километриплІым щІигъу пкІун хуейт. БгыпІэт, гъуэгум и задагъыр егъэлеяуэ шынагъуэт. МашинэкІэ дыдашну тегушхуахэ щхьэкІэ, ар хъунутэкъым, ерагъкІэ лъэсу удэкІыф кьудейт абы. Ди телІэнщІэлъынэкъри, ди щы-гъынэкъри, ди шхынэкъри, ди щэмэджкъри плІэкІэ дэтхэн хуей мэхъу. Апхуэдизэ хьэлъэр мэкъупІэм нэс тхузмыхьу гъуэмылэ зэрылъ къэпхэр, кумб гуэрхэр иІэти, абы щыдгъэтІылъауэ щытащ.

Зауэ нэужьым къэралыр къулейсыст сыт и лъэныкъуэкІи, хэщІынигъэу щІыхущхьэкІи иІэм и къащхьэкІи, абы кІэщІри къэкІуэжмэ къуажэдэсхэмрэ ныбэкІэ хуабжу гугъу ехьырт. Ерыскъыуэ тІыгъри зэрыхъуКІэ здгъэзэхуа пэтми - дрикъуакъым. Умышхэмэ, лэжьыгъэ хьэлъэр пхуэгъэкъарууныгъэкъым. Арати, гъуэмылэ къытхуихьну КъуэныкъуЕй Шумэ мэкъупІэм къеХьажащ, щІалэ гупІэр губгъуэм дыкъинэри. Зы мафІэ махуи, махуитІи, тхьэмахуи кІуащ - ди нэхъыжьыр къэкІуэжыркъым. АпхуэдизкІэ шхын щхьэкІэ дылІэрти, дылэжьэн дэнэ хэна, дыкъэмытэджжьыф дыхъуащ. Дымэхыу, лъэрымыхь дыдэ дыхъуу щыщІэддзэм: «Ярэби, мэзым щытшхын щыдгъуэтыну пІэрэ?» - жьитІэри дежьащ. Абдежи ди Іуэху къыщикІакъым. Къэбістафэ, кІэртІофыфэ хыфІэдзэжауэ щытахэр къэтщІыпыжурэ дошх, ауэ ари куэд хъуртэкъым и доух. Гъуэ-мылэхьэ кІуа ди нэхъыжьыр къэмыкІуэжу зыщІигъэгъэвэм, псори арэзы дызэдохъури дыкъожьэж.

● Фэеплъ

Гуимыхуж Гъащтэ Абдул

щІэр фІыуэ яІагъуэу зэрыщытыным къыхуриджэрт.

Медицинэр Іэщ Іагъэр къыхихами, нэгъуэщІ унэтІыныгъэ куэдми Абдул хъарзынэу хищІыкІыт. Абы фІы дыдэу ищІэрт математикэр, тхыдэр, литературэр. Сыт хуэдэ Іуэху утемыпсэлъыхьми, узэрэгъэгъэщІэгъэнэ къыпхуэхъуфынут. Егъэлеяуэ гурыхуэт. Абы гукІэ ищІэрт Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Некрасов Николай, Есенин Сергей, Щоджэнцыкіу Алий, КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ, нэгъуэщІ куэдми я усэхэр, я тхыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэр.

Гъащтэ Абдул и ныбжьыгъуэхэм ягу кьинащ гушыІэ дахэ зыхэль, хьыбар жьІэжькІэ зыхуэдэ щымыІэ цІыху нэжагужэу. «Ар сытым дежи и псалъэм тебгъуэтэжырт. И ныбжьэгъуэхэм кьызэрыгъэщІыжырт щІэныгъэлІым

Мурат Чэпай и гукъэкІыжхэр

Си гъащІэ - си дуней

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №34-м)

ЛІЭЩІЫГЪУЭМ щІигъуащ адыгэхэм я хэкужьыр зэрырагъэбгынэрэ, дунейм текІуэха къуащ шэрджэхэм я нэхъыбапІэр, Іэджэрэ ихуащ кІуэдыпІэ. Ухэхэсыным нэхърэ нэхъ насыпыншагъэ щыІэнкІэ хьунукъым. Я бзэр, я хабзэхэр, я щэнхабзэр хамэ къэралым зэрыщахъумэфам щхьэкІэ фІыщІэ лей яхуэфащэщ нобэ дызыгъэхьэщІэ ди бысымхэм. Уи гур хохъуэ, уи щхьэр лъагэ мэхъу абыхэм уащыхэплъэкІэ. Хэхэс зэрыхъу лъандэрэ я нэгу Іэджэ щІэкІащ адыгэхэм - гуауи гугъуехьи, гукъутэгъуи нэщІэбжьи. А псоми кьелащ адыгэхэр. Кьелащ я гуащІэр инти, зэрыадыгэм иригушхуэрти, абы къару къахилъхьэрти. УрихьэлІэнкІэ хъуркъэ апхуэдэ къарум иримыгушхуэ, нэуфІыщІыхьэрыуэкІэ зэджэ цІыху къэплъэнэфхэм. Апхуэдэхэм къапэкІухьын хуейщ, нобэрей щІэблэм щапхъэ яхуэхъунукъым зи гугъу ещІыхэр.

Ди бысымхэм я концертым драгъэпльа нэужь, чэзуэ дэ кьыгтпысати, ПащІэ Ленэщ утыкум япэу ихьар. Ленэ и макъ дахэм итхьэкъащ пэшышхуэм щІэс псори. Щым хъуауэ, бысымхэр йодаІуэ «Истамбылакіуэм». Уи нэпсым къызэпежьхь а уэрэдыр щызэхэпхкІэ.

Макъ дахэ дыдэкІэ Тхьэр Ленэ кьыхуэупсащ. Уэрэдым и закъуэкъым ПащІэм уэзритхьэкъур, ар икІи актрисэ дэгъуэщ, сценэм ихьамэ, щІыкІафІэщ, удехьэх. Америкэм маззкІэ дыщІэзэгъуэти, гу лъыстащ: ПащІэ Ленэ сыт щыгъуи хуэхьэзырщ сценэмрэ уэрэдымрэ, аращ къэзыхуигъэщІар, абы и уэрэдым гуэзгъэгъуэ зримыта яхэслъэгъуакъым ди бысымхэм. «Ди Ленэ дахэ!» - араща абы и уэрэдым едэІуахэм ящыщ дэтхэнэми жиІэр. ЦІыху щэнфІэщ езыр, цІыхугъэшхуэ дыболъагъу сытым щыгъуи - уэрамым ущригъусэми, Іэнэм ущыбгъэдэсым дежи.

Мэкъуауэ Мухьэмэдщи, пшынэр дахэ дыдзу егъэбзэрэбзэф, Іэпэ Іэсэщ, уэрэдым щыдежьукІэ тІури - уэрэдри макъамэри - зэрегъэубыдыф, ахэр кьиззэдигъэщІауэщ кьиззэрыпфІигъэщІар. Ар хуэзфІокІ пшынауэ Іэзэм - апхуэдэщ Мэкъуауэ Мухьэмэд.

Мухьэмэд и пшынэ макъым ди бысымхэр - «Мерриот»-м щІэс псори - зэщІиІэтащ, кьигъэнэжэгужащ, хэкужьым нэс кьиІуІ макъ хуэдэущ ар концертым кьорихьэлІахэм кьаззэрыщыхьуар. А пщыхьэщхьэм и ужькІи слъэгъуащ Мэкъуауэ Мухьэмэд цІыхур кьиззэрепщІыр: абы и кьафэхэмрэ и пшыналъэхэмрэ магнитофонкІэ ятхри, зыгъэпсэхупІэ ирагъахуэркьым, дэнэ щримыхьэлІэми, щІалэгъуалэр абыкІэ къелъэІу зэпытщ.

Сэ уэрэдым сыхуэзхейщ, абы сыкъыхуигъэщІакъым, итІани, си мыхьэмышхкъым ар, жысІэн сфІэфІщ. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я деж сыщрихьэлІащ зыбжанэрэ: сэ жысІэ уэрэдхэр тхауэ зэрахь. Макъ щІагъуэ симыІэми, сэ жысІэ уэрэдхэр си гущІэм кьоІукІ, кьару гуэркІи суэздыну си гугъущ. УэрэдкІэ схуэзфІэкІынур сощІэж сэ, абы кьыхуигъэщІахэм сехъуапсэ фІэкІа, сефыгъуэркьым. Си макъыра хьэмэ еэзы уэрэдхэра я гум дыхьэр - ар схуэзэхэчунукъым. ПщІыр сыткІэ щхьэпэ: сэ жысІэ уэрэдхэмри куэдым ягу ирохь, щІэупщІэ яІащ, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр зэкъым-тІэуькьым абыхэм кьаззэрыщІэупщІар. Сэ кьызгуроІуэ: ахэр зыщІэупщІэр сэ жысІэ уэрэдхэракъым, зыщІэупщІэр я хэкужьырщ, абы и макъщ зызыщамыгъэнщІыр. Си уэрэдхэр мыпщІэгъуалэми, ди хэкум и макъ зэрызгъэІуфым сропагэ сэ, сроГушхуэ си лъэпкъэгъуэм я гум жьы дезгъэхун зэрысхуэзфІэкІым.

Ди зэІущІэм и кІэм иплъэным хуэпІащІэ щІэслъэгъуакъым а жэщым «Мерриот» шхапІэм. Жэщыбгр хъуарэ пэт, я унэ ихьэжьи мурад ямыІэ хуэдэщ псоми - я тхьэкІумэ тегъэхуауэ кьыдодаІуэ, я нэр ттрагъэкІыркъым. Ди лъэпкъэгъуэм я закъуэкъым кьыдэплъымрэ кьыдэдаІуэмрэ: я Іуэхур кьагъаназэри, плъакІуэ кьытхуэкІуащ рестораным и лэжьакІуэхэр, ахэри кьытщогуфыкІыну, нэІуасэ зыкъытхуэщІ я гуапэщ. Совет Союзым, Кавказ жьижьэм я хьыбар кьыщІоупщІэ. Ди зэхэтыкІэри, ди джэгукІэри яфІэгъэщІэгъуэнщ американхэм. Зы зыщамыгъэнщІыхэр адыгэ фащэрщ, абы пэпщІ хьун ялъэгъуакъым зэи. Ар фэрыщІыгъэкъым, ди гуапэ ящыщ щхьэкІэкъым апхуэдэ псалъэ щІыжаІэр - абы гу лъымытапІэр иІэкъым. Видеокамерэр ягъэтІылъыркъым - дэ тхуэдэ ялъагъужьыни ямыпльагъужьыни дяпэкІэ. ЕгъэлеиуэІ ящІэрэщІэгъуэныр черкесхэм далъагъу нэмысымрэ цІыхугъэмрэщ. ЦІыху щэнфІэщ езыхэри, хабзэ кьыпкІэлъызэрахьэ, ямылей жаІауэ е ялэжьауэ плъагъуныкъым.

«Мерриот» рестораным жэщыбг хъуху дыщызэхэтати, ешаи псалъэмакъыншэ хъуаи кьытхэткъым. Жэщыр зэрыхэкІуэтар пщІэнущ, кьалэм удэпльэмэ: машинэ закъуэтІакъуэщ гъэгум теплъагъуэр.

И унэ ихьэжьынымкІэ зыпІащІэ яхэслъэгъуакъым цІыхухэм. Шыкъ Мухьэмэд Хьид и пщІантІэм зы гуп дыдыхьэжащ, джэгур щыдублэжащ абдежи.

Нэхулъэ кьищІауэщ бысымкэр щызэбгрыкІыжар. ЗезгъэщІа щхьэкІэ, жейм сыхилъасэркъым, бзуэм я макъым сыщІодэІури сыхэлъщ. Мазэ хъуреишхуэр кьыдоплъ щхьэгъубжэм. Си нэгу кьыщІоувз си анэр. Дыгъуэпшыхь сызыхэтар ищІатэмэ, ар гуфІэнт, и нэбдзыпэ зэтрилъхьэмэ, сэрагъэнщ си анэ дыщэм и нэгу кьыщІыхьэр.

Зэдэшхэ Іэфіщ

ШЫКЪ Мухьэмэд-Хьидрэ Шогуэ Самирэ программмэр зэхалъхьаГъэхэзти, абы дригъэзэн хуейуэ кьыдаухьлІащ. Пщэдджыжьышхэ дышхакъэ, драшажьэри кьалэм дыкъыщрашэкІ. ГъэщІэгъуэн Іэджэ щыплъагъунущ Анахайм. Я музэйр сыт и уасэ! Уи нэр кьыпхухтехыркъым абы щІэлъ хьэпшыпхэм. США-м щыщІэрыІуэщ кьалэ театрыр - абы шы щагъэджэгу, жьажьэ кьикІ зыплъыхьакІуэхэр щІэхщІэхьуэрэ кьызэкІэлъэкІуэ.

Пщэдджыжьым дыщышхэр Шыкъхэ Мухьэмэд-Хьидрэ Хьэятрэ и унэрщ. ПщІантІэр щІэращІэщ, зэлъыІухащ, кьабзэлъабзэщ, удэпІщІэщ, зы хуэрэджей жыгышхуэ дэтщ. ПщІантІэр соткэ зыбгъупщІ хуэдиз мэхъу. Сириеращ Мухьэмэд-Хьид кьыщыхуар, абыи щІэщ унэ.

Унэгуащэр щІыкІафІэ дыдэщ, нэмысышхуэ зыхэлъ бзылъхугъэщ. Ар Шогуэ Самир и шыпхъущ. Іэнэм кьытригъэувэмрэ тшыпмрэ фІэмащІэщ Хьэят. Іэнэм дыпэрытІысхьамэ, шхыныгъуэ тІощІым нэс кьытрегъэувэ. Адыгэ шхыныгъуэхэри хьэрыпІ шхыныгъуэхэри егъэхьэзыр унэгуащэм. Абы игу кьеуэр а псор зэрыдмыгъэкІуэщІыфырщ. Унагъуэм ис псоми машинэ зырыз яІэщ, итІысхьи, кьалэм дыхьэ – узыхуэй щыбгъуэтынущ.

Пщэдджьыжь Іэнэм дыпэрытІысхьамэ, ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ сэрэ ялъэ дыздэІэбэр шэ гъэпщтаращ, абы и ужьклІэщ адрей шхыныгъуэхэм, пхъэщхьэмыщхьэм дыщынэсыр.

Дыкъэмытэджьыж щыкІэ пщІантІэм ди хэгъэрей гуэр кьыдыхьамэ, ари гъусэ дощІ - ди гуапэщ, ди щІасэщ, араща «Зэдэшхэ Іэфіщ», - щІыжаІар.

Іэнэм дыкьыпэрыкІыжамэ, драшажьэ – дымылъэгъуар дагъэлъагъун, дымыщІэм щыгъуаэз дыхуащІын щхьэкІэ.

Ди нэ къызыхуикІ

СЭ СЫАРТИСТЩ, сымыартистами, си нэ кьыхуикІ зэпытынут дуней псом щыщІэрыІуэ киностудием – Голливудым. ЦІыху мелуанипщІ зыдэс Лос-Анджелес къалэм дэтщ а киностудиер. Ар зэдэщІэ хьэблэм дэсхэр псори артистщ, псэуКІэфІ яІэщ абыхэм, зыхэнэкьуэ щыІэкъым, унэ дэгъэзэн щопсэу. Артист цІэрыІуэ куэд щылэжьащ Голливудым, абыхэм я фэеплъым хуосакъ нобэрей щІэблэр.

Махуэ кьэс цІыху мелуаниплІ щызэблокІ Голливудым. Зы махуэкІи пхузэфІэкІынукъым, киностудие абрагъуэр кьызэхэпкІуухьи мурад пщІамэ. ДэнэкІи зыгъазэ – къабзэлъабзэщ, гъэзугхэми лъагъуэхэми техьи, уигу пэщыхь кьэкІухь, зыщІыпІэ дежи щыпльагъунукъым тхьапЫмпІэ кІапэ. УэримыхьэпІэххэнур псэущхьэхэщ – Іэщ е джэдкъаз, ахэр щыпльагъунур киностудием убгъэдэкІрэ жыжьэ уІукІуэта нэужьщ. Голливудым щытраха фильм гуэрхэр тлъэгъуащ ди щІалэгъуэм. Дигу къэдгъэкІыжынщ «Тарзан»-р - мы киностудиеращ ар щытрахар. ЦІыху Іув щызэхэзокІуэ Голливудым и унэхэм, пщІантІэхэм - абыхэм я зы кІапэщ махуэр зи кІыхьагъым узыхэнэсынур, ари мелуаниплІым уахэззэрыхьауэ. Уахэззэрыхьа щхьэкІэ, гуІуэщэнкьым: дэтхэнэ лъагъуэми гъуазэ гуэр иІэщ, уигъэщхьэрыуэнукъым. Гуэзвэгъуэ хэхуауэ зы цІыхуи щыплъагъунукъым Голливудым, ягурэ я щхьэрэ зетлъщ псоми, Іэдэбщ, щэнфІэщ дэтхэнэри. Голливудым теухуауэ стхыр я фІэщ мыхъункІэ сошынэ. Си нэкІэ сымылъэгъуатэмэ, сэри си фІэщ мыхъунри хэлъ: а псори тщаБзыщІауэ дыкъагъэтэджащ дэ.

Голливудым щылажьэ артист зыбжанэм сазэрыІущІар си гуапэ хуауащ. ДызэрыщІыхури, псэлъэгъу дызэхэхъэуащ. СыкъыздикІар щажесІэм, я нэр кьыстраубыдэри, ней-нейуэ кьызэплъащ: «ЗэуакІуэ укъежьа?» - жаІагъэнщ ягукІэ. Дауи, зэуакІуэ сазэрыхуэмыкІуам щыгъуаэз хъунт ахэр – хьыбар Іэджэ зэхахьри, арагъэнщ кьызыхахар. Ней-нейуэ кьызэплъахэр щІэх дыдэ нэжэгужэ кьэхъужащ, ныбжьэгъу дызэхуэхъуауэ дызэбгъэдэкІыжащ...

Пщым лъакъуэ щІэткъым

КАЛИФОРНИЕМ дыщыІэху, етІысхьапІэ димыІами ярейщ: пщыхьэщхьэ хъуамэ, унагъуэ гуэр дохьэ, абы жэщыбг хъуху дыщызэхэсщ, жэщ ныкъуэм нэгъэщІэ зы унагъуэ дрегъэблагъэ. ДызыгъэхьэщІэм и унэм лъагъунлъагъу кьакІуэр мащІэкъым. Унэм дыщыхьэкІэ вакъэр лъыдагъэхыркъым - ар Америкэм щымыхабзэущ кьызэрыджаІэр. Дэнэ деблагъэми, щынэ е гуэгуш гъэжьауэ Іэнэм кьытралъхьэ. Джэд зззэмызэщ щытлъагъур. Іэнэм кьытралъхьэ адыгэ пІастэ, бжьыныхуу шыпс, кхъуейжьапхъэ, американ, хьэрпІ щхьныгъуэхэри кьыщІагъу. Адыгэ шхыныгъуэхэм пащІ щыІэкъым – абы гу лъыстащ, дэнэ унагъуэ симыхьами. Фади кьытрагъэуэвэ Іэнэм, еІуб фІэкІа ирагъэлейркъым.. Къэхьауэ, (кофе), шей – абыкІэ щІачэркъым, зэпамыгъэуухэр тутынырщ. Хъуэхъу кІыхьыр яфІэфІкъым. Пшынэр къащтэ, шхэныр зэфІэкІамэ. Нэхущ хъуху зэпыунукъым абы и макъыр.

НэгъуэщІ къэрал кьикІауэ хьэщІэ къахуэкІуамэ, дэ дыззэрыс унэм нрашэ – ар хабзэ яхуэхъуащ Шыкъхэ дззэрыхьхьэ лъандэрэ. Дыуэршэрурэ дызэхэсщ кьытхуеблэгъамрэ дэрэ. Ди программэм кьызэрыщагъэлъэгъуащи, кьыщІэупщІэмэ, уэрэд кьыхыдодзэ, абы псори кьыдожьу. Дешауэ, жей дыхуэныкъуауэ кьыххэдгъэщыркъым, яфІэгуапэр яжетІэмэ, и гур дгъэзагъэмэ, дэ нэгъуэщІ дыхуейкъым. Уэрэдым кІэлъокІуэ хьыбархэр – бысымми кьытхуеблагъэхэми зыщІэупщІэн я мащІэкъым. ЗэрыгурыІуэгъэщи, нэхъыбэрэ зыщІэупщІэр хэкужьым и хъыбарщ: сыт я псэукІэ Кавказым кьинахэм, сыт я ІуэхущІафэ? ПІэщІыгъуэм куэдкІэ щІигъуащ ахэр адэжь щыналъэм пэІэщІэ зэрыхъурэ. Нобэ сыт я дуней ди лъэпкъэгъуэхэм? Абы и пэжыпІэр ящІэмэ, я гукъыдэжыр нэхъ ин хъуауэ фэ яболІ.

Хэкужьым къикІахэм ябгъэдэсщ нобэ, йоуэршэрылІэ. ІуэрыІуэтэжурэ зэхах хъыбарым нэхърэ нэхъ яфІэкъабылщ дыгъунлъагъу къэкІуа хьэщІэхэм я псалъэр. Хэкужьым къикІауэ артистхэр, пшынауэхэр я щыпэлъагъущ бысымхэм, абыхэм зэрабгъэдэсым иропагэ, я нэм, я псэм дыхуахь, зыкъытщагъэнщІыркъым, я упщІэкэр куэд дыдэщ. ЗэрытхуэзфІэкІкІэ жэуап идот, зыри щІэдуфэркъым, ящыдбзыщІыркъым. Пцым лъакъуэ щІэткъым, нобэ пцы яхуэдупсмэ, пщэдей кьыщІэщщыжынущ – ди напэр щытекІар итІанэкъэ!

Нэху кьыттещхьэху дыпсалъэу дызэрыщысар ящІэрэ пэт, пщэдджьыжьым жьыуэ лъэІуакІуэ кьытхуэкІуэри мащІэкъым: «Сыхьэт ныкъуэ нэхъ мыхъуми, си унэ фынихьэ!» «Хэкужьым къикІауэ хьэщІэ исащ абы и унэм», - аркъуэдейр Хасэращ, Бжьэдыгъу Хасэраркъым. Бжьэдыгъуэхэм уахьихьэмэ, къэбэрдейхэм яфІэфІ хъущэнукъым, уеблэмэ я жагъуэ хъунущ. КъыбгурыІуэрэ ар?

- Ар хъун? – сыкъэуІэбжьащ сэ. – Сэ Адыгейм сыкъикІащ. Адыгэкъэ бжьэдыгъухэр? Емыкіу длэжь хъурэ? Ягу кьыдэбгъэнкъэ?

- ЕмыкІуми екІугъэми, араща Іуэхур зытетыр. Бжьэдыгъуэхэм уахьихьэмэ, къэбэрдейхэм яфІэфІ хъунукъым, - аргуэру мэгушыІэ Мухьэмэд. - Ар жысІэ лэгъу укъызэдэмыхьэумэ, дыкІуэххэнкъым. Ар жысІэ щхьэкІэ, дыкІуэн хуейуэ кьыттохуэ: мыбы дыкъыщыса махуэм щыщІэдзауэ кьызолъэІу къэбэрдейхэр, дахэмыхьэмэ, я гум деуауэ аращ, зыкъытхуагъэгусэнущ, - трегъэчыныхь иджы ХьэфІыцІэм.

- Бжьэдыгъухэм я хасэм сыхамыгъэхьэн ялъэкІынкъым, - жысІащ сэ. – СыщыхэбгъэзэныкІэ, сыныбджІэнщ. Бжьэдыгъури къэбэрдейри зыщ си дежкІэ – зэхэдз сщІыркъым.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Сан-Францискэ и лъэмыж плъыжьым деж.

Будэ ди щыхьэту лъэпкъ Іуэхум дытопсэлъыхь ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ сэрэ. *Сан-Францискэ. 1989 гъэ, накъыгъэм и 15*

Лас-Вегас и жэщ хьэщІэхэр: Мурат Чэпай, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, Джэтауэ Самир.

Диснейлендыр бысымхэмрэ хьэщІэхэмрэ кьыдоплъыхь.

Анахайм и зыгъэпсэхупІэм уэрэд кьыщызэош.

Нью-Йорк дэт Къэбэрдей Адыгэ Хасэм дрегъэблагъэ

ПЩЫХЬЭЩХЬЭКІЭРЭ дыщызэІущІэхэм деж цІыху Іущ куэдым нэІуасэ дахуэхъуащ. Абыхэм ящыщыт ЛЪэщэрыкъуэ Іэюб. Сирием къикІауэ, адыгэ ІуэрыІуатэр (хъыбарыжьхэр, таурыхъхэр, псысхэр, уэрэдыжьхэр) зэхуехьэс абы. Іэюб пщыхьэщхьэ зыбжанэкІэ ди гъусащ, и ныбжь хэкІуэтами, цІыху жанщ ар, лъэрызехьэщ, гурыхуэщ. Адыгейм исщ Іэюб и унэкъуэщ, ди пшынауэ Іэзэм, ЛЪэщэрыкъуэ Ким, и хъыбар щыгъуазэщ. Іэюб абы фІэхъус гуапэ кьыхуэзигъэхьыжащ.

Хамэ къэралхэм кьикІыурэ адыгэ куэд кьыткІэлъэкІуэ хъуащ иужьрей зэманым, дяпэкІэ нэхъыбэж хъун си гугъущ ахэр. Дызэрыт зэманым и фІыгъэщ ар, ди деж лъэгъунлъагъу къэкІуэнум пэрыуэн щыІэжьхьм. Ди жагъуэ хъур нэгъуэщІщ: зыплъэхьакІуэ, лъагъунлъагъу къакІуэ фІэкІа, хэкужьым щетІысэхыжьын мурад зиІэр мащІэщ. ДызэпыІудзауэ щытащ нэхъапэІуэм, дызэкІэлъыкІуэн кьыдэхъуІащэртэкъым, лъэпощхьэпор, щхьэусыгъуэр ди мащІэтэкъым - дэри хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэми. Иджы, Тхьэм и шыкурщи, ди бжэр зэІуХащ, лъакъуэпэщІэдз кьытхуащІыжьркъым, дызэкІалъыкІуэнуми дызэрылъагъунуми дэращ зэлъытащ - ди жэрдэмрэ ди гукъыдэжрщ. Лъагъунлъагъу укІуэнри кьыпкІэлъыкІуэнри хъарзынэщ, ауэ аркъуэдеймкІэ зэфІэкІынукъым, абы Іуэху куэд кьыкъуэкъыкІынущ. КьылъыкъуэкІын хуейщ, дыадыгэмэ, ди лъэпкъым и гукъуэгъэ, и гуращэр зыхэтщІэмэ...

Апхуэдэ гупсысэм сыхэджэрэзауэ сыздэщысым, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд унэм кьихьэри кьызэжиІащ:

- Нью-Йорк дэт хасэм дрегъэблагъэ, кьыттоплъэ, зы тхъэмахуэ хуэдэкІэ дахэтмэ, я гуапэ хъунущ.

Мухьэмэд кьызжиІар си гуапэ хъуащ.

- Апхуэдэ лъэІу щалэкІэ, дыкІуэнщ, дахьихьэнщ, дгъэщІэхъункъым, - арэзы сыхъуащ сэ.

- Дезыгъэблагъэр Патерсон дэт Къэбэрдей Адыгэ Хасэращ, - жиІащ Мухьэмэд. Заулкіэ зиІэжьэри, сэмэркъоуэрэ кьыщІигъужащ: - Дезыгъэблагъэр Къэбэрдей Хасэращ, Бжьэдыгъу Хасэраркъым. Бжьэдыгъуэхэм уахьихьэмэ, къэбэрдейхэм яфІэфІ хъущэнукъым, уеблэмэ я жагъуэ хъунущ. КъыбгурыІуэрэ ар?

- Ар хъун? – сыкъэуІэбжьащ сэ. – Сэ Адыгейм сыкъикІащ. Адыгэкъэ бжьэдыгъухэр? ЕмыкІу длэжь хъурэ? Ягу кьыдэбгъэнкъэ?

- ЕмыкІуми екІугъэми, араща Іуэхур зытетыр. Бжьэдыгъуэхэм уахьихьэмэ, къэбэрдейхэм яфІэфІ хъунукъым, - аргуэру мэгушыІэ Мухьэмэд. - Ар жысІэ лэгъу укъызэдэмыхьэумэ, дыкІуэххэнкъым. Ар жысІэ щхьэкІэ, дыкІуэн хуейуэ кьыттохуэ: мыбы дыкъыщыса махуэм щыщІэдзауэ кьызолъэІу къэбэрдейхэр, дахэмыхьэмэ, я гум деуауэ аращ, зыкъытхуагъэгусэнущ, - трегъэчыныхь иджы ХьэфІыцІэм.

- Бжьэдыгъухэм я хасэм сыхамыгъэхьэн ялъэкІынкъым, - жысІащ сэ. – СыщыхэбгъэзэныкІэ, сыныбджІэнщ. Бжьэдыгъури къэбэрдейри зыщ си дежкІэ – зэхэдз сщІыркъым.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленниным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.248
Заказ №332